# МАХ ДУГ

3

2012

*БЕСТАУТЫ Гиуæрги*

* * *

Дæ сыгъдæг уды раз кæнын сæркъулæй зоныг.
Цы давы, – дам-дум нæ кæд н' адзалмæ нымудзы!
Хæрам æм ма фæу – зæххон дуне нæ зоны,
Хуыцауы аргъуаны цы уаз цырæгътæ судзы.

Ам удæй уды 'хсæн æрвон цæдис нæ фæтчы,
Зыдтон æй развæлгъау, – нæ йын уыди ныббарæн,
Рæхысбаст амонды зæххон тыгъдад кæм фæци,
Нæ цинæн райдыдта уым йе 'вæджиау арæн.

Мæ ныфс, мæ бæллицты цы 'рхæндæг сагъæс ризы, –
Æрмæстдæр иунæг, иу – дæ рыст зæрдæ – йæ зонæг.
Æз дæм цæрæнбоны адзалы сæрты хизын,
Дæ сыгъдæг уды раз кæнын сæркъулæй зоныг.



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2012

3
2012

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2012

## НОМЫРЫ ИС:

**Уарзондзинад.** Æмдзæвгæ 5

**Базырджын ныхæстæ** 6

**ЧЕДЖЕМТЫ ÆХСАР: 75 АЗЫ**

*ЧЕДЖЕМТЫ Æхсар.* **Дæ ном.** Æмдзæвгæтæ 9

**ИРОН СЫЛГОЙМАГ** 14, 97

**ЦОМАРТАТЫ ИЗÆТБЕГ: 70 АЗЫ**

*ЦОМАРТАТЫ Изæтбег.* **Зынгхуыст бæллицтæ.** Сæргæндтæ романæй. Кæрон 18

*ГОДЖЫЦАТЫ Нелли.* **Уæддæр æз бузныг дæн хъысмæтæй.** Æмдзæвгæтæ 75

*ЦГЪОЙТЫ Хазби.* **Радзырд, этюд, новеллæ** 82

*ХЪÆЦМÆЗТЫ Азæ.* **Дыууæ æмдзæвгæйы** 90

*БЫЗЫККАТЫ Земфирæ.* **Æмдзæвгæтæ сабитæн** 92

*ÆЛХЪАЦАТЫ Аслæнбег.* **Хъæдгæройнаг хабæрттæ** 95

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**

**Царциаты таурæгътæ** 101

**УИДÆГТÆ**

**Уырнæнтæ æмæ мæнгуырнæнтæ** 119

**АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН**

*ХÆМЫЦАТЫ Фузæ.* **Æвзаг базоныны ахсджиагдæр фæрæзтæй иу** 127

**АРВИСТОН** 131

*Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы*

## УАРЗОНДЗИНАД

*(Баратынскийы мотив)*

**Нæ уарзты карз ронгæй мах баназæм цыбæлæй.**
**Кæд марг у, адджын марг, нæ йæм лæууæм уæддæр.**
**Нæ цины иу исдуг – цы азар у, цы бæллæх? –**
**Æрхуым, уырыд бонтæй куы бафиды нæ сæр.**

**Æхсиды уарзты арт. «У царддæттæг, – фæзæгъынц, –**
**У хос, æвдадзы хос, у амондхæссæг уарзт».**
**Æз дæр æй бавзæрстон: мæ дадзинтæ ныккæрзынц,**
**Æваст куы ‘рымысын... Дæн хаст хæдзарау, хаст.**

**Кæй бон у амарын йæ мысинæгтæ удæн?**
**Хæссынц ын рухс дзæнæт, уыраугæ ристæ уыдон,**
**Æмæ та басгуыхы цъæх уалдзæгау æвзонг.**

**Кæм дæ, сызгъæрин фын, цы дæлдзæхы, цы бæсты?**
**Бæргæ, куы раздæхис, куы дæ фенин мæ цæстæй...**
**Мæ уды дуæрттæ байгом ысты ног.**

*2011.17.12*

# БАЗЫРДЖЫН НЫХÆСТÆ

♦ Сылгоймаг кæм нæ уа, уым æцæг цинæн уæвæн нæй.

*Æнæзонгæ автор*

♦ Сылгоймагæн йæ аиппытæ йæ цæстмæ макуы дар.

*Овидий*

♦ Нæлгоймаг æфсон куы скæна, сылгоймæгты æмбарын, зæгъгæ, уæд уый аив нæу, æцæгæй сæ куы 'мбара, уæд уый та æнæгъдау ми у.

*Генри Джеймс*

♦ Адæймагмæ афтæ фæкæсы, цыма сылгоймагимæ никуы амæлдзæни, цыма сылгоймаджы мидæг æнусон цард ис.

*Александр Введенский*

♦ Сылгоймагимæ ныхас кæнгæйæ цыфæнды зондджын нæлгоймаг дæр ноджы зондджындæр фæвæййы.

*Артур Турнье*

♦ Сылгоймагимæ быцæу кæнын хъæуы зондæй нæ, фæлæ зæрдæйæ.

*Мэтью Арнольд*

♦ Сылгоймæгтæ кæрæдзийæн куы аба кæной, уæд æй æмбар: ныртæккæ сын æндæр ницы куыст ис.

*Байрон*

♦ Адæймаджы æнкъарæнтæ фæцагайынæн сылгоймаг йæхицæй ахæм диссаджы хотых (фæрæз) сарæзта, æмæ йæ цуры

нæлгоймаджы бон æнцад-æнцойæ лæууын нæу. Сылгоймагмæ куыддæр æввахс бацæуай, афтæ дæ йæ сусæг кæлæнтæй сæрра кæндзæни.

*Лев Толстой*

♦ Уасæг хъусæй кæм лæууы, карк та заргæ кæм кæны, уыцы хæдзары æнцой нæй.

*Уырыссаг æмбисонд*

♦ Кæрчытæ уасæгæй хъæрдæрæй кæй кæрты зарынц, уыцы хæдзар тæригъæддаг у.

*Англисаг æмбисонд*

♦ Сылгоймаг æмæ вельможæтæ нæ уарзынц, сæ зæрдæмæ цы нæ цæуы, уыдæттæ сын куы дзурай, уæд уый.

*Пьер Буаст*

♦ Сылгоймаджы ныхæстæй иуыл дæр ма æууæнд, æмæ дыл уæд сайд не 'рцæудзæн.

*Оноре де Бальзак*

♦ Иу зондджын лæг хуымæтæджы нæ загъта, сылгоймæгтæ, дам, сæ фидауцæн йе 'мбисы тыххæй хъуамæ хуыйджытæн арфæ кæной.

*Лопе де Вега*

♦ Сылгоймаджы нæмын ссады голлаг нæмынæй уæлдай нæу: хуыздæр дзы цы вæййы, уый æддæмæ рацæуы, æвзæр та баззайы.

*Францаг æмбисонд*

♦ Хорз хъомылгонд лæг хъуамæ йæ усы рæйдмæ гæдыйы уаст ныккæна: миау!

*Александр Жуков*

# ЧЕДЖЕМТЫ ÆХСАР: 75 АЗЫ



*Æхсар йæ чызг Тамилæимæ.*

*ЧЕДЖЕМТЫ Æхсар*

# ДÆ НОМ

* * *

**Сдзырдтон дæ ном,**
**Æмæ дæ фæстæ**
**Дæсæм аз æнкъардæй чи кæсы,**
**Уыцы зæронд тыргъы дуар байгом.**

**Сдзырдтон дæ ном,**
**Æмæ нæ гыццыл цæхæрадоны**
**Хур бон дæр джихцæстæй чи лæууы,**
**Уыцы къомси бæлас дидинæг ракалдта.**

**Сдзырдтон дæ ном,**
**Æмæ ды афтæ арæх йе ‘вгтæ кæмæн сæрфтай,**
**Уыцы рудзынджы рахиз бæрзонд къуымы**
**Мæ рагбонты стъалыйы федтон.**

## СФÆЛДЫСТАД

**Бон æрцыд,**
**Фæлæ мæ зæрдæйы арвыл**
**Нæй хуры цæст.**

**Æхсæв æрцыд,**
**Фæлæ мæ зæрдæйы арвыл**
**Нæй стъалытæ.**

**Æз та сæм**
**Цæрæнбонты кæсын æнхъæлмæ.**
**Ныр цы зæгъдзынæн Райсомæн?**

* * *

Хус бæлас талынджы,
Цыма хъуыдыдзаст зæронд ус иунæгæй
Иу рох кæрты дуармæ лæууы...

О мæ мад,
Кæд хус бæласы хуызы
Мæ размæ ды рацыдтæ
Æмæ, Рæстæджы ‘гъдау циу,
Уый мын дæ мæгуыр рыст удыл амоныс.
Æз дын афтæ дæр хъусын дæ ныхæстæ:
«Лæджы цард цыбыр у,
Йæ уалдзæг та – ноджы цыбырдæр,
Уæддæр-иу, мæ къона, дæ фæстæ
Рæсугъд фæд ныууадз».

Охх, мæ Мад,
Цард диссаджы цыбыр у æцæгдæр;
Хус бæлас дидинæг куы калдта,
Уæд ма ды æгас уыдтæ,
Æз та – амондджын.

* * *

Уæ, сæ цæрæнбонтæ бирæ уой уыцы хорз лæгтæн,
Сæрыстыр уæвгæйæ,
Сæ фыдæлты зæххыл уæздан цыд чи кæны.
Кæстæры буц чи дары,
Хистæримæ сæмбæлгæйæ, фæндагыл иуварс чи алæууы
Æмæ йын йæ сæры чысыл акуывдæй
Ирон салам,
Рæсугъд æгъдау чи ратты.

Уæ, сæ цæрæнбонтæ бирæ уой уыцы хорз лæгтæн,
Сæ адæмы бафхæрдæй
Быценты мыггагау рынчын чи кæны.
Бахъуаджы сахат
Карды коммæ йæ арм чи дары,

Топпы дзыхмæ – йæ риу,
Афтæмæй Сæрибары тырыса
Бæрзæндты чи хæссы,
Уæ, сæ цæрæнбонтæ бирæ уой уыцы хорз лæгтæн!

* * *

Бæласы фидауц – йæ сатæг къалиутæ,
Йæ хæмпус дидинæг – уалдзæджы дзæнгæрæг.
Фæлæ афтæ рауад,
Æмæ бæласы сау зæнг
Сагъд дурау баззад.

Хæдзары фидауц – даргъдзыкку чызджытæ,
Мидбылты худаг фæтæнуæхск лæппутæ.
Фæлæ афтæ рауад,
Æмæ хæдзары къæсхуыртæ сау ус
Иунæгæй баззад.

Хохбæсты фидауц – æнкъуысгæ уыгæрдæн,
Бон – хуры тынты, æхсæв – стъалыты фысым.
Фæлæ афтæ рауад,
Æмæ æгас уыгæрдæнæй æрмæстдæр иунæг
кæрдæджы хал
Лæугæйæ баззад.

Хуыцауы рæстдзинад цæй мидæг ис,
Уый куы нæ базонон, зæгъгæ, загъта йæхицæн,
Æмæ уыцы иунæг фæлурс халыл
Иу гыццыл Сау Мæлдзыг
Уæларвмæ фæцæуы...

## СЫЗГЪÆРИН КЪАЛИУТÆ

Сæумæрайсомы хурæй
Æмхуызон дыууæ къалиуы, –
Мæ сабидуджы арвыл, –
Уыдон мæ мады хъарм къухтæ сты.

Арынгæй арты цыренмæ
Бирæ фæуадысты дугъы,
Никуы суагътой сæ фæллад.

Уазджытæн
(Афон уа æви æнафон)
Дардтой сæ бæркадæй рухс,
Афтæмæй уыдысты сæхæдæг
Ацы мæнг дунейы уазæг.

Ныр фæлладæй, рыстæй
Мæ мады хъарм къухтæ уынынмæ
Æрцæуын ивгъуыд бонтæм арæх.
Уым сæумæрайсомы хурæй
Æмхуызон дыууæ къалиуы, –
Рухс кæнынц мæ сабидуджы арв.

## МАДУАРЗАГ ЦОТ

О нæ фæллад мад,
Нæ зæрдæты уалдзæг нын ахастай демæ,
Ныр дæ ингæны сау дуртыл Бонвæрнон
Боны хуызæй урс ахстон аразы...
Мах дæр дæ цуры сындзæй халагъуд,
Хъæмпæй арт скæндзыстæм;
Кæд нын нæ къахуынæр,
Не 'нкъард ныхас хъусис.

* * *

Бæлас базæронд æмæ загъта:
«О адæм!
Æз зæххыл хæцынæй бафæлладтæн
Æмæ фæлдæхын,
Фæлæ-иу мæ фæсвæдмæ
Æгады æппæрст ма акæнут,
Мæ ауоны уæ бирæ куы фæдардтон».

* * *

Афтæ мæм кæсы,
Цыма æз никуы цардтæн.

Дæу куы федтон,
Дæу куы базыдтон,
Æрмæстдæр уæд райгуырдтæн
Æмæ цæрын дæр уæд райдыдтон.

Сызгъæрин талатæ суадза мæрдты,
Дæу мæнæн чи сфæлдыста царды.

* * *

Уарыны ставд æртах сæмбæлд мæ рудзынгыл, –
Арвæй мæм хонæг æрцыд.
Зон æй, мæ Ирыстон, æмбар æй, дæ бузныгыл
Алкæд мæ зæрдæ лæууыд.

Охх, ныр фæстаг æхсныф басыгъд мæ рухс зынгыл,
'Рдæгконд мæсыгау – мæ цыт.
Уарыны ставд æртах сæмбæлд мæ рудзынгыл, –
Арвæй мæм хонæг æрцыд.

* * *

Æхсины сау лæг баирвæзт хъуыддагмæ
Æмæ ныр хорзæй нал иртасæм цауд.
Хæмпæлы систой стъалыйау уæларвмæ,
Уæларвæй стъалы хæмпæлмæ æрхауд.

Æрдзон фæтк ничи аивдзæни царды;
Куыдфæнды ма у Рæстæгæн æнхъæл.
Уæддæр йæ бынат стъалыйæн – цъæх арвыл,
Хæмпæлты 'хсæн та фидауы хæмпæл!

# ИРОН СЫЛГОЙМАГ



Адырхаты Светланæ.



Брытъиаты Зариффæ.



Цырыхаты Розæ.



Хъабанты Тамарæ.



*Уыртаты Верæ.*



*Мелыкаты Замирæ.*



*Медойты Светланæ.*



*Дзеранты Венерæ.*



*Байаты Альбинæ æмæ Дудараты Вероникæ.*



*Кокойты Агуындæ.*



*Цоциты Златæ.*

# ЦОМАРТАТЫ ИЗÆТБЕГ: 70 АЗЫ



*ЦОМАРТАТЫ Изæтбег*

# ЗЫНГХУЫСТ БÆЛЛИЦТÆ[1]

*Сæргæндтæ романæй*

* * *

Хæтæнты фæхаттæн æмæ æцæгæлон адæмы ‘хсæн мæхицæн уарзон чызг уырзæй сгарæгау фæцагуырдтон, аргæ та йæ мæ фындзы бын скодтон. Цыфæнды æнæлаз сылгоймагæн дæр йæ хуылфы хæйрæг бады, æмæ йемæ цы хуртæ уынդзынæн, Хуыцау – йæ зонæг. Бас кæй басудзы, уый донæн дæр фу-фу кæны, мæн та цалдæр хатты басыгъта, æмæ мæ аууонæй дæр тæрсын райдыдтон, фæлæ уæддæр разы дæн, мæ хал цы схаудта, уымæй. Æмæ дзы куыд нæ хъуамæ уон разы? Иннæтæй цы мæстытæ фæныхъуырдтон, уыдон мын мæ зæрдæйæ айста æмæ дзы сабыргæнæн æнкъарæнтæ нывæрдта. Раздæрау æхсидгæ не сты, фæлæ – йæхи хуызæн рухс æмæ фæлмæн. Мæ судзгæ рыстытæ мын бамынæг кодта, æмæ мæ нал хъыгдарынц. Хъыгдаргæ нæ, фæлæ ма мын æхсызгон дæр у, Алетæйы фыдæхæй рагацау кæй фервæзтæн, æмæ мыл æнауæрдон цæф йемæ цæргæйæ кæй не ‘рцыд, уый. Зилгæдымгæ йæ æртхутæгау ахаста, æмæ йын фæстæмæ раздæхæн нал и. Йæ гадзрахаты ‘вдисæн ма мæ ныхы сæрмæ чысыл гæмæх тæппæй баззад, æндæр ницыуал. Æууæнк кæм нæ уа, уым уарзондзинадæн

---

[1] Кæрон. Райдайæн кæс журналы 2011 азы 12-æм æмæ 2012 азы 1-аг æмæ 2-аг номырты.

бынат нæй. Уыди дзы ‘рмæстдæр удыскъуынæн низ æмæ мæ Бертæйы фæрцы йе ‘гъатыр дзæмбытæй суагъта. Ныр мын афтæ æнцон у, цыма ‘хсæв-бонмæ мæ хъусты къæр-къæргæнгæ æнахъинон рыстæй мæ уаты къултыл хæрдмæ бырыдтæн æмæ сæумæрайсом хуры зæрин тынты хъармæй сдзæбæх дæн. Кæд та сыдæй мæлгæйæ хус кæрдзыны къæбæрыл фæхæст дæн æмæ йæ дзаджджын уæлибæх æнхъæлын? Нæ, нæ! Ацы хатт мын зæрдæсæттæн рæдыд æруадзæн нал и. Æмæ йæ æниу куыд хъуамæ æруадзон? Дæс азы кæстæр чызгæн мæ цуры рæзгæйæ йæ рæузонд митæй иу дæр куыд нæ бафиппайдтаин? Дзæвгар рæстæг кæрæдзийæ фæиппæрд стæм, æмæ, чи зоны, искæдæм адзæгъæл и. Кæдæм хъуамæ адзæгъæл уыдаид? Гыццылæй тынг хиуылхæст куы уыди, уæд Сыбыры йæ хистæр хомæ цæргæйæ къæссафæлдæхт куыд фæуыдаид æмæ йæ цæсгом куыд бахордтаид? Сылгоймаджы куы бафæнда, уæд кæйфæнды раз дæр сæтæлæгау йæхи бамбæхсдзæни. Алыхуызон гаццатæ дын дæ сæрызонд сдзæгъæл кодтой, æмæ хæрзæгъдау чызджытыл дæр нал æууæндыс, æндæр æй дæ гуырысхотæй афтæ тынг не ‘фхæрис. Уæдæмæ, лæгæн йæ къухы ‘нцонæй цы ‘фты, уый йæ цæсты ницы ахады. Бæгуыдæр ахады. Æрæджы скъолайæ нæхимæ джихтæгæнгæ куы ‘рбацæйцыдтæн æмæ йæ сæ цæхæрадоны куы ауыдтон, уæд цы ‘хсызгондзинад бавзæрстон, уый мæ иу минут дæр рох нæу. Æмæ мæ куыд хъуамæ ферох уа? Цыма йе ‘ппæты ахсджиагдæр хæсты цæхæрæй раирвæзт æмæ йæм сæрæгасæй сыздæхт, уыйау мæм йæхи ‘рбаппæрста. Афтæ тынг баузæлæн и ‘рмæстдæр уарзон адæймагыл. Мæнæн дæр мæ зæрдæйы цавд фæтыхджындæр и, кауы сæрты йæм багæпп ластон æмæ йæ мæ хъæбысы фелвæстон. Йæ худгæ цæсгом мæ армытъæпæнты куыд февзæрди, уый æмбаргæ дæр нæ бакодтон. Мæ былтæ йæ уадултыл куы андзæвыдысты, уæд мæ къæйных мийæ фестъæлфыдтæн, фæлæ мæ къæмдзæстыг уавæры бирæ нæ бафæстиат дæн. Иуæй иннæ цымыдисагдæр фæрстытæ йыл ныккалдтон, æмæ ме ‘ргом батæ нæ ныхасы бын фесты. Æппæты тæссагдæр фарст раттынмæ мæхи куы ‘рцæттæ кодтон, уæд æй бамбæрстон, мæ ирвæзынгæнæг кæй у æмæ йæ цыфæндыйæ дæр йæ хомæ ауадзын кæй нал хъæуы, уый.

– Рæстæгмæ ссыдтæ æви бынтондæр?

– Дæу куыд фæнды?

Йæ цæстытæ хинхудтæй айдзаг сты, æмæ мæм афтæ фæкаст,

цыма йе ‘цæг фарст хъазынырдæм мæ дзуаппы фæстæ бамбæхсыны тыххæй здахы.

– Ам куы баззаис, уæд мын мæ афтид цард дæхи хуызæн срæсугъд кæнис.

– Мамæйы зæрды мæ фæстæмæ арвитын и, фæлæ, æвæццæгæн, нал ацæуудзынæн...

– Гъеуый дын чызг! – сдзырдтон хъæлдзæгæй, æфсон мын фæци, æмæ ма йын йæ былтæн дæр аба кодтон, стæй кауы сæрты фæстæмæ асæррæтт ластон æмæ уæнгрогæй нæхимæ атындзыдтон. Кæд горæты фæцардтæн, уæддæр хъæуккагæй баззадтæн æмæ картоф къахын, дон скъæфын, фосмæ зилын, нартхор тонын, сугтæ сæттын æмæ сæ сарайы кæрæдзиуыл амайын. Цæмæ фæкомкоммæ вæййын, уымæ æнæзивæг февналын, стæй Бертæмæ бауайын, диваныл уæлгоммæ æрхуыссын, мæ фарсмæ йæ æрбадын кæнын æмæ йын гыццыл сывæллонау мæ сæр йæ хъæбысы авæрын. Цыфæнды тыхстæй йæ куы баййафын, уæддæр мыл зæрдæбынæй баузæлы, æмæ мæ рацыдмæ йæ цæсгомæй фæлмæн мидбылхудт нал схицæн вæййы. Кæрæдзи ‘мбарæм, æмæ нæ уарзондзинады тыххæй иу ныхас зæгъын дæр нæ бахъæуы. Афтæ нæм кæсы, цыма иударон сыдывд дзырдтæй не ‘нкъарæнтæ лæмæгъдæр фæуыдзысты, æмæ сæ нæ былалгъæй уæлдæр нæ уадзæм.

Йæ гыццыл тæлфаг мадæн бон-изæрмæ иу ран æрбадæн нæй. Ӕдзухдæр истытæ архайы. Гæрзтæ æхсы, хæринæгтæ фыцы, дзаумæттæ æмпъузы, къуымбил æхснуды æмæ дзы цъындатæ кæны, хæдзары алыварс хæмпæлгæрдæг рувы. Суанг ма дыргъбæлæстæм дæр бахæццæ вæййы æмæ сæ æрдæгæй дæлæмæ чъырæй рацæгъды.

– Куы амæлон, уæд адæм хъуамæ сыгъдæг ран æрбадой, æмæ мыл сæ зæрдæ ма фæхуда, – фæзæгъы йæхи фæдзæхсæгау æмæ æнæсыбырттæй æрбайсæфы. Сылгоймаджы зæрдæмæ ныккæсæн нæй, фæлæ йæ, мæнмæ гæсгæ, сиахсæн хъæуын, æмæ нæ иумæ фæуадзы. Ӕз æм рагæй дæр хорз зæрдæ дарын, йæ чызджы тыххæй та йæ уæлдай фылдæр уарзын. Куыддæр уаты къæсæрæй ахизы, афтæ Бертæйы мæ хъæбысы ‘рбатухынмæ фестын, фæлæ мыл уый аивæй иуварсырдæм ахæцы.

– Мамæ нæ куы фена, уæд ма мæ цæсгом цы фæкæндзынæн?

Чызг йæ уарзоны цæстмæ йæхи кæй февдисы, уый æмбарын, фæлæ мæ уæддæр дисы ‘фтауынц йе ‘рдзон уæздандзинад æмæ

йæ фырнымд митæ. Хъæуккаг гуымиры адæмы ‘хсæн куы схъомыл и, уæд æм уыйбæрц рæсугъд миниуджытæ кæцæй фæзынди? Йæ алы фезмæлды дæр ын уынын, иннæтæм кæй нæ фиппайдтон, ахæм æнувыддзинад æмæ ме ‘ппæт буарæй дæр æнкъарын хуымæтæг сабыр амонд. Нæ дыууæ хæдзарæн мах сæ кæстæртæ стæм, æмæ нæ фосмæ алы изæр дæр иумæ фæцæуæм. Хъæуæй куы адард вæййæм уæд кæрæдзи къухтыл фæхæцæм æмæ дыууæ хъал сæгуытау сæрвæтмæ атындзæм. Дун-дунетыл нæ тыгъд быдыр æмæ сæрибардзинад йеддæмæ ницыуал фæхъæуы. Нæ хъомтæ нын талынггæрæтты кæрæдзи ирхæфсыны фадат кæй дæттынц, уый тыххæй сын мæхинымæр раарфæ кæнын æмæ чызджы ‘ргом мæхимæ раздахын.

– Рæвдздæр сæ атæрæм, науæд æгæр ныффæстиат уыдзыстæм, æмæ та мæм хъуг дуцгæйæ дæ цæст дарын бахъæудзæн, – фæзæгъы хинхудтгæнгæйæ æмæ мæм фæрсæгау æрбакæсы. Зæрдæ йын бавæрын æмæ йемæ хъазын райдайын, фæлæ ацы хатт мæ равг хъазынырдæм здæхт нæу. Йæ царды цы бынат ахсын, уый хъуамæ базонон æмæ мæ гуырысхотæй фервæзон кæнæ дзы мæхи атонон æмæ мæ рæстæг йемæ дзæгъæлы ма сафон. Ахæм хæдзардзин дзæбæх чызг боныгон цырагъы рухсæй агургæйæ дæр нал ссардзынæн, фæлæ мæхи адджын батæ æмæ хъæбыстæй дæр кæдмæ сайдзынæн?

– Хъуг дуцгæйæ фæтæгены цырагъимæ дæ уæлхъус куы фæлæууын, уæд мæм афтæ фæкæсы, цыма мæ бинойнаг дæ æмæ чысыл фæстæдæр дæ мадимæ нæ баззайдзынæ, фæлæ мемæ ацæудзынæ æмæ мын мæ уазал уат схъарм кæндзынæ. Уыцы цæстылуайгæ ныв мæ фæлгæнæны æцæг хуыз райсы, æмæ мын ныфсы хос фæвæййы, фæлæ мыл уæ кæрты дуар дзыгъал-мыгъулгæнгæ куы рахгæныс, уæд мæ зæрдæ асæтты, æмæ талынг уынджы мæ сагъæстимæ джихæндзыгæй баззайын, – дзурын æм мæхиимæ ныхасгæнæгау мынæг хъæлæсæй æмæ, йæ цæсты гагуытæ фырдисæй куыд уæрæхдæргæнгæ цæуынц, уымæ æдзынæг кæсын.

– Æцæг зæгъыс æви мæ хынджылæг кæныс? – фæрсы мæ æнæуууæнкхуызæй.

– Ницы дæ хынджылæг кæнын. Цы ‘нкъарын, уый дын æргомæй дзурын.

– Мæнæй афтæ мын нырма гыццыл чызг æнхъæл дæ.

– Ахæм рæдыд хатдзæгмæ дæ мæ кæцы æнæрхъуыды ми ‘ркодта?

– Ӕдзухдæр мæ сывæллонау рæвдауыс. Мæнмæ кæсгæйæ сылгоймаг нæ уыныс, фæлæ, нырма йемæ æнæмæтæй хъазæн кæмæн ис, ахæм гыццыл чызг.

Йе ‘дæрсгæ ныхасæй йын фæкуыддæр дæн, стæй ныххудтæн æмæ йæм бартхъиræн кодтон:

– Афтæ зæгъыс?! Уæдæ ма-иу ныртæккæ дæхимæ фæкæс! Мæ хъæбысы йæ фелвæстон, цъилау æй æрзылдтон æмæ йæ кæрдæгыл хъавгæ æрæвæрдтон.

– Мæхиуыл ардауыны тыххæй дын æй нæ загътон.

Йæ хъæлæс чысыл фæхъæддыхдæр, фæлæ мæм дзы домгæ мыртæ нæ райхъуыст. Йæ мидбылхудт йæ цæсгомыл сабыргай атади, фæлæ уæддæр йæ бынатæй не змæлы, стæй мыл, сæхимæ куыд фæкæны, афтæ йæ къухæй иуварс нæ хæцы. Йæ фарсмæ æрхуыссыдтæн æмæ йын батæ кæнын. Мæ къух йæ зæнгыл андзæвыди, æмæ мæм саст хъæлæсæй дзуры:

– Суадз мæ...Уыцы хъуыддагæй, кæрæдзи цас хъæуæм, уый сæйрагдæр у...

– Хъæугæ дæ кæнын уæвгæ?

– Мæ зæрдæ дын æгæр кæй байтыгътон, уый тыххæй алы бон дæр мæхи ‘фхæрын, ды та мæ æмбаргæ дæр нæ кæныс.

– Ӕмбарын дæ, уымæн æмæ мæхæдæг дæр ахæм уавæры дæн.

– Уæдæ ма мын мæ сау цæсгом цы халын кæныс? Мæ къæйныхдзинад мын бæрæг кæныс?

– Цы дæрзæг ран схъомыл дæ, уым ма æгæр фæлмæн дæр дæ,æмæ дæм къæйныхдзинадæй мæ зæрдæ не ‘хсайы, фæлæ...

– Фæлæ цы?! – Йæ цæстытæ тасæй айдзаг сты, æмæ йæ бамбæхсын дæр нæ фæразы.

– Де ‘нкъарæнтыл дын кæронмæ не ‘ууæндын.

– Цæуыннæ? – фæтæргай чызг æмæ мæм уайдзæфгæнæджы цæстæй кæсы.

– Хорз зæрдæ мæм кæй дарыс, уый уынын, фæлæ мæ, мæнмæ гæсгæ, фылдæр дæ зондæй уарзыс. Цардæмбалæн дын кæй бæззын, уый зоныс æмæ мын мæ рæвдауæн митæн дзуапп дæттыс, мæн та хъæуы, дæ цард иууылдæр кæм бацæуа æмæ дæ цыфæнды зын уавæрты дæр мæнæй чи нæ атона, дæ дызæрдыг хъуыдытæ дын дæ сæрæй чи фæсура æмæ дæ уæларвæй æруадзгæ лæппумæ кæсын дæр чи нæ бауадза, ахæм тыхджын уарзондзинад.

– Тыхджындæр ма цы вæййы? Демæ хохы цъуппыл дæр разы дæн цæрыныл. Дæ минæвæртты нæм æрбарвит æмæ...

Хаххæй кæй ахызт, уый бамбæрста æмæ йæ ныхас æрдæгыл фескъуыдта. Йæ бæллиц дзы æнæнхъæлæджы кæй схаудта, уый тыххæй мæм хатыркурæджы каст кæны. Минæвæртты коймæ мæ къух тæвд къæйыл асудзæгау фесхъиудта æмæ йæ гом агъдæй феуæгъд и. Мæнмæ смой кæнын æй кæй фæнды, уый мын æхсызгон у, фæлæ мыл цы уæз æрæвæрдта, уый сисын нæ фæразын æмæ тыхсын. Арвæй зæххы астæу дзедзыройгæнгæ йæ цæмæй æрхæсдзынæн? Нæ мæм æхца и, нæ – дзаумæттæ, нæ – хуыссæнтæ. Æмæ ма уыдонæн хæс райсгæйæ истыхуызы самалгæнæн и, фæлæ цæргæ та кæм кæндзыстæм? Мæ фыдыфсымæры лæппуты хæдзары? Æмæ сæхи фаг дæр куынæ у. Мæ фыды зæрдæхæццæгæнæн къæсы? Æмæ ахæм ранмæ сылгоймаджы бакæнæн куыд и? Куы дзы сфæлмæца, уæд ма уый æдде мæнæй дæр йæ удхæссæг фендзæни, æмæ дзы хохы цъуппыл цæрыны тыххæй йæ ныхæстæ ферох уыдзысты. Гъер кæйдæр чызгыл цы стыхстæ? Цал хатты дын загътон? Чи дын цы дæтты, уый æвæсмонæй ис æмæ дæ цард, куыд дæ фæнды, афтæ араз.

«Ацы чызг дыл æгæр баныхæсти, æмæ йæ ма фæрæдийын кæ. Куы фæхудинаг уа, уæд дзы ды дæр сойтæ не смæрздзынæ. Царды хиуыл хæцынæй хуыздæр ницы и. Дæхиуыл хæц æмæ фæсмонгонд макуы фæуай. Абон дæм хорз цы кæсы, уый дæм райсом æвзæрæй разындзæн, æмæ ма дæ сæр хойдзынæ, фæлæ байрæджы уыдзæн...» – мæ хъустыл уайы Аминæты хъæлæс. Айфыццаг нæ дыууæизæрастæу мæ хуыссæны цур кæрæдзи хъæбысы куы баййæфта, уæд мын загъта ацы ныхæстæ æмæ мæ дисы бафтыдта, йæ зæрдæ мыл кæй нæ дары, уымæй. Ныр ын йæ дардмæуынаг зонды фæстиуæг мæхиуыл æнкъарын, æмæ йемæ разы кæнын, фæлæ ма йæ уæддæр ме 'фсарм бахъахъхъæныны охыл мæхинымæр фæрсын: «Цæмæй йын тæрсыс? Ныууадзынмæ йæ куынæ хъавын, мыййаг. Абон куынæ уа, уæддæр райсом нæ хъуыддаг уырдæм цæуы, æмæ йæ цас раздæр алыг кæнæм, уыйас – хуыздæр, нæ зæрдæтæ куыд никæмæуал æхсайой...»

«Дæ къæхтыл уал фидар слæуу, стæй бæрæг уыдзæн. Дæ амонд цы уа, уый бавзардзынæ, дæумæ цынæ хауа, уый тыххæй исгæйæ дæр дæ къухы нæ бафтдзæн».

Уыцы ныхæстæ та Аланæн загъта йæхи хæдзары уæвгæйæ. Æз дзы рæстæгмæ цæрын, æмæ мæнмæ йæ фыртæй тынгдæр кæй хауынц, ууыл дызæрдыг нæ кæнын. Ехх, Аминæт, Аминæт! Раст бæргæ дæ, фæлæ дæумæ хъусынæй хиуыл хæцын зындæр

у. Уævгæ, нырмæ куы быхстон, уæд дарддæр нал бабыхсдзынæн? Бæгуыдæр бабыхсдзынæн, фæлæ мæ мæ къæхтыл фидар слæууынмæ цас хъæуы нырма! Дон йæ фæндагыл æнцад-æнцойæ цыди, æмæ йæ хуыздæр æнхъæлæй сызмæстон. Цæмæн? Лакъон хуыдымы хъизæмар кæныны тыххæй? Цæй бинойнаджы кой кæныны мæт мæ уыди, мæ бон куыдздоны йас къуым саразын дæр куынæ у, уæд? Цыма не 'хсæн цы 'рцæуынмæ хъавыди, уымæн ницы бамбæрстон, уыйау фæгæпп ластон æмæ мæхицæй гыццыл лæппу ацарæзтон, хъуццытыл азылдтæн æмæ сæ хъæуы 'рдæм аздæхтон. Бертæ иуцасдæр мæ фарсмæ æнæдзургæйæ фæцыди, стæй мын мæ цонгмæ бавнæлдта.

– Афтæ тынг цæмæй фæтарстæ? Минæвæртты тыххæй дын мæ ныхас фæхъыг и?

– Ахæм цины хабар мын куыд хъуамæ фæхъыг уа? Мæ зæрдæ дзы æгæр дæр ма барухс и, фæлæ бинонтæ дарынхъом нæма дæн æмæ æрбатыхстæн. Иучысыл ма банхъæлмæ кæсæм. Кæд истыхуызы мæхиуыл фæхæцин.

* * *

Бын кæмæн нæ баззайа, уый хъæздыг нæ кæны. Баба æмæ йе 'фсымæр сæ иумæйаг исбон куы байуæрстой, уæд сæм цы къæссайы цæгъдæнтæ æрхаудта, уыдон дыууæ гæлхæрд мусонджы фаг дæр нæ уыдысты. Фыды фарн мæрдтæм нæ цæуы. Семæ йæ кæй нæ ахастой, фæлæ йæ махæн кæй ныуувагътой, уый ныл æгæр хорз дæр ма зыны. Сæ хал сын ахордтам æмæ нæ риутæй хуымгæнгæйæ нæ хиды мæцæм, фæлæ нæ царды хорзырдæм æппындæр ницы ивы. Иудадзыг мæ сæры зилдух кæны иу хъуыды, æмæ мæм иу хаттæй иннæ хатмæ растдæр кæсы. Æфсæст хицæуттæ æххормаг фæллойгæнæджы хурхыл барæй кæй хæцынц, уый мæм бонæй бон тынгдæр хъарын райдыдта. Уадз æмæ йæ куыдзы бынат зона, æмæ йæм йæ ницæйаг бæлæгъ хуыздæрæй баивыны зонд ма 'рцæуа. Былалгъæй дзы æппæлынц, рæсугъд ныхæстæй йын йæ зæрдæ æлхæнынц æмæ йын йæ царм стигъынц. Стонгæн кæй ничи быхсы, уый зонынц æмæ йын йæхи сойæ йæ былтæ сæрдынц. Ноджы йын мамæлайы комдзаг ахæм хуызы дæттынц, цыма уый аккаг дæр нæу, фæлæ уыдон адæймагуарзон сты, зæрдæхæлар æмæ йын йæ гуыбыны тæригъæды нæ цæуынц. Мæгуырдзинад кæм уа, уым нозтæн æнæ уævгæ нæй. Уыцы дыууæ фыдæхы нæл къæмдзы-

джытау баныхæстысты, немæ æмдзу кæнынц æмæ нæ нæ сæртыл схæцын нæ уадзынц. Æмæ, дам, зиудыхæн бирæ æнтысы. Уæвгæ, цæй зиуы кой кæнын? Аминæт нæ йæ тых-йæ бонæй æмуд бинонтæ аразы. Йæ расыггæнаг мой æмæ тиу цы къона фехæлдтой, уый ногæй амайы æмæ сын сæ цоты йæ дæлбазыр бакæныныл архайы. Цæмæй нæм йæ рæстдзинад тынгдæр бахъара, уый тыххæй нын фыдæлты куырыхон ныхæстæ фæзмы. Арæхдæр дзы хъусæм мæнæ ацы дыууæ æмбисонды:

– Бинонтæ фæйнæрдæм куы хæцой, уæд сыл цард нæ хæцы. Æнгом цуанонтæ саг марынц, æнгом бинонтæ цард арынц.

Раст кæй у, уый æмбарæм, йæхицæн нæ кæй ницы домы, уый дæр уынæм, фæлæ уæддæр йæ коммæ нæ кæсæм. Алчидæр нæ йæхицæн уымæй зондджындæр æнхъæл у, æмæ хицæнтæй бæллиццаг цард агурæм, нæ йæ арæм æмæ йæм рæдыдтытæгæнгæ фæстæмæ здæхæм. Дыууæ æфсымæры цыппар фырты стæм, æмæ нæ иуыл дæр хъуын нæ хæцы...

Руслан не 'ппæты хистæр у. Кæддæр йæ фæнд атардта æмæ йæ мады æвастæй стыр æхцаты фæдыл Сыбырмæ алæгæрста. Дæс азы цъыфдзæстыты, тымыгъты æмæ арф æвæд миты уæзласæн машинæйы фæрахау-бахау кодта, фæлæ дзы дæндæгты низ йеддæмæ ницы ссардта. Нурыйы фæрцы ма сæ тыххæйты фервæзын кодта æмæ пыхс йæ сæрыл рахаста. Иу зылын капекк дæр нæ бакуыста, уыйхыгъд иттæг хорз базыдта уырыссаг арахъхъ нуазын æмæ тамако дымын. Иу аслам примæйæн-иу йæ зынг нæма ахуыссын кодта, афтæ дзы-иу иннæ ссыгъта æмæ та-иу æй зыдæй цъирын райдыдта. Дисы мæ æфтыдта йæ рæуджыты фидардзинадæй, уымæй тынгдæр та – йæ дæргъвæтин ныхтæй æмæ йæ тызмæг ныхасæй. Ноджы йæ хъæлæс ахæм тыхджын у, æмæ хъусты иннæрдæм хизы. Дзургæ та афтæ кæны, цыма 'рмæстдæр уый у раст, æмæ йæм чи нæ байхъуса, уый карз æфхæрд баййафдзæн.

Йемæ схаста иу зæронд хæлаф дыууæ афтид дзыппимæ, бурхил æнæрфыг чызджы къам æмæ дæргъæй-дæргъмæ сау зачъетæ. Хæлаф баивта тарцъæх галифейæ, къам къухты-къухты ацыди æмæ æнæбæрæгæй фесæфти. Æнæвнæлдæй баззадысты 'рмæстдæр йæ зачъетæ. Цыма дзы алы 'рдумæ дæр Алладины зачъетау бæллицæххæстгæнæн æууæл уыдис, æмæ дзы иу дæр хъыгдард куы баййæфтаид, уæд сæ тых асастаид, уыйау сæ фæхъахъхъæдта, биноныг сæ фæфаста, йæ дыууæ армы 'хсæн сæ фæрæвдыдта.

Ӕрдзы тæмæссаг фæзындау сæ адæммæ разæнгардæй æвдыста æмæ сæ йæ сæр бæрзæндты хаста. Уæлдай æхсызгондæр ын уыди, кæстæрæй хистæрмæ йын хуымæтæг хъуынты тыххæй стыр аргъ кæй кодтой æмæ йæм куырыхон лæджы цæстæй кæй кастысты, уый. Сæ ныддасын йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди, фæлæ йæ йæ фыдбылызы къæхтæ сыхаг хъæумæ ахастой. Фæсахсæвæртæм нæ фыдыхойы дзаджджын фынгыл фæбадти æмæ йæхи арахъхъæй ныллалым кодта, стæй тарф фынæй баци, æмæ йын сæ чидæр хæсгардæй алвыдта. Райсомæй сыл йæ къух куынæ æрхæцыди, уæд фырмæстæй йæ цæстыты туг фæбадти, æмæ сæ фыдæлгъыстытимæ ныддаста.

Йæ бонасадæнгæнæн рæстæг фæци, æмæ горæты бынат фæцагуырдта, фæлæ та уым дæр ницы ссардта æмæ мæстæймæлгæйæ хъæумæ æрыздæхти, колхозмæ бацыди, уæзласæн машинæйыл сбадти æмæ дзы капеччытыл бон-сауизæрмæ хæрæджы хафт кæны. Йе 'мбæлттæ йын йæ лæмæгъдзинад зонынц æмæ йæ аивæй фелхыскъ кæнынц:

– Дæу хуызæн дæсны шофыр колхозæн æвгъау у, æмæ горæтмæ ацу.

Цыма йын йæ хъæдгомыл цæхх айзæрдынц, уыйау фесхъиуы æмæ сæ – зондамонæгæй, горæтæй – æлгъитын райдайы. Бирæ рацагур-бацагуры фæстæ кæддæр-никæд ус æрхаста, æмæ йын чызг æмæ лæппу ныййардта. Чындз æртыккагæй стыр сывæрджын у, фæлæ йæ йæ сæр схъил кæныны бон дæр нæй, йе 'фсинимæ арахъхъ уадзы, æмæ йæ шофыртæ ногдыгъд къуымæлау æхсызгонæй æнцъухынц. Сæ гараж нæ цуры ис, æмæ сæ дард цæуын нæ хъæуы. Цыфæнды афон дæр нæм куы сæ иу æрбадзуры, куы – иннæ:

– Гъей, Гæратæ, уазæг нæ уадзут?!

– Еблагъуæ, еблагъуæ! Уазæг – Хуыцауы уазæг! – йæ размæ рауайы Аминæт æмæ йæ сарайы даргъ стъолы уæлхъус æрбадын кæны. Ӕдзухдæр дзы цæттæйæ лæууынц цæхх, кæрдзын, цыхт, булчъы кæрстытæ, фых картæфтæ, цывзыдзæхдон, арахъхъ. Лæг талф-тулфæй æртæ агуывзæйы ануазы æмæ йæ цыма Аминæт мæрдтæй раздахы, уыйау цинтæ-уадзгуытæгæнгæ æддæмæ атындзы, æмæ йæ хæдуæлувæд иннæ уæнгмардæй æрбахизы. Сахуыр сыл стæм, æмæ сæ иу арахъхъы кондæй иннæмæ куы ничиуал фæзыны, уæд хасты хуызæн вæййæм, Руслан та фырмæстæй судзгæ пысыра фесты.

– Уыцы арахъхъытæн рауадзын афон нæма у?!

– Нырма сæ æрæджы бантыдтам, æмæ нæма сæнхъызтысты.

– Цæмæн сæ бантыдтат æрæджы, цæмæн?! Ссад уын нæ уыд æви суг?!

– Алцыдæр нæм ис, фæлæ иучысыл фæллад суадзын дæр æмбæлы.

– Мæнæн хъуамæ мæ хæдзары æдзухдæр нозт уа, мемæ исчи куы ‘рбацæуа, уæд йæ разы куыд нæ фæкъæмдзæстыг уон, афтæ! Æз лæппутæм нуазын, уыдон та хъуамæ мæнмæ нуазой! Ирон хæсмæ тындзæн нæй!

– Марг баназ, марг, чи дæ амара, уый! – Кæддæр Аминæт ахæм хылы рæстæг ацы ныхæстæй йæ лæджы ралгъыста, æмæ йын æй йæ бынæй Руслан скъахта, йæ фыдмæ дæр ма бартхъирæн кодта æмæ ныр арахъхъы тыххæй йæ мæгуыр мады йæхæдæг æфхæры. Уæвгæ, йæ хъæртæ тынгдæр йæ усмæ хауынц. Мидæггаг уаты йæ сывæллæтты хуыссын кæны, æмæ йæ хъуамæ уый дæр фехъуса æмæ йæхицæн хатдзæгтæ скæна. Æрвонгæй мæлæты сабыр вæййы. Суанг ма хъазæн митæ дæр акæны, фæлæ йын кæйдæр арахъхъ куынæ батайы, уæд йæ сæр, йæ фад нал фембары æмæ сылгоймæгты йæ хъæлæсы ахæссы. Тæригъæд сын кæнын æмæ сæ фарс рахæцин, фæлæ мæ ме ‘фсымæры ракъахын нæ фæнды, уымæн æмæ, баба Аминæты сæрыл куы сдзырдта, уæд ын Хæмæт цы ныхæстæ загъта, уыдон абон дæр мæ хъусты зæлынц:

– Ацу æмæ дæ хæдзары уынаффæ кæ! Ам дæ ницы хъуыддаг и!

Ахæм дзых мæм куы суадза, уæд мæ æцæгдæр искæдæм ацæуын бахъæудзæн, æмæ Аминæты зæрдæ фæрисдзæн. Нæ, фæлтау быхсдзынæн. Мæхицæн иу къуым кæд сараздзынæн æмæ адæмы цæстытæм кæд нал кæсдзынæн, цымæ?

– Тæккæ райсом мæ хæдзары арахъхъ куыд уа, афтæ, науæд уын æз уæ мигæнæнтæ иууылдæр ныппырх кæндзынæн! – абухы Руслан, æмæ йæ Аминæт лæгъзытæ кæны:

– Хорз, хорз, мæ къона, ацу æмæ схуысс. Райсоммæ дæр ма сæ цы уадзæм? Ныртæккæ сæ фæуæларт кæндзыстæм. – Йæ цонгыл ын мидæмæ ахæцыди æмæ аххосджынхуызæй дзуры: – Раст у мæ лæппу. Ирон хæдзар æнæ нозтæй нæ фидауы.

Адæймаг йæ кæуинаг уавæр йæхицæн æфхæрдыл куы нал нымайа, æнæгъдау къупыритæн лæггад кæныны уаг йæ туджы рæсугъд æгъдауæй куы бацæуа æмæ йын йæ хиуарзондзинад

куы рæвдауа, уæд йæ сæфты къахыл лæууы, фæлæ йын æй куыд бамбарын кæнон? Гыццылæй фæстæмæ йæ зонд кæм сфидар и, йæ цагъайраджы хъизæмæрттыл фæлмæн дзаумæттау кæм сахуыр и æмæ хус кæрдзыны къæбæры тыххæй Хуыцауæй æгæрон бузныг кæм у, уыцы 'хсæнады ма йæ зæрондæй исты аивын бафæнддзæни? Кæй зæгъын æй хъæуы, нæ. Арахъхъ уадзгæйæ гарзы хæтæлы 'мбуар дон агхафæны хъæдæй иучысыл куы асдауын, уæд фæздæгæй мæ цæстытæ рацæйхауынц, æмæ мæ сæр мæ кой свæййы, Аминæт та цæргæбонты уыцы куыст кæны æмæ быхсы. Раздæр йæ лæджы тыххæй быхста, ныр та – йæ фырты тыххæй, æмæ йæм афтæ кæсы, цыма хуыздæр цардæн уæвæн нæй, стæй йæ хъæугæ дæр нæ кæны. Йæ хо йæ горæтмæ куы ахоны, уæд æм суткæйæ фылдæр нæ бафæстиат вæййы. Фæлмæн диваныл сындзытыл бадæгау фæбады æмæ агъуысты цыппар къулæй йæ удхæссæг фены, фæгæпп ласы æмæ нарæг кæртмæ йæхи айсы, фæлæ дзы цæмæ февнала, уый нæ фæзоны æмæ стыхсы.

– Цæуон, науæд нæ фос æнæ фæкæсæгæй ныххæлæттаг уыдзысты.

– Æрсабыр у, дæ хорзæхæй. Замманай чындз дзы куы ис, уæд сын цæмæй тæрсыс?

– Уый фосмæ не 'вдæлы. Хъæуккаг хæдзары бирæ змæлд и, – фæзæгъы мæтæйдзаг хъæлæсæй æмæ йæ сдзурын дæр нал суадзы. Разы у йæ уæззау æфсондз хæссыныл, уымæн æмæ, йæ алыварс цы сылгоймæгты уыны, уыдон дæр уымæй хуыздæр уавæры не сты. Сæ мадæлтæ та бынтон зауыаты бынаты уыдысты.

– Уыдонимæ абаргæйæ мах дзæнæты цæхæрадоны цæрæм æмæ нæхи 'хсыры цады найæм, фæлæ йын аргъ нæ кæнæм, – дзуры мын зæронд кастрункæйы хуынчъы хæцъилы гæбаз тъысгæйæ.

– Гъер цы кусыс, Ами? Арæцугъ æй. Æз дын æхца ратдзынæн, æмæ ног балхæ.

– Кæй мын дæттыс, уыдон дæр мын мæ къухтæ куы судзынц...

– Цæмæн?

– Дæхицæй сæ тоныс, æмæ мæ фарсыл нæ хæцынц.

– Æхцатæй ничима бафсæст, Ами. Сæйрагдæр у дæ капеччытæй искæй зæрдæ балхæнын. Æз дæуæй цы хорздзинæдтæ зонын, уыдон дунейы мулчытæй дæр нæ бафиддзынæн.

– Мæ фæстæ дæ амонддджынæй куы ныууадзон, уæд сæ

фыстыл нымай. Кастрункæйы тыххæй та дæ сæр ма риссын кæ. Нæ ивинаг дзаумæттæ æлхæныныл куы суай, уæд дын æнæхъæн скъолайы ‘хцатæ дæр не сфаг уыдзысты...

Иу уаты фынæй кæнæм, æмæ йын йæ алы улæфт дæр æнкъарын. Домбай сылгоймаг у, фæлæ йыл азтæ æмæ зындзинæдтæ тых кæнын райдыдтой. Фынæй кæныны размæ йæ къæхты бынæй ныуулæфы, æмæ дзы хъæрзæгау цалдæр дзырды сирвæзы:

– Фæллад, фæллад... Тæх-х-худы æмæ чи амæлы... – Ахæм фæлмæстæй сæ фæзæгъы, цыма йæ цард ахæстоны ‘рвиты, æмæ дзы йæ амæлæты бонмæ кæй нæ фервæздзæн, уый зоны. – Кæд истæмæй фæрæдыдтæн, уæд мын æй ныххатыр кæ, Хуыцау. Мæ бинонтæ – де уазæг, мæ сæр – дæ нывонд, сæ зындзинад мын ма бавзарын кæ. Мæ бæлццæтты мын фыдбылызæй бахиз, – бафæдзæхсы нæ не сфæлдисæгыл, хъæццул йе уæлæ æрæмбæрзы æмæ боныцъæхтæм йæ къах дæр нал атилы. Бæлццæттæ Алан æмæ Тугъаны хоны. Хъыргъыстанмæ ацыдысты, æмæ иудадзыг йæ зæрдæ семæ дзуры. Куы сын хæдтæхæгæй фæтæрсы, куы – зæххæнкъуыстæй, куы – æцæгæлон адæмæй, куы – сæ сæртыл исты ‘рхауынæй. Алан йæхи халдих у. Цæрмстыгъд æй бакодта цы – асæй, цы – уæнгты кондæй, – цы – цæсгомæй. Рæсугъддзинадæй йæм цы уыди, уыдон иууылдæр райста, фæлæ рæз не схаста æмæ цæсты уыйбæрц нæ ахады.

– Уæддæр ма хорз, æмæ дын Германийы уæлдæф фæахъаз и, æмæ чысыл фæбæрзонддæр дæ, æндæр лилипутæй баззадаис, æмæ дын гулливертæн бæззыдаиккам, – фæхынджылæг дзы кæнынц, йæ сæрты чи кæсы, уыдон, фæлæ сæ йæ быны куы ассæнды, уæд сæ хъæбæр дзыхтыл ныххæцынц. Фæсарæнты ‘ртæ азы баслужбæ кодта, стæй арæзтадон техникум каст фæци, æмæ йæ, æвзæрдæр цы ран у, уырдæм фыдæнæнгæнæгау арвыстой.

– Нæ дзы цæрæн бынат и, нæ – дон, нæ – кусыны фадæттæ. Æгæр-мæгуыр дзы рухс дунемæ цæстыдзагæй ракæсæн дæр нæй. Тыгъд быдыр, æфсæнвæндаджы вагæттæ æмæ аразæн æрмæг, æндæр ницы. Æхсæвæй-бонæй дзы дымгæ къуыззитт кæны æмæ буары иннæрдæм хизы, кæцæйдæр лыстæг змис хæссы æмæ улæфæнтæ æхгæны, цæсгом судзы, цæстытæ къахы. Мæнгæн нæ фæзæгъынц: дæ цард дæ цæсты куы сæгад уа, уæд-иу æндæр бæстыл азил. Азылдтæн ыл, æмæ мæм мæ гыццыл фыдыбæстæ диссаджы рæсугъдæй разынд, цингæнгæ йæм схæццæ дæн, æмæ мæм

цæхæркалгæ цъитийау уазал цæстæй ракаст. Мæхицæн горæты цæрыны фæрæзтæ агурыныл схæцыдтæн æмæ бирæ тухæнты фæстæ фæсвæд ран кæмдæр иу цъыфдзасты цыдæр мæнгæфсон арæзтады фæныхстæн, фæлæ фатер ссарынæн ницы амал ардтон. Ды кæй фарсмæ хуыссыдтæ, уыцы нæла-сыламæ дæр ма бадзæгъæл дæн...

– Æнæрай дзы скæ! Йæ фарсмæ нæ хуыссыдтæн, фæлæ – йæ дæлфæдтæм! – йæ ныхас ын æрдæгыл фескъуыдтон æз æмæ йыл мæ къухтæ стылдтон. – Йæ койæ дæр мæ зæрдæ хæссы.

– Йе ‘хсæнтæдоны хуызæн быламыхъхъæй йын, зæгъын, мæ мондæгтæ уæддæр суадздзынæн, фæлæ мæ фæндæй ницы рауад.

– Бирæ дæ куы уарзта, уæд дын дзы куыд нæ æркодта?

– Амарди, мæгуыр, æмæ йæ цæрæнтыл иу гуырымыхъхъ лæджынгæс сылгоймаг æрбадти. Баст куыдз никуы федтай? Бæзджын хъæлæсæй мыл срæйдта, æмæ дзы лидзæг фæдæн. Куыцыккыл зæрдæбынæй фæкуыдтон...

– О. Ды фæкæудзынæ, куыннæ. Куы дæ зонын, уæдæй фæстæмæ дæ иу цæссыг дæр никуыма ‘рхаудта. Искæй мард дын фынæй у æмæ...

– Хъус, хъус. Адæм куыд хистæргæнгæ цæуынц, афтæ каджынæй кадджындæр кæнынц, æз та – æгадæй æгаддæр. Æлгъгæнгæйæ кæм цардтæн, уыцы хуыдон дæр мæм нал æрхаудта мæ уарзон горæты, æмæ мæ цæстытæ доны разылдысты.

– Дæу хуызæн дурзæрдæ адæймагæн ахæм гыццыл хъуыддаджы тыххæй йæ цæстытæ доны разилой, уый дæр мæ нæ уырны.

– Дæ райгуырæн бæстæйы хъалагъурæй дарддæр мацæмæн хъæу, уый гыццыл хъуыддаг нæу. Де ‘ххуыс æй куы бахъæуа, уæд хъуамæ йæ фарсмæ балæууай, æххуыс дзы куы бацагурай, уæд та дæм хъуамæ йæ чъылдым раздаха. Нæ, ме ‘фсымæр, уый раст нæу. Уарзондзинад хъуамæ дыууæрдæм уа, махæн та иуырдæм у ‘рмæст. Йæ хъаймагъ ын иутæ хæрынц, хъахъхъæнгæ та йæ иннæтæ кæнынц. Ахæм саджилзæрдæ дыдзæсгом фыдыбæстæ мæн ницæмæн хъæуы. Афтæ дæлоз мæ æрæппардзæн, уый куы зыдтаин, уæд æфсадмæ ницыхуызы ацыдаин. Цæмæй мæ раздæр акæной, уый тыххæй ма мæ азтыл дæр бафтыдтон. Сæрхъæн! Уæле дæлæмæ нын цы фидиссаг хицæуттæ ис, уыдон хъахъхъæныны бæсты ахæстоны бад æмæ дезертиры ном хæсс.

Зæххы къорийы æппæт бæллæхты дæр дзуттæгты кæй ах-

хосджын кæны æмæ сæ йе сæфт кæй уыны, уый зыдтон, фæлæ бæстæйы стыр æмæ гыццыл хицæуттæм дæр хæрам зæрдæ кæй дары, уый фыццаг хатт фехъуыстон æмæ сагъæсты аныгъуылдтæн. Сабыр царды рæстæг æфсады æртæ азы чи баслужбæ кодта, уыцы æнæниз цардхъом лæппумæ ахæм сау хъуыдытæ кæм æвзæры, уым ма, рохуаты чи баззад, уыцы идæдз устытæ æмæ, знаджы дæрæнгæнджытæй ныронг хæдзæрттæ кæмæн нæй, уыдон цы уавæры сты?

– Куыцыккæй мæ бон куы базыдтон, уæд мæ фæндагыл фæсмонгæнгæйæ араст дæн, – мæ хъуыдытæ мын йæхимæ供 аздæхта Алан. – Асфальтыл мæ сæфтджытæ куы рафтыдтон, уæд æнæнхъæлæджы Фирузæйыл сæмбæлдтæн, æмæ мæ сæхимæ бахуыдта.

– Цай цымынмæ?

– О.

– Æмæ йæ цас фæцымдтай?

– Цæй тыххæй мæ фæрсыс?

– Дæ хабæрттæ дын æрыхъуыстон, – бахудтæн ыл æз, æмæ мæм дисгæнгæ æрбакаст.

– Кæмæй?

– Айфыццаг нын сæ Фирузæ нæхимæ хынджылæггæнгæйæ фæдзырдта, æмæ сыхы устытæ гуыбындихтæ фесты.

– Ахæм худæгæй уын цы радзырдта уагæр?

– Алан, дам, фæсахсæвæртæм фынгыл немæ фæбадти, æмæ, дам, ын нæ лæг æфсæрмæй афтæ:

– Ацафон ма кæдæм цæуыс? Мæнæ диваныл дæхи ‘руадз.

Уыйадыл, дам, немæ цæргæйæ баззад, æмæ, дам, уæдæй фæстæмæ лæджы хъæстæ нал фæдæн. Куыддæр, дам-иу, нæ дзаумæттæ феппæрстам æмæ, дам-иу, кæрæдзи рæвдауынмæ февнæлдтам, афтæ, дам-иу, дуары гуыпп-гуыпп ссыди, æмæ, дам, мæ-иу сыхаг нæ, фæлæ мæ мад Зæйрæт æмæ мæ хо Надинæ дæр нал хъуыдысты. Дыууæ цæргæсы хуызæн цæхæрцæст лæджы ‘хсæн хуысгæйæ, дам, фырмондагæй цъæх арт куы уадзай, уæд, дам, цас фынæйтæ бауыдзынæ? Ноджы, дам, диван дæр мæ тæккæ фарсмæ лæууыди, æмæ, дам-иу, æхсæв-бонмæ мæ цæстытæ кæрæдзиуыл нал æрæвæрдтон...

– Гъеуый дын сылгоймаг æрдхорд, гъе. Хъазгæмхасæн мæ куыд фæфыддзæсгом кодта. Цæмæй сæ хъуыддæгтæ конд фæуой, æмæ мæ бацыдмæ сæ туг æрсабыр уа, уый тыххæй ма-иу

ихæнæй мæлгæйæ уынджы æгæр дæр ныффæстиат дæн, стæй сæ бирæ дæр нæ бахъыгдардтон – æрмæстдæр афæдзы ‘рдæг. Сæхæдæг дæр сæ къуындæг уат æххуырсгæ бакодтой, æмæ сæ быны бырын цас аив уыди, фæлæ мæгуырдзинад лæджы алцæуыл дæр ардауы. – Алан йе ‘гуыдзæгдзинадыл былысчъилтæгæнгæ йæ къух ауыгъта æмæ æнкъардæй афтæ бакодта: – Уæдæ хъæумæ мæ фырхъалæй афтыдтæн? Мæ фысымтæм цæуын мæ цæсгом куы нал хъæцыди, уæд, Ирыстоны дарддæр цы къуым и, уырдæм мæхи айстон æмæ дзы цалдæр азы ницытæ æмæ мацытæ фæцарæзтон.

– Дæ курдиат æмæ дæ арæхстдзинадимæ – ницытæ æмæ мацытæ?

– Мах хуызæн адæм зæххыл никуы ис. Дзæнæтон бæстæмæ куы бахауæм, уæддæр дзы цæрын нæ базондзыстæм. Нæ туг æмæ нæ сæрымæгъзтæ арахъхъæй сæ тæккæ дзаг сты, æмæ сæ бынтондæр баивын хъæуы. Дыууæ мин азы размæ-иу Римы ‘фсады службæгæнгæйæ йе ‘мгъуыд кæмæн ахицæн и, уый-иу рахуыдтой ветеран, радтой йын-иу зæххы хай кæнæ æхца æмæ дзы-иу цæрæг лæг сарæзтой, мæнæн та мæ уарзон горæты ‘хсæвиуат кæныны бынат дæр нæ разынд.

Бынат дзы нæ разынд Тугъанæн дæр. Иу хатт æй цы агъуысты баййæфтон, уый куы ‘рхъуыды кæнын, уæд мæ зæрдæйы тугтæ ныккæлынц. Йæхиуыл никуы батыхст æппындæр. Цардæй йæм цы зыгуымы муртæ хаудта, уыдон ахæм хуызы иста, цыма хуыздæры аккаг нæу, фæлæ мæ уæддæр дисы бафтыдта йæ цæрæнуаты æдзæллагдзинадæй. Талынг. Уазал. Уымæл. Æнæсæрст цар æмæ къултæн сæ рыг бетон пъолмæ згъæлди. Гыццыл рудзынг – ихæвæрд, дуар – зыхъхъыртæ. Пецæн дзы йæ кой дæр нæ уыди. Хи цардмæ ахæм куыдфæндыйы цæстæй кæсгæ никуыма федтон æмæ йæ мæ цæссыгтæ ныхъуыргæйæ бафарстон:

– Ам бирæгъ куынæ бафæраздзæн, уæд дзы ды куыд цæрыс?

Йæ кæстæр æфсымæры тæригъæдмæ кæй æрхаудта, уый йæм хардзау æркаст, æмæ йæхи фæхъæлдзæгхуыз кодта.

– Мæ зонджын хицæутты разамындæй ацы ‘ргъæу галуаны коммунизм куы аразын, уæд дæ зæрдæмæ цæмæй нæ цæуы? – сдзырдта худгæйæ æмæ скафыди.

– Ацы ихын уаты дæ зымæг куы арвитай, уæд рæуджыты низ æрцахсдзынæ æмæ коммунизммæ бæлгæйæ адæмы фæсдуар æлгъагæй амæлдзынæ.

Мæнмæ байхъуыста æви уазалæн нæ бабыхста, уый нæ зонын, фæлæ хъæумæ алыгъди æмæ адæмæн алыхуызон бæстыхæйттæ аразын райдыдта, мæнæн дæр ма цыдæр капеччытæ бакусын кодта, фæлæ цæстфæлдахджыты сайæн митæй йæ бон нал уыди, æмæ сæ ныхъхъуытты уагъта, Алан дæр хъæутыл зилынæй сфæлмæцыди, æмæ Астæуккаг Азимæ хуыздæр цардагур афардæг сты. Сæ дыууæмæ дæр æвæджиауы курдиат бæргæ ис, фæлæ сын ам никæй хъæуы, æмæ йæ æцæгæлон зæххыл хардз кæнынц, цыбыр рæстæгмæ смагæй бацæуæн кæмæ нал уыдзæн, ахæм ницæйаг фысдæттыл.

– Афæстаг рæстæджы ‘взæр фынтæ уынын, æмæ мæ зæрдæ нæ лæппутæм æхсайы. Мацы сыл æрцæуæд. Мæ цæст ма сыл куы ‘рхæцид, уæд сæ мæ цурæй никæдæмуал ауадзин, – тыхстхуызæй дзуры Аминæт. Дысон ма уазджытæй цы кæрдзыны æмæ цыхты уæлдæйттæ баззади, уыдон арæхстгай куыд æмбырд кæны æмæ сæ сыгъдæг тæбæгъы Русланы раз къæмдзæстыгхуызæй куыд æвæры, уымæ æнкъардæй кæсын æмæ дис кæнын, уæхскуæзæй кусгæйæ нæ гуыбынтæ фæлмæн хæринагæй бафсадын кæй нæ фæразæм, ууыл. Искæмæн йæ цард – бирæ, йæ низ – гыццыл. Хæстыбег афтæ æнхъæлы, шофыртæ ахуыргæнджытæй хъæздыгдæр сты, фæлæ рæдийы. Сæ иутыл – хъисын, иннæтыл – пæлæз. Не ‘ппæт дæр Хуыцауы фæздæгæй марæм æмæ фырмæстæй æгæлæнтæ кæнæм.

– Цуанон цы ком нæ басгары, уый сырдджын хоны. Ацы зæххыл лæвар ницы ис. Алы капеккыл дæр авд хиды рауадзын хъæуы. Тагъд сæ бон базондзысты æмæ ам æрбалæудзысты, – йæ мады сабыр кæны Руслан æмæ мын цæстæй графинмæ амоны. – Иу арахъхъ – ма мын рауадз.

– Гъер дæ сæумæрайсом куысты размæ цæй нозт хъæуы? – фæрсын æй аудæджы хъæлæсæй.

– Уæдæ ацы хус къæбæртæ мæ хъуыры цæй фæрцы ныттæрон? Нæ хъæздыг фыдыфыд нын нæ кæуинаг уавæр куы зонид, уæд æй йæ ингæны къæйтæ дæр нал бауромиккой. Кæд ын йæ бынтæ мæнæ ацы гæвзыкк цард саразыны тыххæй ассывтой, уæд сыл мæ куыдз амæлæд! – ралгъыста зæрдæбынæй, арахъхъы агуывзæ йæ дзыхмæ фæфæлдæхта æмæ йе знæгты кардæлвæстæй сурæгау куыстмæ атындзыдта.

* * *

Бæгънæг адæймаг цæсты кæй нæ ахады, уый зыдтон, фæлæ уæддæр мæхи аразынмæ никуы тырныдтон. Гуыххæл гыццыл хæрыныл куыд сахуыр вæййы, æз дæр афтæ фæцалх дæн аслам дзаумæттæ дарыныл. Æхца мæм никуы уыд, æмæ-иу хъæздыг дуканийы мæ зæрдæ истæмæ куы бахъазыд, уæд-иу дзы мæ цæстытæ атыдтон. Цæмæй ме 'нæбындур бæллиц мæ риуы ма срæгъæд уа æмæ мæ сагъæстыл ма бафтауа, уый тыххæй йын-иу йæ гуырдз амардтон æмæ дзы-иу мæхи фервæзын кодтон. Куыдфæстæмæ уыцы зонд мæ туджы бацыд, æмæ мæм-иу афтæ кæсын райдыдта, цыма мæ фыдынд уæнгтыл цыфæнды аив костюм дæр не сфидаудзæн æмæ мæ нæ фæрæсугъддæр кæндзæн. Рæсугъддæр нæ, фæлæ ма уый дæр ме 'гуыдзæгдзинадæй фæхъæстæ уыдзæн æмæ равдисынмæ нал сбæздзæн. Æвгъау мын кæй у, ууыл-иу мæхи бауухæндын кодтон æмæ-иу æрсабыр дæн. Мæ зондахаст ныр дæр нæ аивтон. Дарæс лæггæнæг кæй нæу, уый æмбарын æмæ йæм мæ былыцъæрттæ нæ хæрын, фæлæ мæ адæммæ мæгуырхуызæй цæуын нал фæнды. Куы ницы 'нхъæл дын уой, уæд дæм се 'ргом дæр нæ раздахдзысты. Мæнгæй нæ фæзæгъынц: дæ лæджыхъæды разæй мын дæ уынд равдис, кæнæ: лæг йæ бакастæй дæр бæрæг у. Усгур цæуæгау мæхи куы саразын, уæд хъæуккагæй, ахуыргæнæгæй, ахуырдзауæй, æфснайæгæй – се 'ппæтæн дæр сæ цæстытæ сæрттивынц, æмæ мемæ афтæ фæныхас кæнынц, цыма сæм кæцæйдæр стыр хицау æрцыди.

Де 'цæг фæндтæ адæмы фæстæ дзæгъæлы 'мбæхсыс. Иу чызджы цæстмæ сфæлыстай дæхи къахæй къухмæ. Уый зæрдæ балхæнын дæ фæнды 'рмæстдæр. Иннæтæ дæм ныммады дæр не сты. Нæ, нæ! О, о! Зухрамæ де 'нцъылдтæ цæсгом лæгъзæй равдисынмæ дæ быцъынæг скъуыныс. Дæхимæ дæр биноныг зилын уымæн райдыдтай, цæмæй йæм дæ аиппытæ ма зыной, æмæ йæ, уе 'хсæн цы азтæ ис, уыдон ма хъыгдарой. Цæсгомы 'нцъылдтæ бамбæхсæн ис, фæлæ дзы дæ сагъæсхуыз фæллад цæстытæ та куыд бамбæхсдзынæ? Алетæйы мæстæй дæ галиу æрфыджы сæрмæ цы гæмæх тæпп фæзынди, уый та цæмæй бамбæрздзынæ? Чи зоны, сывæллоны зонд сдзæгъæл кæнай, æмæ дæ бауарза, фæлæ куы фембаргæдæр уа æмæ дæм æрвонг цæстæй кæсын куы райдайа, уæд та цы фæуыдзынæ? Нырма йыл æхсæрдæс азы йеддæмæ куы нæма цæуы, уæд цытæ дзурыс? Дæуæй афтæ, уыйбæрц æдзæсгом дæн, цæмæй мæ ахуырдзауы цæсты мæхи

бафтауон æмæ мæ хъæубæсты фæхудинаг уон? Дæс къласы каст куы фæуа, уæд дæ ахуырдзау нал уыдзæн, стæй йыл æвддæс азы æмæ цыппар мæйы цæудзæн. Алцыдæр дын нымад у, æмæ дæхицæй æдылы ма араз. Мæскуыйы концерттæ дæтгæйæ чызджыты зæрдæмæ цы цъæх костюмы цыдтæ, уый хуызæн уымæн балхæдтай. Æрыгондæр дæ кæны, уæлдайдæр урс хæдонимæ, æмæ æвзонг чызджы дæхиуыл рæсугъд дзаумæттæй бæттыс. Ницы йæ бæттын мæхиуыл, æмæ мæ иу ран ныууадз. Бæттыс, бæттыс. Цæмæй йын йе 'нкъараг зæрдæ уацары райсай, уый тыххæй йæ æдзухдæр дæ уроктæй дисы бафтауыныл архайыс, уæлдайдæр, уарзондзинадыл фыст уацмыстæ æвзаргæйæ. Дæ цæстытыл фæуайы, йемæ куыд балымæн уыдзынæ, æмæ дæ хъæбысы куыд тайдзæни, уыцы бæллиццаг ныв, æмæ дæхиуыл нал фæцауæрдыс. Йæ цин йæ риуæй куы рагуылф кæны æмæ йæ цæсгомыл куы анхъæвзы, уæд дæхимæ Аполлон æркæсыс, æмæ бумбулийы уæз дæр нал фæкæныс. Иннæтæй хъауджыдæр ма уымæн цавæр уроктæ фæдæттын, стæй йæ цуры мæхи куыд фæдарын? Къласмæ бахизгæйæ фыццагдæр уыйырдæм бакæсыс, æмæ йыл дæ цæст куы 'рхæцы, уæд дын цыма исчи сабыргæнæн хос бадары, уыйау дæ нервытæ сæ бынаты 'рбадынц, æмæ æндæр никæйуал фæуыныс. Æрмæст йе 'рбацыдæй дæр дæ самондджын кæны, æмæ йын фырбузныгæй дæ зæрдæйы дуæрттæ байгом кæныс. Уым æй куынæ баййафыс, уæд та мæрдджынау фенкъард вæййыс. Йæ уды дзæбæхæн искæдæм куы ацæуы, уæддæр дын йе 'мбæлттæ, рынчын у, зæгъгæ, дæ хъусы бацæгъдынц, æмæ йын мæлынæй стæрсыс, дæ мидхъуыдыты йæ сынтæджы цур балæууыс æмæ, цы фæдзурыс, уый дæхæдæг дæр нал фембарыс.

Скъолайы ахуыргæнгæйæ магусаты æмæ æдылыты нæ уарзтон, университеты дæр сæ мæ удхæссæг уыдтон. Æдзухдæр раззагдæртимæ цæуыныл архайын æмæ уарзгæ дæр уыдоны кæнын. Хорз ахуырдзаутæ мæ зæрдæйы иннæтæй арфдæр æвæрд сты, æмæ сын мæ уд дæр нæ бавгъау кæндзынæн. Зухра зæрдæргъæвд чызг у æмæ бирæ зонындзинæдтæ райсынмæ тырны, æз та ахуыргæнæг дæн æмæ йын мæ предметтæ æхсызгонæй амонын. Нæ хуыздæр ахуырдзау кæй у, æмæ йæм æдылытæй фылдæр æргом кæй здахын, уым æвзæрæй цы ис? Дæ фыргæдыйæ ма дæхи дæр фæливын райдыдтай. Хъуыды иуырдæм кæныс, архайгæ та – иннæрдæм. Фыццаг рады уроктæ

куы фæвæййынц, уæд йæ фæстæ кæй ацæуыс æмæ йæм аивæй дæ цæст кæй фæдарыс, уымæн та куыд бамбарæн ис? Де 'фсарм дæ уромын куы нал фæфæразы, æмæ дæ дæ къæхтæ йæ хæдзармæ куы бахæссынц. Дæ цæстыты дын цы асайы? Йæ зонд æви йæ рæсугъддзинад? Фæссихор дæр ма мæ уроктæ дæттын фæхъæуы, æмæ мæ фæллад фæуадзын. Дæ амонд у, æмæ хъæуы фаллаг кæрон нæ цæры, æндæр дæ дæ фæллад уадзыны тыххæй кæуылты зилын хъæуид. Дæхицæн æппæтæй зонддæжындæр æнхъæл дæ, фæлæ дын де 'ргом гæды митæ алчидæр уыны. Дæуæй афтæ, дыккаг бон Зухрайы цæсгомыл æмбаргæ мидбылхудт цæмæ фæхъазы? Уымæн æмæ дын дæ зæрдæйы уаг уыны. Дæхицæй кæй æмбæхсыс, уыцы 'нкъарæнтæ дæр ма дын дæ цæстыты кæсы. Уарзон ын кæй нæма ис, æмæ йыл дзæгъæлы кæй гуырысхо кæныс, уый зæгъынмæ дын фæхъавы.

Æдылы сæрмæ цынæ хъуыды 'рцæудзæн. Уарзон ын ис æви нæй, уый чи бæрæг кæны? Ды, ды. Æмæ ма йыл сæтгæ дæр нæ кæныс. Тæссаг дын кæмæй у, уыцы лæппутæй арæхдæр кæимæ фембæлы? Се 'хсæн цавæр ахастдзинæдтæ ис? Кæрæдзиуыл куыд баст сты? Дæ бон ма сæ райхалын бауыдзæн æви нал? Рæстдзæвин цуанонау хъуамæ алы лыстæг хъуыддаг дæр авд хатты сбарай, де 'хст куыд нæ фæмæнг уа, æмæ дæ нæмыг йæ мысаныл куыд сæмбæла, афтæ. Кæимæфæндыдæр цæуæд. Искæй куы бауарза æмæ дзы йæхи атонын куы нал бафæраза, уæд ма мæнæн æхсызгон дæр уыдзæн. Мæ зæрдæ йемæ нал дзурдзæн, æмæ мæ хъуырдухæнтæй фервæздзынæн. Не 'хсæн æгæр бирæ азтæ ис, стæй æгæр рæсугъд у æмæ мын мæ цард фехалдзæн. Кары уæвгæйæ æрыгонмæ ма бабæлл – мастæн дын уыдзæн. Ацы 'мбисонд æдзухдæр мæ зæрдыл лæууы, уæлдай тынгдæр та мæм Алетæйы фæстæ бахъардта æмæ мæ иу минут дæр сабыр кæнын нæ уадзы.

Дæ сæр цæхæры кæй тъыссыс, уый хорз æмбарыс, тæрсгæ дæр дзы кæныс, фæлæ, кæй дзурыс, ууыл дæхæдæг дæр не 'ууæндыс æмæ дæ зонды фæдыл нæ цæуыс, уымæн æмæ дæ зæрдæ æмбисонды цау æрцæуыныл дарыс. Афтæ дæм кæсы, цыма хуымæтæг адæймаг нæ дæ æмæ, адæм цы 'рдзон уагыл цæрынц, уый дæумæ ницы бар дары, æмæ дын Зухра дæ азтыл хъуыды дæр нæ акæндзæн. Æмæ хуымæтæг адæмы 'хсæн иу æмæ дыууæ чызджы смой кодтой сæхицæй хистæртæм? Смой кодтой æмæ дзы цы рамбылдтой? Семирæ Азæмæтимæ цæры,

фæлæ уый цæй цард у? Йæ зæронд лæджы фарсмæ хуысгæйæ æрыгæттæм йæ бæттæнтæ тоны æмæ удхарæй мæлы. Чындз йæ лæгæй фынддæс азы кæстæр у. Руслан æм минæвæрттæ тæрсгæ-ризгæйæ арвыста, ныр æй тъæпп-рæхуыстæй дары. Æрмахуыр фысæй сабырдæр сылгоймаг у æмæ йæ лæджы хъæртæй фесхъиу-фесхъиу кæны. Кæд ын цы фæхъыг уыдзæн, уый нæ зоны æмæ йæм раст ныхас скæнын дæр нæ уæнды. Цалынмæ фæсахсæвæртæм искуы фæцæл кæна æмæ араллогæнгæ æрбацæуа, уæдмæ йæм æркув-æркувгæнгæйæ фенхъæлмæ кæс, стæй йæ лæгъстæгæнгæйæ схуыссын кæ. Шофыртимæ сарайы куы нуаза, уæд та – бынтон бæллæх. Сæ уæлхъус лæуу, сæ хæринæгтæ сын ногæй-ногмæ ив, пъадвалæй сын арахъхъ скъæф æмæ сын сæ расыг дзæнгæдамæ хъус. Иу минут дæр сæ цурæй макæдæм ацæуай. Куыддæр дæ Руслан бафиппайа, афтæ йе 'ртхъирæн цъæхахст кæрты азæлдзæн, æмæ дæ фæстæмæ пецы раз дæ бынат æрцахсын бахъæудзæн.

Фæлæуу-ма, фæлæуу, мæн дæр уыдонимæ барыс? Æмæ уæ цы уæлдай ис? Иу туг, иу стæг не стут? Знон дæр ма Бертæйы дæ ирвæзынгæнæг хуыдтай æмæ ныр… Цы ныр? Демæ цæрыныл разы кæй у, уый бамбæрстай æмæ иннæ чызджытæм кæсын райдыдтай. Ницы сæм райдыдтон кæсын. Бертæ йеддæмæ мæ цардæмбалæн ничи хъæуы, æмæ йæ никæуыл баивдзынæн. Уæдæ, дæ хъæбысæй куы ахизы, уæд Зухрайы цæмæ фæмысыс, дæ фарсмæ йæ цæмæ схуыссын кæныс æмæ йæ цæмæ фæрæвдауыс? Алетæйæ де сæфт куы федтай æмæ дзы дæхицæн знаг куы сарæзтай, уæд ныр дæхæдæг Бертæйыл гадзрахатæй цæмæ цæуыс? Уыцы гаццаимæ нæм иумæйагæй ницы ис, æмæ мæ йемæ ма бар. Мæ хъуыдытыл мæ бон нæ цæуы, фæлæ мæхиуыл цæуы æмæ, куыддæр мæ къахыл слæууон, афтæ Бертæйы ракурдзынæн. Æмæ уæд Зухра та? Бонвæрнон стъалы у æмæ æрттивæд. Цалынмæ мæм йæ рухс кæла, уæдмæ йæм æхсызгонæй кæсдзынæн, стæй йæ кæд ферох кæнин. Цæст кæй нæ уына, уый зæрдæйæ æнцондæр æппарæн у…

* * *

Ацы дунейы цы не 'рцыд, ахæм нæй, æмæ цыфæнды 'мбисонды хабармæ дæр æнхъæлмæ кастæн, фæлæ искуы Харитон иннæ ахуыргæнджытæй хъауджыдæр мæн равзардзæн æмæ мыл йе 'ууæнк бафтаудзæн, уый æнхъæл никуы уыдтæн. Мæ ногцардаразæг бæстæйы зæронд хицæуттæ æвзыгъд лæппутæ фестадысты,

дзæнгæда цæгъдын ныууагътой æмæ кæрæдзи риутыл иуæй иннæ стырдæр хорзæхтæ садзыны бæсты мæгуыр адæмыл сæ удтæ хæрын райдыдтой, зæгъгæ, мын исчи куы загътаид, уæд ууыл тынгдæр бауæндыдаин. Цы зæд ыл атахт, уый нæ зонын, йæ миддунейы цы аивта, уый раиртасын дæр нæ фæразын, фæлæ йыл цыдæр кæй æрцыд, ууыл дызæрдыг нæ кæнын. Æз ам иу директоры ныууагътон, æййафгæ та дзы ʻндæры ʻркодтон. Кæнæ зæронд баци æмæ йæ къамтæ æрæвæрдта, кæнæ йæ сæрызонд фæцыди, æмæ фисынмæ адзæгъæл и.

Иугæр мæ хуызæн хивæнд лæппумæ æрхаудта, уæд йæ хъуыддаг хорз нал у. Æниу ыл дис дæр цы кæнын? Кæрæдзийæ лæгтæ нæ амардтам, лыстæг хъаугъатæ та алкæмæ дæр рауайы. Æз гыццыл уыдтæн, уый та йæ кары бацыд, æмæ, мæнæн мæ зæрдæйы арф фæд чи ныууагъта, уыдон, чи зоны, уымæ хъаргæ дæр нæ бакодтой. Йæ маст утæппæт ахуырдзаутыл куыд хъуамæ аххæссыдаид? Стæй сыл куы ахæссыдаид, уæддæр цы? Йæ алыварс кæсы æмæ дзы, æвæццæгæн, мæнæй хуыздæр нæ уыны. Дзыхъхъы лæуд нæ дæн. Мæхиуыл хæцын фæразын. Ме ʻмкусджытимæ хæларæй цæрын. Мæ предметтæ зонын æмæ сæ сывæллæттæн хорз амоныныл архайын. Урокты сæ æгъдау халын нæ уадзын æмæ уыциумæ дыуупæ сырды марын. Иуæй мæ хиуарзондзинад хъахъхъæнын, иннæмæй сын сæхиуыл аудын. Къласы сæ сæртыл куы цæуой, уæд ницы бамбардзысты æмæ сæ рæстæг дзæгъæлы фесафдзысты. Нырма сæм мæ рæстдзинад фаг нæма хъары, æмæ мын мæ тызмæг ныхасæй стъæлфынц, фæлæ сæм фæстæдæр бахъардзæн, æмæ мæ разыйæ баззайдзысты.

Мæхиуыл хæцын фæразын, зæгъгæ, кæй зæгъын, уым бынтон раст нæ дæн. Ахуырдзау уæвгæйæ ме ʻнæхсæст ахуыргæнджытæн се ʻнæуаг митæ куынæ барстон æмæ-иу семæ куы схыл дæн, уæд сæ ныр ахуыргæнæг уæвгæйæ ахуырдзаутæн куыд хъуамæ ныббарон æмæ мæхицæй хынджылæггаг куыд саразон? Нæ, фæлтау мæ куыст ныууадздзынæн. Мæ игæртæ мын æппæтæй тынгдæр мæнгарддзинад æмæ æдзæсгомдзинад кæрдынц, æмæ мæм сæ исчи ʻргомæй куы равдисы, уæд фырмæстæй педагогикæйы домæнтæ ферох кæнын. Æрæджы мæм кæстæр кълæстæй иу чызг кæуындзастæй æрбазгъордта, æмæ цыма скъола ссыгъди, уыйау тарстхуызæй сдзырдта:

– Ирбек Касболатович, уæртæ нын уыцы лæппу нæ ручкæтæ адавта æмæ нын сæ нал дæтты!

– Дæхæдæг æй федтай давгæ?

– О. Рудзынгæй агæпп ласта, æмæ йæ асырдтон, фæлæ йæ нал аййæфтон. Ныр æй фæрсын, æмæ мын нæ сæтты.

Афтæ мæм фæкасти, цыма ручкæты давд æгæр гыццыл фыдракæнд у, æмæ йæ лæппуйы къласы разамонæгмæ арвитын хъæуы, фæлæ мæ мæхи йæ цæсты бафтауын нæ фæндыди. Мæ зæрдæ мæхиуыл фæхудыны бæсты дæуццаг фарста алыг кæнынherывыл сразы дæн æмæ сæ дыууæйы дæр ахуыргæнджыты кусæн уатмæ бахуыдтон. Сæвджынтæ хъомыл лæппу къæсæргæрон алидзынæввонгæй æрлæууыди æмæ мæм ахст сырдау знæт каст кодта. Аххосджын кæй уыди æмæ йæхицæн æфхæрынæй кæй тарсти, уый йæ цæсгомыл бæлвырд зынди.

– Мæнæ адоны къласæй цы ручкæтæ адавтай, уыдон кæм сты? – бафарстон æй хæрз сабырæй, фæлæ мын мæ хъæлæсы ‘ртхъирæн мыртæ ацахста æмæ фæгæмæл и.

– Æз ницы адавтон! – срæцыгъта мæстыйæ æмæ мыл йæхи атигъ кодта.

– Адавтай, адавтай! Æз дæ федтон! – бауырдыг æм чызг.

Йæ ныхæстæй мæм уыйбæрц æууæнк æрбакалди, æмæ ма мæ зæрдæйы цы дызæрдыджы муртæ уыди, уыдон дæр атадысты. Мæ масты дзæкъул атыдта, æмæ лæппумæ фæлæбурдтон.

– Цы сæ фæкодтай, уый зæгъ, науæд дын ныртæккæ дæ уд сласдзынæн!

– Мæнмæ иу ручкæ дæр нæй.

– Кæмæ сæ радтай?!

– Никæмæ.

Æнæхъæн къласы ручкæтæ кæй адавта, уый йын ныххатыр кодтаин, фæлæ ирон лæппу уæвгæйæ, ахæм налат кæй у, уый йын ныххатыр кæнын мæ бон нæ баци, æмæ йыл хафт-хафтæй ралæууыдтæн. Мæ быны йæ куы æрæфсæрстон, уæд мæм ахуыргæнджытæ æрбакалдысты.

– Ирбек Касболатович, суадз æй. Фæсахъат æй кæндзынæ, æмæ дыл йæ ныййарджытæ тæрхондонмæ бадæтдзысты, – æрхатыдысты мæм лæгъстæхуызæй, фæлæ сын æз сæ ныхæстæ нал хъуыстон. Мæ разы уыдтон, басæттæн кæмæн нæй, ахæм цъаммар давæджы æмæ йыл нал ауæрстон. Æгæр æй куы хостон, уæд мын æй мæ къухтæй скъахтой æмæ йæ асырдтой. Цæмæй йæхи уæлахиздзауыл ма банымайа, уый тыххæй ма йæм мæстыйæ адзырдтон:

– Куынæ сæ æрбахæссай, уæд дæ æз цæхæрмæ сдардзынæн! – æмæ бандоныл мæхи ‘руагътон.

Ацы хабар директоры хъустыл ма ‘рцыдаид, уымæн уæвæн нæй. Уæдæ йын дыккаг хабар та мæхæдæг радзырдтон, уæддæр æй мæ фыд-зыкъуырдзинад нæ уромы. Æмæ кæд фыд-зыкъуырдзинад дæр нæ уыди? Мæ кусæн уатмæ мæхицæн æнцад-æнцойæ хъуыдытæгæнгæ фæцæйцыдтæн, æмæ мæ размæ фæци хъомыладон хайады сæргълæууæг – ныллæггомау саухил чызг Тæирæ. Йæ тыхджын хъæлæс афтид къæлидоры нæрыди, æмæ йæм цымыдисæй ме ‘ргом аздæхтон.

– Кардимæ мæм куыд лæбурыс?! Худинаг дын нæу?! – хъæр кодта, фарæстæм къласы цалдæр азы чи фæбатти, уыцы ахуырдзауыл. Рæстæмбисрæзт, фидæрттæарæзт лæппу йæ къухы кард афтæ зылдта, цыма дзы искæй артæнтæ карста, æмæ йе ‘дылы цæсгомыл былысчъил мидбылхудт хъазыди. Мæн куы федта, уæд дæр йæ цæсгомы хуыз нæ аивта, йæ кард дæр нæ бамбæхста. Æмбæхсгæ нæ, фæлæ ма йæ Тæирæмæ æртхъирæнгæнгæйæ дæр батылдта:

– Дæхи дарын куынæ зонай, уæд дын æз мæнæ амæй дæ тъæнгтæ ракалдзынæн!

– Лæмæгъ сылгоймагмæ кардæй æвзидынæн бирæ лæгдзинад нæ хъæуы. Ахæсс æй, æмæ йæ, дарддæр цы ран у, уым бамбæхс, – загътон ын сабырæй æмæ мæ кусæн уатмæ араст дæн.

– Æмæ йæ куынæ бамбæхсон, уæд цы уыдзæн? – айхъуыстон ын йæ ардауæн фарст æмæ йæм ме уæхсчы сæрты ракастæн.

– Фендзынæ йæ. Æз дæр ацы къуыбырты ‘хсæн схъомыл дæн, æмæ дæ дæ хæйрæджытæ мæныл ма сардауæнт. Карз æфхæрд æмæ мæ мукъуты над йеддæмæ ницы ахæсдзынæ...

Дыккаг бон къласы урок дæтгæйæ мæ хъустыл мынæг æхситт ауад, æмæ мæ туг мæ сæрмæ ныццавта. Мæ ныхас фæурæдтон æмæ æрвдзæфау бандзыг дæн. Ахуырдзаутæ дæр федзæм сты æмæ мæм тарстхуызæй кæсынц. Лæппуйæн йæ уазал цæсгомыл былысчъил мидбылхудт фæзынди, æмæ мæ мæстæй мары. Дыууæ арты ‘хсæн бахаудтæн æмæ, цы кæнон, уый нæ зонын. Бафхæрин æй, æмæ уæд та уый нæ уыди, ма йæ бафхæрин, æмæ ме зноны сусæг æртхъирæн сывæллоны хъазæны афтид гуымсау уæлдæфы æвæдæй атайдзæн. Цæй, иу хатт ма йæ бафæлварон. Кæд нал бауæндид. Ме стъолы цурмæ бацыдтæн, æмæ цыма æппындæр ницы ‘рцыди, уыйау ахуырдзаутæн ног æрмæг амонын.

Мæ хъустыл уыциухуызон мынæг æхситт уайы æмæ мын мæ зæрдæйы уидæгтæ рæдувы. Фæнды мæ лæппуйыл мæхи ныццæвын æмæ йæ къултыл фæхойын. Йе 'мбæлтты цур йæхи хъæбатырæй равдисыныл кæй архайы, уый æмбарын, фæлæ мын мæ сæрыстырдзинад йæ къæхты бын кæй ссæнды, уый ме 'ппæт æнкъарæнтыл дæр уæлахиз кæны æмæ мыл арт æндзары.

– Сыст-ма уæлæмæ! – дзурын æм тызмæгæй, фæлæ уый йæ цæсгом ныддардта æмæ йæ бынатæй змæлгæ дæр нæ кæны. Йæ налат цæстытæй мæм комкоммæ кæсы, æмæ мæ кæй нæ тæрсы, уый æргомæй æвдисы. Мæ маст мæ риуы цæдждживагау фыцы, æмæ мæ къухты зыр-зыр цæуы.

– Сыст æмæ ахъуытты у ардыгæй, науæд фæсмон фæкæндзынæ!

Нæй, йæ цæсгом ныддардта æмæ къæрттæй цъула не 'ппары. Æз бандонмæ фæлæбурдтон æмæ йын йæ къæхтæ мæ тых-мæ бонæй пъолыл æрцавтон. Чъырау мæ маст мæ хуылфы 'хсиды, фæлæ мæ йæ коммæ кæсын кæй нæ хъæуы, уый æмбарын, æмæ мæхиуыл тыххæй хæцын.

– Фесæф мæ цæстыты разæй, цъаммар хуы! – хъæрзæгау ралæмæрстон мæхицæй, æмæ сабыргай сыстад, куыд æдзæстхиз у, уый равдисыны тыххæй стъолыл схæцыд æмæ йæ размæ бафæлдахынæввонгæй дары, ома, ницæмæ дæ дарын, æмæ мæ цы фæнды, уый кæнын. Къахæй-сæрмæ нервыты къуыбылой фестадтæн. Мæ нуæрттæ ныттынг сты, фæйнæрдæм фæтонынц æмæ мæ рæстмæ хъуыды кæнын нæ уадзынц. Мæ цæстытыл уайы, ныртæккæ йæ бандонæй куыд ныццæвдзынæн, æмæ пъолыл куыд æрфæлдæхдзæн, уыцы ныв, æмæ мæм нæ тæригъæд гуыры, нæ – фæсмон. Размæ мæ схойы, æрмæстдæр туджы уындæй чи 'рсабыр уыдзæн, ахæм маст. Уæлдай æнæуынондæр мын у, мæ ахуырдзаутæм мын мæ лæмæгъдзинад кæй æвдисын кæны, стæй мæ Зухрайы цæсты кæй æфтауы, уый тыххæй, æмæ мæхи уромын нал фæразын.

– Феддæдуар у, куыдзæй цы куыдз райгуырд, уый! – æхсаргардæй æрцъыкгæнæгау алыг кодтон æз æмæ бандон фелвæстон. Кæй йыл нæ бацауæрддзынæн, уый йæм нырма ныр бахъардта, æмæ йæ цæстыты тас фæзынди, стъол зивæггæнгæ æруагъта æмæ дуары 'рдæм бæгуылæгау сæрыстырæй араст и.

– Абонæй фæстæмæ мах скъоладзау нал дæ, æмæ дæ ам куыд никуыуал фенон, афтæ! – йæ ныхмæ фæлæууæн кæмæн нæй, ахæм хъæлæсы уагæй ма йыл бакалдтон мæ масты фæстаг пырхæнтæ

æмæ мæ хъаст директормæ бахастон. Харитон цыма мæнмæ æнхъæлмæ касти æмæ, мæ фæнд куы аивон, уымæй тарсти, уыйау бардзырд фыссынмæ фæци, æрмæст ма мæ йæхи бахъахъхъæныны тыххæй гуырысхотæгæнгæ бафарста:

– Йæ ныййарджытæ нæм куы ʻрбацæуой, уæд ахуыргæнджытæй исчи йæ фарс рахæцдзæн?

– Нагъ. Се ʻппæт дæр дзы сæ хъуырмæ сты, æмæ йæм сæ иу къух иннæуыл дарынц. Æгъдау халы, ахуыр нæ кæны, кусын никæй уадзы…

– Хорз, хорз. Разы дæн демæ, – загъта директор æмæ йæ скъолайæ атардта. Æнхъæл уыдтæн, йæхинымæр мæ бæстызмур, змæнтæг рахондзæн æмæ мæ йæхи дæрдты ласын райдайдзæн, уый та мыл æнувыддæр фæци. Йæ къæлæтджыны бады æмæ йæ гæххæттытимæ цыдæртæ архайы. Куы сæ иу ран авæры, куы – иннæ ран. Цæй тыххæй мæм фæдзырдта, уый нæ зонын æмæ йæм фæрсæгау кæсын, фæлæ уый йæ цæстытæ хæрдмæ нæ исы. Назирæйы цыма исчи сургæ æрбакодта, уыйау дуар йæ сæрыл æрбахаста æмæ талф-тулфæй сдзырдта:

– Хатыр, хатыр. Мæ кæстæр лæппу фæрынчын, æмæ уый тыххæй афæстиат дæн.

– Бирæ дæ нæ бахъыгдардзынæн. Хъуыддаг æнæ дæу дæр алыг кодтаин, фæлæ дæ кæд исты зæгъын фæнды, мыййаг. Уæвгæ ма йыл дзургæ дæр цы кæнæм? Ирбек Касболатович, нæ зæрды дæ ахуыры хайады сæргълæууæгæй сæвæрын и…

– Æмæ уæд Назирæ Адеевнæ та?

– Уый горæтмæ цæуы.

– Цæрынмæ?

– О. Дыууæйæ аныхас кодтам æмæ дæуыл æрæнцадыстæм.

– Æз дзы ʻндæр никæй уынын. Ахæм уæззау коллективимæ Ирбег йеддæмæ ничи сарæхсдзæн.

– Мæнмæ дæр афтæ кæсы.

– Бузныг. Æгайтма мыл уæ зæрдæ дарут, фæлæ æгæр тагъд нæ кæнут? Нырма æрæджы куы райдыдтон кусын…

– Ма тæрс! Сарæхсдзынæ! – куынæ сразы уон, æмæ горæтмæ йæ балц куы бакъуылымпы уа, уымæй тæрсгæйæ мын ныфсæвæрæгау мæ къухмæ бавнæлдта Назирæ æмæ Харитонмæ æххуысагур бакаст.

– Баныхас кодтам уæдæ, нæ? – йæ фæллад цæстытæ мæм фæрсæгау разылдта директор.

– Куыд уæ фæнды, афтæ, – дзуапп ын радтон æз æмæ сыстадтæн.

* * *

Искæмæн исты хæрзиуæг куы скæнын, уæд мæхицæн уымæй æхсызгондæр вæййы. Мæ афтид дзыпп мæ хæрдмæ скæсын никуы бауагъта, æмæ æдзухдæр адæмы 'хсæн ныхкъуырдæй цыдтæн. Ныр кæдæй-уæдæй мæхиуыл схæцыдтæн, æмæ ме уæнджы цыдæр ныфс бацыди. Абон куынæ уа, уæддæр райсом мæ къахыл кæй слæудзынæн, ууыл æууæндын æмæ мæ исбоныл нæ ауæрдын. Тугъан æгæр бæгъгъæттзæрдæ кæй у, уый тыххæй йын уайдзæфтæ фæкæнын, фæлæ мæхæдæг уымæй фæфыддæр дæн. Мæ сыгъдæг фæллойæ мæ бон искæй зæрдæ балхæнын кæй у, уый тыххæй мæм сæрыстырдзинад æвзæры, мамæлайы къæбæрмæ æрхауыны тасыл уæлахиз кæны, æмæ дон тæвд змисы сæфæгау мæ мызд кæдæмдæр ивылы. Афтидармæй кæй базза-йын, ууыл æппындæр нæ мæт кæнын. Артмæ мæ ничи дары, мæ рæбын мын ничи сгары, ничи мæ ницæмæй фæрсы. Къахæйсæрмæ мæхи бар дæн æмæ мæхи фæндæй калын ме 'хцатæ, уымæн æмæ цæстыфтыдæй бирæ фæцардтæн. Æгадхуыз сидзæрæй мæ чи зыдта, уыдон мыл æгайтма 'рвæссынц æмæ мын мæ лæвæрттæ исынц.

Ахæм зæрдæйы уаг мæ се 'мрæнхъ лæууын нæ уадзы, æмæ дзы мæхи ссыгъдæг кæныныл архайын, фæлæ мæ гæвзыкк сабидугимæ баст у, æмæ дзы афтæ æнцон фервæзæн нæу. Æгайтма мыл æрвæссынц... Ацы дæлдзиныггæнæг дзырдтæ мемæ æмдзу кæнынц æмæ мыл сахсæнтæ æвæрынц. Хъуын æрхæцын мыл кæй нæ бауадздзысты, уый æмбарын, фæлæ сæ мæ сæрæй аппарын нæ фæразын. Æнхъæл уыдтæн, æхца æрæмбырд кæндзынæн, мæхицæн иу къуым балхæндзынæн æмæ йæм Бертæйы 'рхæсдзынæн, фæлæ æхца 'мбырд кæнынæн дæр нæ дæн, ус курынæн дæр. Бертæ мын ме 'гуыдзæгдзинад базыдта æмæ мыл йæ къух ауыгъта. Йæ авналæнтæм гæсгæ йæхиуыл фæхæцыди æмæ æнхъæлмæ фæкасти, мæ рæвдауæн митæн мын дзуапп фæлæвæрдта æмæ мæм йæхи уæзданæй февдыста, фæлæ йын куыддæр фадат фæци, афтæ дыууæизæрастæу мæ цуры алæууыди æмæ мæм барджынæй сдзырдта:

– Дзæуджыхъæуæй мæм минæвар æрцыд, æмæ йын цы зæгъон?

«Тагъддæр мæ ракур, науæд æндæрмæ смой кæндзынæн».

Комкоммæ мын ацы ныхæстæ нæ загъта, фæлæ цæмæдæр гæсгæ мæнмæ адон æрбайхъуыстысты, æмæ хорзау нал фæдæн. Иуцасдæр зæгъын ницы сфæрæзтон, стæй йæм дисмæ кæсæгау бакастæн. Мæ бинойнагыл кæй банымадтон, уыцы æвæлмас чызг мæ ахæм цæхгæр дзуапп æрдомдзæн, уый мæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди. Афтæ æнхъæлдтон, кæрæдзи хорз æмбарæм æмæ, иумæ кæй уыдзыстæм, ууыл дызæрдыг нæ кæнæм, фæлæ та мæ, æвæццæгæн, ацы хатт дæр ме'нцонæууæндаг зæрдæ фæсайдта.

– Цавæр минæвар? – кæд мæ къахгæ кæны, зæгъгæ, йæ фæрсын дæ зæрдæ-мæ зæрдæйæ.

– Минæвар-иу цавæр вæййы? Усгуры...

– Æмæ чи у?

– Абысал.

– Кæй Абысал?

– Нæ фарсмæ чи царди æмæ горæтмæ чи алыгъди, уый.

– Æмæ дæ кæмæн куры?

– Йæ фыртæн.

– Бечырæн?

– О.

– Æмæ дæ кæм федта? Ам куы никуы вæййы.

– Айфыццаг горæты мæ размæ фæци, æмæ йыл рагон сыхагау баузæлыдтæн. Уый мæм дзæвгар рæстæг цыбæлхуызæй фæкасти, стæй мын мæ къух райста æмæ сусæгвæндгæнæгау афтæ бакодта:

– Тагъд уæм мæ фыд ныццæудзæн, æмæ-иу æй хорз суазæг кæнут.

– Табуафси, рацæуæд нæм, мах уазджыты бирæ уарзæм æмæ йыл, куыд нæ бон уа, афтæ бацин кæндзыстæм, – загътон ын хъазгæмхасæн æмæ йæ мæ фæдыл кæсгæйæ ныууагътон. Минæвар хи фыды 'рвитгæ никуыма федтон æмæ цæмæй хæйрæг уыдтæн? Мæнæй афтæ нæм æнæуи цæуы...

«Сай мæ, сай. Ссардтай дæхицæй æдылыдæр. Кæнæ дæ зæрдæмæ фæцыди кæнæ дæ мæн сцырын кæнынмæ бахъуыди», – ахъуыды кодтон мæхинымæр æмæ мæ мидбылты бахудтæн. Цæй худт æмæ цæй цыдæр. Сагъæстыл фæдæн, æмæ йын цы зæгъон, уый нæ зонын. Уæвгæ ма дзы дзурын дæр цы хъæуы? Алцыдæр бæрæг у. Йæ зæрдæ лæппумæ ахсайдта. Æмæ уым диссагæй ницы и. Кæд Абысал æмæ Бечырыл арæх не 'мбæлын, уæддæр сын сæ хабæрттæ хъусын, æмæ сæ иуæй дæр мæ бон

ӕвзӕр зӕгъын нӕу, уӕлдайдӕр, фыдӕй. Хӕстӕн йӕ тӕккӕ райдайӕны ӕнӕхъӕн ӕфсадимӕ уацары бахаудта ӕмӕ суанг йӕ фӕуынмӕ карды комыл фӕцыди. Цӕдисонты салдӕттӕ йӕ пецы дзыхӕй раластой, ӕмӕ цалдӕр мӕйы йӕ рӕсугъд усимӕ ацарди, стӕй дзы йӕ уарзон бӕстӕйы цъӕххудджын гуыппырсартӕ фыдыбӕстӕ уӕйгӕнӕг ацарӕзтой ӕмӕ йӕ ног зындонмӕ баппӕрстой. Фараст дӕргъвӕтин азы дзы фараст судзгӕ зилдухӕны удхарӕй фӕмарди, фӕлӕ йӕ ныфс нӕ асасти. Йӕхи къухтӕй горӕты замманай хӕдзар сарӕзта ӕмӕ йӕм хъӕуӕй йӕ бинонты аласта. Ӕвзыгъд, цӕхӕрцӕст, кафаг, зараг, мӕлгъӕвзаг, цардбӕллон. Йӕ хъӕлдзӕг ныхасмӕ йын куы байхъусай, уӕд зӕгъдзынӕ: ай лагерь ӕмӕ ахӕстон йӕ цӕсты кӕронӕй дӕр никуы федта.

Йӕ фырт мӕнӕй цыппар азы кӕстӕр у, фӕлӕ йӕхи афтӕ дары, цыма кардзыд куырыхон лӕг у ӕмӕ Ирыстоны хъуыддӕгтӕ иуылдӕр уый лыг кӕны. Йӕ мады хуызӕн мыдхуыз, сӕгъдзаст, хӕрзаив. Фыццаг бакастӕй дӕр адӕймаджы цӕст йӕхимӕ здахы, ӕмӕ Бертӕйӕн бамбарӕн и. Йӕ хъул сах абадти, ӕмӕ йӕм разӕй ӕнхъӕлмӕ кӕсы бӕллиццаг фидӕн. Ӕнӕдон ранӕй дон чи рауадздзӕн ӕмӕ йӕ бинонты судзин хъуаг дӕр чи нӕ ныууадздзӕн, ахӕм хицау, йӕ фӕллӕйттӕ йын чи бабиноныг кӕндзӕн ӕмӕ бинонты ‘хсӕн ӕгъдау чи сӕвӕрдзӕн, ахӕм фырнымд ӕфсин, ӕрхъӕцмӕ дӕр ыл чи нӕ хъӕцдзӕн ӕмӕ йӕ ӕрвылбон дӕр чи рӕвдаудзӕн, ахӕм ӕрыгон хӕрзуынд лӕг, йӕ амонд кӕм ссардзӕн ӕмӕ цардӕй кӕм бафсӕддзӕн, ахӕм мыды къусчы хуызӕн хӕдзар. Цы ма хъӕуы сылгоймаджы уымӕй хуыздӕр? Ӕнӕниз сывӕллӕттӕ дзы ар ӕмӕ сӕ ӕхсызгонӕй хъомыл кӕ.

Йӕ бынаты бирӕтӕ мӕ хуызӕн ӕнӕныфс хӕлиудзыхмӕ цӕугӕ дӕр нал ӕрбакодтаиккой, ӕмӕ дзы хъуамӕ бузныг уаин, мӕнӕн та хъыг у, йӕ зӕрдӕ кӕй фӕсаджил, ӕмӕ йын ӕнӕ мӕн бафӕрсгӕйӕ ӕргом «нагъ» зӕгъын кӕй нӕ фӕразы, уый. Цӕмӕй мӕнмӕ ӕнхъӕлмӕ кӕсгӕйӕ йӕ фыды уӕларт урс дадалитӕ ма рауадза ӕмӕ фӕсмонгонд ма фӕуа, уый тыххӕй мӕ фидар дзуапп кӕй домы, ууыл дӕр разы дӕн, фӕлӕ йын йӕ хӕлар ахаст ӕхсидгӕ уарзондзинады бӕсты кӕй райстон, уый мӕхицӕн нӕ барын. Зӕрдӕйӕ мӕ куы уарзид, уӕд мӕм ахӕм фарст раттын йӕ хъуыдыйы кӕрон дӕр не ‘рцыдаид.

«Мӕн хъӕуы, дӕ цард иуылдӕр кӕм бацӕуа ӕмӕ дӕ цыфӕнды

зын уавæрты дæр мæнæй чи нæ атона, дæ дызæрдыг хъуыдытæ дын дæ сæрæй чи фæсура æмæ дæ уæларвæй æруадзгæ ләппумæ бакæсын дæр чи нæ бауадза, ахæм тыхджын уарзондзинад».

Ацы ныхæстæ йын куы загътон, уæд мыл хæрзаг йæхинымæр фæхудти. Уæвгæ, чи зоны, рæдийын. Адæймаджы фæазымджын кæнынæй йæ бамбарын æмæ йемæ сразы уæвын зындæр у. Кæд йæхицæн ныууадзынæй тæрсы, мыййаг? Ау, хи бинойнагау кæуыл сахуыр и æмæ алы бон йæ хъæбысы кæй рæвдауы, уый ныхасыл æппындæр не 'ууæнды? *Æ*ви зæрдæ фыды мур йеддæмæ ницы у æмæ, кæд кæцырдæм фæзилдзæн, уымæн ницы бæрæг и? Бæгуыдæр ын и. *Æ*з цыфæнды зын уавæрты дæр мæ ныхасы сæрты нæ ахиздзынæн. Ард ын нæ бахордтон, фæлæ йын йæ зæрдæйы ныфс бауагътон æмæ йыл гадзрахатæй нæ рацæудзынæн. Уæдæ мыл уый цæмæ сдызæрдыг и æмæ мæ йе 'нæууæнкдзинадæй цæмæ æфхæры? Йæ зæрдæ мыл нæ дары æви та амæн дæр йæ хъуыдытæ æндæрырдæм адзæгъæл сты, æмæ ма мæ æфсæрмæй фæрсы? Кæд йæ сусæгдзинад арфдæр æмбæхст и, æмæ йæ æз нæ уынын? *Æ*гæр хорз дæр ма йæ уынын. *Æ*нæнхъæлæджы кæуыл сæмбæлди, уыимæ мæ иу тæразыл кæм бары, уым уарзондзинадæн йæ кой дæр нæй. Ис дзы 'рмæстдæр уазал зæрдæйы ахаст æмæ мой скæныны бæллиц. Куынæ йæ бауромон, уæд Бечырæн разыйы дзуапп ратдзæн æмæ йæм æнæдызæрдыгæй ацæудзæн. Уарзын æй æви нæ, уымæй мæ фæрсгæ дæр нæ бакæндзæн, уымæн æмæ йын уый сæйраг нæу.

Нырма йæ зæрдæйы ме 'мыджырæй фылдæр бынат ахсын, æмæ мæ коммæ бакæсдзæн, фæлæ ус курынмæ цæттæ нæма дæн, æмæ мæм кæдмæ баддзæн? Мæнмæ гæсгæ, уый дæр уыцы фарст æвдæрзы æмæ фæсдуар тыхстхуызæй уымæн лæууы. *Æ*з уымæй тыхстдæр кæй дæн, уый кæцæй зоны? Иу арты цал хатты басудзæн и, уымæн цы 'мбары? Йæ мады хъæбысы æнæмæтæй чи схъомыл и æмæ сывæллонæй кæимæ хъазыди, уыцы чызгæй цы рауади, уый нæ зонгæйæ йæ курыныл чи ныллæууыди, уымæ йæ нæ ауадзин, фæлæ мемæ кæйдæр фатерты рахау-бахаугæнгæйæ куы сфæлмæца, уæд афтæ æнхъæлдзæн, горæты цæттæ хæдзары Бечыримæ йæ цард хуыздæр ацыдаид, æмæ мын йæ рæдыд нæ ныббардзæн. Ахæм сылгоймаджы уромын хъæуы, цымæ? *Æ*вæццæгæн, нæ.

– Цы дзуапп раттон уыцы лæгæн? – фæрсы мæ æнæрхъæцæй æмæ мæ рæхойы йæ хъæлæсы 'ндон мыртæй.

– Мæн дзæгъæлы фæрсыс. Ам дын æз уынаффæгæнæгæн нæ бæззын. Алчидæр йæ хъысмæт йæхæдæг аразы. Дæ зæрдæйы бафæрс, æмæ дын цы зæгъа, уый бакæ.

– Æндæр мын ницыуал зæгъдзынæ?

– Нагъ.

Чызг цæхгæр фæзылди æмæ феддæдуар и, æз æнæзмæлгæйæ бадын æмæ, бæстæ куыд талынг кæны, уымæ æдзынæг кæсын. Рæстæг мыл ныддаргъ и, фæлæ йын йæ цыд нæ хатын.

– Мæ хæдзар, уыгау æхсæвыгон уынын райдыдтай? Цырагъ та цæуыннæ судзыс? Дæхицæн æй хæлæг кæныс? – къæсæрыл лæугæйæ мæ дисхуызæй фæрсы Зæйрæт. Сæвджынтæ сылгоймаг у, æмæ мæм гом дуарæй цы мынæг рухс калди, уый йæхицæй бамбæрзта. Аминæтмæ æрбацыд, æвæццæгæн, æндæр мæнæй йæ сæр хойы? Зæрондырдæм æнæ кæрæдзи нал фæразынц, æмæ сын хуыссыны размæ цы гыццыл рæстæг вæййы, уый фынджы уæлхъус æнæбары комдзæгтæгæнгæйæ арвитынц. Иннæтæй хъауджыдæр ма мæнæн мæ мады ‘мхæрæфырт дæр у, æмæ йыл хионау æнувыд дæн. Мæгуыр сидзæргæс уæвгæйæ йæ къуыдипп тиу æмæ йе ‘ддæхъус файнусты дзидзидай сывæллоны кæй схаста æмæ йæ сæфын кæй нæ бауагъта, уый тыххæй та йын уæлдай стырдæр аргъ кæнын. Йæ къухæй бирæ къæбæр бахордтон æмæ дзы тынг бузныг дæн. Уымæ гæсгæ йын арæх мæ зæрдиаг ныхæстæ дæр ракæнын. Бирæ хъизæмæрттæ чи бавзара, уымæ искæй зындзинад кæй бахъардзæн, уый мæ уырны æмæ мæ фæнды йæ цуры мæ тыппыртæ суадзын. Ноджы йын йе ‘ндæрг йеддæмæ ницы уынын, æмæ мæм афтæ кæсы, цыма къулыбадæг ус у æмæ мæ раст фæндагыл сараздзæн.

– Рухс дæ зæрдæйæ куынæ цæуа æмæ дын дæ цæстытæ куынæ æрттивын кæна, уæд цавæрфæнды цырагъ дæр ссудз, дуне дæм тарæй зындзæн æмæ дæ зæхмæ æлвасдзæн, – дзурын æм æвуункджынæй, æмæ мыл худы, æдзухдæр куыд фæхуды, афтæ – цъæхснаг хъæлæсæй.

– Йæ бонæй уа, дæ карæн ма чи у. Æз дæ бынаты мæ цард афтæ саразин, мæ зæрдæйы рухс æппындæр куыд нæ хуысса, æмæ мæм адæм сæ былыцъæрттæ куыд хæрой.

– Куыд æгъдауæй?

– Дæ фадæттæ мæнæн ратт, æмæ йæ фендзынæ.

– Цавæр фадæттæ мын и уагæр?

– Æвадат та цæмæй дæ? Дæ конд – конд, дæ уынд – уынд, дæ

зонд – дæхимæ. Замманай куысты кусыс. Иуæй иннæ æрыгондæр æмæ рæсугъддæр чызджытæ – дæ фарсмæ. Куыд хъусын, афтæмæй дыл дзы иу дæр йæхи нæ атигъ кæндзæн, куы сæм баулæфай, уæд. Суанг ма дыл дæ ахуырдзаутæ дæр зæрдæхъæрмттæ кæнынц.

– Искæмæн йæ цард – бирæ, йæ низ – гыццыл. Дæумæ байхъус, уæд нæ хъæуы мæнæй бæллиццагдæр усгур нæй, афтæмæй мæ чызджытæ фæйнæрдæм лидзынц.

– Бертæйæ зæгъыс?

– Кæцæй йæ зоныс?

– Ныртæккæ мыл уынджы амбæлди æмæ мын йæ хабæрттæ радзырдта. Тынг æй бафхæрдтай.

– Æз – уый, æви уый – мæн?

– Цæмæй йæ дæхиуыл æрæуууæндын кæнай æмæ йын зæрдæ бавæрай, уый тыххæй дæм æрбацыд, ды та йæ Бечыры хъæбысмæ баппæрстай.

– Никæй хъæбысмæ йæ баппæрстон, æмæ йæхи ма рæстытæ кæнæд. Нæ дыууæйæ йын иуы равзарыны бар кæй радтон, уый мæхицæн æфхæрдыл нымайын, фæлæ йыл разы кæнын. Йæ зæрдæмæ ныккæсæд æмæ йæ цард йæхи фæндиаг саразæд, уыйфæстæ куыд никæй азымджын кæна, афтæ.

– Нæ дæ æмбарын. Дæхиуыл дæ зæрдæ нæ дарыс æви?

– Мæхиуыл дарын, фæлæ ууыл – нæ. Иу усгур æм фæзынд, æмæ мæм бынтон æндæр цæстæй ракаст. Уагæр ма йæм сагсур лæппутæ къахихсыд куы бауыдаиккой, уæд та ма мын цы хуртæ фенын кодтаид?

– Сылгоймаг лæмæгъ у, алцæуыл дæр дызæрдыг кæны, æмæ йын барын хъæуы.

– Мæн та уарзондзинад хъæуы, мæнæ ды дæ лæджы цы уарзтæй уарзыс, ахæм уарзондзинад. Йемæ афæдз дæр нæ ацардтæ, афтæмæй ныр дæр йæ койæ не 'фсæдыс. Хæсты цæхæры кæй басыгъд æмæ дæм кæй нал сыздæхдзæн, уый зоныс, уæддæр ма йæм æнхъæлмæ кæсыс, æмæ йын дæ зæрдæ хист скæнын дæр нæ комы. Æнæкъах, æнæкъухæй дæм æй куы 'рбаласиккой, уæддæр æй цингæнгæйæ райсис æмæ йæм гыццыл сывæллонау зилис.

– Цыфæндыхуызонæй дæр ма йæ мæ цæсты кæронæй иу уынд куы фæкæнин, æмæ мæ мæ рахиз къабаз дæр куынæ уаид.

– Иу æмæ дæ дыууæ курæджы нæ уыди, фæлæ дзы иуæн дæр разыйы дзуапп нæ радтай, уымæн æмæ, дæ зæрдæйы цы

бынат ахста, уый нæ сафтид и. Йæ чызджы æдде ма йын йæ тыфтырыкъо 'фсымæры хъæбулы дæр схастай. Куыд дæм кæсы, дæ бынаты Бертæ дæр афтæ бакæнид? Нæ бакæнид, нæ. Уарзгæ чи фæкæны, уый йæ уарзон адæймаджы тыххæй цæуылфæндыдæр разы вæййы æмæ йæхицæн æгъдæнцæйттæ нæ фæагуры, амæн та йæ фыццаг усгуры минæвары уындæй йæ зæрдæ хохы цъуппыл абадти, æмæ ма йæ хъæлæсы уаг дæр аивта.

– Уæддæр искæдæм ауадзынмæ æвгъау у. Мæгуырæй схъомыл дæ, æмæ дæ амæй тынгдæр ничи бамбардзæн. Кæрцæн йе 'мпъузæн – йæхицæй.

– Дыууæ уды астæу стыр æууæнк куынæ уа, кæрæдзийы цæрайæ куынæ цæрой, айк дыууæ дихæй куынæ хæрой, сæ иуы маст æмæ цин иннæмæн маст æмæ цин куынæ уой, уæд цас нæ баиу уой, уыйас – хуыздæр.

– Сылгоймаг цы у, уымæй дзы фылдæр ма дом æмæ дын æнцондæр цæрæн уа. Цалынмæ нæ байрæджы, уæдмæ йæ раздах.

– Йæхи бар æй уадз. Абон æй куы раздахон, уæддæр æй райсом нал бауромдзынæн. Æнæдуар, æнæкъæсæр лæг кæй хъæуы?

– Уый дæуæн загъдæуа. Мæ фыдгул рæмпæгау сусæгхор уæд. Кæрдзындæттон лæг дзæнæтмæ цæуы, фæлæ гомгæрццæй дæ сомбоныл æппындæр ма хъуыды кæ, уый дæр цас хорз у? Цыма дæ бынтæ ракæл-ракæл кæнынц, уыйау сæ хæстæгæй æддагонæй се 'ппæтыл дæр уарыс. Дæхиуыл фæхæц, науæд дыл æдзæсгом уплитæ сагъуыйдзысты æмæ дæ æдылыйæ тондзысты, æнæ хæлафæй дæ ныууадздзысты æмæ дыл сусæг-æргомæй худдзысты. Ирон адæмы 'хсæн хæрзæфсымæрмæ цæрын дæр æгад у.

– Æнхъæлыс, мæ уавæр мæхæдæг не 'мбарын? Æгæр хорз дæр ма йæ æмбарын. Мæ рæбыны мæ исты капеччытæ авæрын дæр фæфæнды, фæлæ адæмы хъуæгтæм кæсын нæ фæразын, æмæ та мæ чыссæ райхалын...

– Æхцайæн йæ бакусынæй йæ бафснайын зындæр у, фæлæ дæ уыцы зындзинады сæрты ахизын хъæуы, уымæн æмæ дын горæты иу къуым æнæ балхæнгæ нæй. Зæфцы фыдæй фесæфынмæ æвгъау дæ, æмæ лидзгæ ардыгæй. Ам дæуæн ницы хъуыддаг и. Хуыцау мын дæу хуызæн лæппу куы раттаид, уæд зæххыл мæнæй амондджындæр сылгоймаг нæ уыдаид, фæлæ хъысмæттæ уарæгæн цы зæгъон?

Къæсæрыл куыд æнæнхъæлæджы фæзынд, фæстæмæ дæр афтæ æнæнхъæлæджы ‘рбайсæфт, æмæ ме ‘ргом гыццыл рудзынгмæ аздæхтон. Æрвгæронæй стылди сырх-сырхид егъау мæй, фæткъуы бæласы къалиуты ‘хсæн тыбар-тыбур кæны æмæ мæм æбæрæг æнкъарæнтæ хæссы.

* * *

Алчидæр йæхи донæй сыгъдæгдæр кæм хоны, æмæ æнæ ахсосæй кæм фæазымджын уыдзынæн, уырдæм барвæндæй мæхи куыд батъыстон, цымæ? Кадылмард куынæ дæн, адæмы сæргъы лæууынмæ куынæ тырнын, мæ хъысмæт мæ кæмæ баппæрста, уыдонæн сæ дæргъ дæр æмæ сæ уæрх дæр хорз куы зонын, сæхи хъахъхъæнгæйæ мæ цъыфы кæй сæвдулдзысты, ууыл дызæрдыг куынæ кæнын, уæд мæ хицæуттæн афтæ æнцонæй сайын куыд бакуымдтон? Уæвгæ мæ, чи зоны, сайынмæ дæр нæ хъавыдысты, фæлæ удисæгæн цы уæлдай у? Фæнды йæ хин æмæ кæлæнæй амар, фæнды æуууæнкæй. Æппæлæн ныхæстæгæнгæ мын мæ бæрзæйыл уæззау æфсондз сæвæрдтой æмæ фæйнæрдæм фæлыгъдысты. Раздæр ма мын-иу сихорæй нæхимæ бауайыны фадат фæци, æмæ-иу мæ къухы æнæбары комдзæгтæ акæнын бафтыди, фæлæ мæ ныр мæ сæр аныхынмæ дæр нал æвдæлы, æмæ бон-изæрмæ æххормагæй баззайын.

Назирæйыл мæ зæрдæ нæ худы. Йæ рæсугъд сылуарзаг мой горæты амæй-ай цыбæлгæнæндæр сылгоймæгты ‘хсæн йæ фыдынд усмæ бæлгæйæ ком кæй нæ дары, уый зоны, нæ йыл æуууæнды æмæ дзы цæмæй бынтондæр ма фæхицæн уа, уый тыххæй йæ фарсмæ уæвыныл архайы, фæлæ Харитон та цæмæй тæрсы? Йæ зæронд усимæ куыдз æмæ лæдзæгæй уæлдай куынæ сты, иу минут дæр æй æнæ хъаугъайа куынæ уадзы, уæд ыл йæхи цы ныхасы? Цыма къæдзæхтæ фæлдæхта, уыйау ма-иу стæмхатт хъуыддагхуызæй æрбауади, йæ кабинеты-иу дуаргомæй абадти, ам дæн, æмæ уæ мæн тыххæй æнæуууылд ныхас макæмæй схауæд, зæгъгæ, йæ тæнæг цъæх тетрады-иу æндон æрттиваг растхахгæнæн æмæ ручкæйæ бæзджын хæххытæ акодта, цыдæртæ дзы-иу афыста æмæ-иу йæ хæс æххæстгондыл банымайгæйæ сæрыстырæй ацыди. Ныр йæ кой, йæ хъæр дæр никæцæйуал хъуысы, æмæ йæ афтæ æмбарын, цыма йæ каст мæнмæ уыди, æмæ мæ ардæм куыстæй йæхи суæгъд кæныны тыххæй æрбаласта.

Зæххы скъуыды ныххауæгау æрбадæлдзæх и, æмæ ахуыргæн-

джытæн сæ хъул сах абадти. Сæхи бар баззадысты, æмæ дын Хуыцау ахæм хорз авæра – ронбæгъдæй цæуынц, сæ сæрибардзинадыл цинæй мæлынц æмæ сæ хицауы сæфтмæ бæллынц. Афтæ сæм кæсы, цыма сæ куыст æрмæст уроктæ дæттынæй хицæн кæны. Æмæ ма сын истæйаг дæр куы уаиккой. Искуы иуæй фæстæмæ иннæтæм хъусгæйæ мæ зæрдæ бамæгуыр вæййы, æмæ мæстæй мæлгæйæ тыргъмæ алидзын. Æнхъæл вæййын, мæ фиппаинæгты фæстæ сæхиуыл æрхуддзысты æмæ иннæ уроктæм цæттæйæ цæуын райдайдзысты. Куыннæ стæй. Арсы хъуыны – мæлдзыг. Дон уисæй нæмæгау сæм æппындæр ницы хъары. Хъаргæ нæ, фæлæ ма сæ мæ ныхæстæ фисынмæ дæр саразынц. Цы нымæт цæгъдай – хъуынджындæр. Сæ кæддæры ахуырдзау сын зонд кæй фæцамоны, уый сæм хардзау æркæсы æмæ тынгдæр фæоцани вæййынц.

Хъуыддæгтæ мæнæй кæнгæ куы уаиккой, уæд сын æз сæ тæккæ растæмбис хъиладзагъдæй фæсурин æмæ дзы, ахуыр кæнын кæй фæнды, уыцы сывæллæтты фервæзын кæнин. Адæймаг цыфæнды нæфæндгæйæ дæр йæхи размæ куынæ тæра æмæ, йæ бон цы у, уый куынæ кæна, уæд капеччы аргъ дæр нæу. Æмæ ма уæддæр хистæртæм цыдæр æфсарм и, фæлæ мæ фыдгул кæстæртимæ йæ былтæ æхсынæд. Сæ къодæхтæ ам сты, сæ хъуыдытæ та – горæты. Æмæ сæ зæрдæйы уаг æмбæхсгæ дæр нæ кæнынц. Сæ рæстæг хынджылæггæнгæйæ æрвитынц, æмæ сæ цæсгæмттæ сырх дæр нæ кæнынц. Уæвгæ сыл цы дис кæнын? Университеты цыгæнæг уыдысты, уый мæхи цæстæй нæ уыдтон? Чи йæм йæ ныййарджыты фæрцы бацыд, чи – йæ хæстæджыты фæрцы, æмæ нæ ахуырæн уыдысты, нæ – хъуыды кæнынæн. Скъолайы тохы быдырау се ‘цæг цæсгæмттæ разындысты, æмæ мын сæ куыдфæндыйы ахастæй мæ тъæнгтæ цæгъдынц. Уыдонæй тынгдæр та мæ ме ‘дылыдзинад мары. Ахæм зындзырд коллективы бæрны цæмæ бацыдтæн æмæ мæ сабыр цард цæмæ фехæлдтон? Ам саразæн куы ницы и, уæд дзы æз цы аивынмæ хъавын?

Сывæллæтты æнæуаг цъæхахстæй скъолайы фæлæууæн нæй, фæлæ сæ хъуыды дæр ничи кæны. Суанг ма сæм Тæирæ дæр йе ‘ргом не здахы, йæ кабинетæй æддæмæ дæр нæ цæуы, æмæ сæ хъæрæй бæстæ арауынц. Ме ‘мкусджыты куыд æмбарын, афтæмæй сæ хæстæ иуууылдæр мæныл сæвæрынмæ хъавынц. Директоры бынаты дæр æз дæн, ахуыры хайады сæргълæууæг

дæр æз дæн, ахуыргæнæг дæр æз дæн, æгъдауæвæрæг дæр æз дæн æмæ, фыртыхстæй цы фæуон, уый нæ зонын. Фæнды мæ, хъæуы астæу цы зæронд автобус æрлæууы, уым абадын æмæ мæ сæр искæдæм фесафын, фæлæ кæдæм? Амæй тынгдæр кæм хъæуын? Цыфæнды мæгуырæй дæр мæ горæты баззайын хъуыди. Ме 'мбæлттæй газеты редакцимæ чи бацыд, уыдон сыдæй куынæ мæлынц, уæд æз амардаин? Мæ къухы фыдтæм ма дæндагæй лæбурын, фæлæ байрæджы, æмæ мæ рæдыд сраст кæнынæн ницы амал арын. Куы йын ссарин, уæддæр мæ сæрмæ æгадæй ацæуын не 'рхæссин. Зæгъдзысты: «Зындзинæдтæй фæтарст æмæ алыгъд. Æндæр æм цæмæ æнхъæлмæ кастыстут?»

Иу адæймаг дæр мæ нæ бамбардзæн. Æмæ мæ куыд хъуамæ бамбара? Фæсахсæвæртæм æркув-æркувгæнгæ стъолы уæлхъус куыд фæбадын æмæ ме суинаг уацмысы хъайтартимæ зæрдæбынæй куыд фæдзурын, сæ райгас кæнын мæ куыд тынг фæфæнды, фæлæ мыл мæ фæллад куыд æртæфсы, æмæ мæ куыст æбæрæг æмгъуыдмæ аргъæвгæйæ мæ гобаныл куыд ныддæлгом вæййын, уый цыфæнды ахадгæ ныхæстæй дæр искæй сæры бауадзæн нæй. Зæрдæ фырхъыг æмæ фырмæтæй куыд ныддымсы æмæ Парнасы цъуппæй зæхмæ æрдиаггæнгæ куыд æрхизы, уый адæймаг йæхиуыл куынæ бавзара, уæд æм никæй ныст бахъардзæн. Хъуамæ иудадзыгдæр классикты уацмыстæ кæсин æмæ сыл мæхи фыссын ахуыр кæнин, æз та бон-изæрмæ гуыбыны хардзыл æндæр куыстытæ кæнын. Иугæр ардæм мæхи къахæй æрцыдтæн, уæд цыфæнды зынтæн дæр бафæраздзынæн, мæ бæллицы хурхыл дæр ныххæцдзынæн, æцæг мæм Харитон иучысыл фæкæсæд. Ахуыргæнджытæ йæ мæ фарсмæ уынæнт æмæ дзы стъæлфæнт, æндæр мæ дзы ницы æххуыс хъæуы. Мæ фæндон ын йæ хъусы бацагътон, æмæ йæ сæр фæлладхуызæй «нагъ», зæгъгæ, батылдта.

– Æз базæронд дæн, æмæ мæ бон кусын нал у. Дæуæн нырма дæ хъарутæ дæхимæ сты, æмæ ахуыргæнджыты рохтæ дæ къухтæм райс. Дæ лæмæгъдзинæдтæ сæм ма равдис. Куыддæр дын сæ базоной, афтæ дæ фæхынджылæг кæндзысты. Цас сæм дарддæр лæууай, уыйас дын сæхицæй лæгдæр æнхъæл уыдзысты æмæ дæм зæрдиагдæрæй хъусдзысты.

– Иунæгæй сын мæ бон ницы бауыдзæн. Дæуыл пъагæттæ ис, уыдон та 'рмæстдæр пъагонджынты коммæ кæсынц.

– Хорз, хорз. Ацу, феййафын дæ, – йæ къух мыл ауыгъта

æмæ та йæ хъулон галы сынтъутæ лæмарыныл балæууыди. Цæмæфæндыдæр æм æнхъæлмæ кастæн, фæлæ мын хицау уæвгæйæ ахæм æнæджелбетт дзуапп ратдзæн, уый мæ хъуыдыйы кæрон дæр нæ уыд, æмæ фæуыргъуыйау дæн. Скъолайы фарн æмæ уæз мæныл кæй æрæнцадысты, уый бамбæрстон æмæ мæ дыстæ рæбындæр бафæлдæхтон. Мæ фæлмæндзинад бамбæхстон æмæ мæхи карзæй æвдисын райдыдтон. Карздзинад фыццаджы-фыццагдæр адæймагæн йæхи уд кæй хæры, йæ нервытæ йын кæй халы æмæ йын царды хорздзинæдтæ уынын кæй нæ уадзы, уый мæхиуыл æнкъарын, фæлæ мын хуыздæргæнæн нæй. Ахуыргæнджыты зондджындæр нæ фæкæндзынæн, фæлæ сæ кусыныл уæддæр бафтаудзынæн, скъолайы хуызæнæн æгъдау уæддæр сæвæрдзынæн. Сабырæй куы архаин, уæд хуыздæр уаид, бæргæ, фæлæ сæм баст хæрæг дæр нæ фæлæудзæн, уæлдайдæр, мæнæ ахæм уавæры. Сывæллæттæ хæрдты хауынц, бандæттæ кæрæдзиуыл æхсынц, партæтæ хойынц æмæ кæрæдзи расурбасургæнгæйæ цъæхахст кæнынц. Ахуыргæнджытæй иу дæр нæ зыны. Цасы фаг суыдзынæн, уый базоныны тыххæй цыма мæ фæсаууон ныхас бакодтой, уыйау кæмдæр бамбæхстысты. Мæ уд мæ хъуырмæ схæццæ, афтæмæй сын сæ кусæн уатмæ бакастæн æмæ джихæй аззадтæн. Физкультурæйы ахуыргæнæг сын хъæлдзæг анекдот дзуры, æмæ худæгæй гуыбынхæлдтæ кæнынц. Æмæ, дам, дæ фæрстæ ма атонæнт. Мæхи сæм нал баурæдтон æмæ сыл нытътъæлланг ластон:

– Уæ фæстæгтыл ма схæцут, гормæттæ, æмæ æддæмæ ракæсут! Уæ ахуырдзаутæ сæ сæртыл хъен куы слæууыдысты æмæ кæрæдзи мадæлты куы ʻлгъитынц, уæд сымах ам æнæмæтæй цы бадут?! Цалынмæ уын уæхи ʻлгъитын нæ райдыдтой, уæдмæ сæ æрсабыр кæнут!

Сæ бынæттæй зивæггæнгæ сыстадысты, æмæ мæм фыдæнæнгæнæгау тарæрфыгæй кæсынц.

– Дæ хистæртæм цы дзыхы уагæй дзурыс, Ирбег? – уайдзæфгæнæджы хъæлæсæй мæ фæрсы сæ иу æмæ мын мæ мастыл цæхх кæны.

– Хистæрæй фарн куынæ цæуа æмæ йæ йæ кæстæртæм æхсызгонæй куынæ хæсса, йе сæфт сæ куы уына æмæ сын арф зонындзинæдтæ дæттыны бæсты æнæуаг фидистæ æмæ æлгъыстытæй сæ хиуарзондзинад йæ къæхты бын куы ссæнда, йæ ахуырдзаутæй йæ фосыл тынгдæр куы ауда æмæ урок дæтгæйæ уыдоныл куы

хъуыды кæна, уæд уый хистæр нæу, фæлæ æдзæлгъæд адæймаг у. Æз азтæн аргъ кæнын нæ сахуыр дæн, фæлæ зонд æмæ курдиатæн, уыдонæй тынгдæр та – æнæзæрдæхудт фæллойæн. Хистæр уæвгæйæ хъуамæ дæхи афтæ дарай, цæмæй дæ кæстæрæн йæ фæсонæрхæджы дæр ма ‘рцæуа дæу тыххæй дæрзæг ныхас зæгъын.

– Ирбег, мæ хæдзар, мах тъæппытæ æмæ рæхуыстытæй фæллад стæм æмæ нæ зæрдæ дæуыл дарæм, ды та нын не уæнгтæ марыс. Цыфæнды мæстыйæ дæр нæлгоймагæн хиуылхæстдæр уæвын æмбæлы. Мæнæ Дзахо Бутуевич куыд уæздан у, уымæ нæ кæсыс? Иу тызмæг ныхас дæр дзы никуы схауы, æмæ йæ не ‘ппæт дæр бирæ уарзæм.

– Цæуыннæ йæ хъуамæ уарзат бирæ? Сывæллæттæ къæсты кæрæдзи хойынц æмæ партæтæ пырх кæнынц, уый та дынджыр лæг уæвгæйæ скъолайы ‘гъдау сæвæрыны бæсты сылгоймæгтæн æнæгъдау анекдоттæ дзуры æмæ сæ кæл-кæлæй худын кæны. Цавæр зонд æм и, уый зоныс? Мæнæн хорз цард уæд, иннæтæн къах – сæ роны. Скъола абон кусæд, райсом дзы кæрдæг дæр мауал æрзайæд. Бындзарæй йæ куы сфæлдахиккат, уæддæр уæм йæ зæрдæйы уаг нæ аивид, уе ‘гъатыр ми уын уæ цæстмæ дæр нæ бадарид. Уæ ахуырдзауты сæ царды стыр фæндагмæ зонджынæй арвитдзыстут æви æдылыйæ, уый йæ мисхалы бæрц дæр не ‘ндавы, уымæн æмæ йын æцæгæлон сты, æмæ йæ нæ хъæуынц. Футбол сæм дардæй фехсы, æмæ йæ цыппор фондз минуты тыгъд быдыры фæратæр-батæр кæнынц, йæхæдæг та сæхимæ ацæуы кæнæ сымахимæ фæбады æмæ йæ хъазуатон куыстæн исы мæнæй дыууæ туманы фылдæр – сæдæ æхсай æртæ сомы. Йæ бынаты æз дæр уаин сабыр, уæздан æмæ хиуылхæст, фæлæ, ды мæ хардзæй кæй зæрдæ æлхæныс, уыдоны æдзæллаг уроктæм куы байхъусын, уæд дзæвгар рæстæг мæхимæ æрцæуынхъом нал вæййын. Цыма исты æгад ми бакæнын, уыйау мæ цæсгом ссудзы, æмæ мæ æрфæнды мæ райгуырæн хъæуæй алидзын. Сæ уазал цæстæнгас мын мæ уæздандзинад йæ быны фæкæны, æмæ мæм райгуыры æнæуынондзинад, уымæн æмæ сыгъдæгзæрдæ æнæхин сывæллæттыл гадзрахатæй цæуын нымайын æбуалгъ фыдракæндыл.

– Лыстæг хабæрттæ дæ зæрдæмæ ма хæсс. Ахуыр кæнын кæй фæнда, уый æнæ дæу æхxуысæй дæр сахуыр кæндзæн, ахуыр кæнын кæй нæ фæнда, уымæн цасфæнды дæр амон – ницы дзы

рауайдзæн, – йæ цæстытæ гом дæр нæ кæны, афтæмæй хырхæй фадæгау згæхæрд хъæлæсæй дзуры Адзæдзе, гуыбырæй бады æмæ йæ урс бецыкк адау-адау кæны. Афтæ зыны, цыма ныртæккæ йæ гыццыл сæр стъолыл æрхаудзæн, æмæ мæрдфынæй бауыдзæн.

– Ахæм зондимæ кæй кусæм, нæ бæллæх дæр уый мидæг и. Амæй фæстæмæ ма къласмæ æдзæттæйæ чи бацæуа, уый мæ-иу ма рахъаст кæнæд. Æз уæ адæмы сывæллæттæй хынджылæг кæнын никæйуал бауадздзынæн. Чи хынджылæг кæны, уый – æрмæстдæр йæхионтæй. Тæирæ Габеевнæ, скъолайы æгъдау æвæрын хъомыладон куыстмæ дæр хауы, æмæ ахуыргæнджытæн график сараз, ахуырдзаутæм æдзухдæр сæ цæст куыд дарой, афтæ.

– Се ‘ппæты дæр æм бахæссон?

– О. Урок дæттын кæй бон у, уый бон хъуамæ радгæс уæвын дæр уа æмæ йæ йæ сæрмæ хæсса.

Лези рудзынджы цур ракæнонхуызæй лæууы æмæ мæм æлхынцъæрфыгæй кæсы. Чысыл фæхæрзхуыздæр æмæ фæзæронддæр, фæлæ йæ тымбыл урсцъар цæсгом уыцы лæгъзæй баззад. Йæ хæзгулы йын сыхаг хъæуы колхозы сæрдарæй равзæрстой, æмæ уым æрыгон чызгимæ бацард. Дзæгъæл сылгоймаг æнæ рæвдауæгæй баззад, фæскъуымты кæимæ бæгъдулæг кæна, уый йын нал и, æмæ чызджыты ‘лхысчъытæгæнгæ рæсугъд æгъдæуттыл ахуыр кæны. Йæхи мæм тыххæй кæй уромы, уый бæлвырд зыны йе знæт цæстæнгасыл. Техникумæй уæлдæр схизын æнхъæл кæмæн нæ уыди, уыцы æнæнтыст лæппу йæ хицау кæй сси, уый йын йæ тъæнгтæ цæгъды, æмæ мын аудæджы хъæлæсæй уайдзæфтæ кæны :

– Скъолайы ахуыргæнгæйæ дæр дæ-иу æнæрхъуыды ныхæстæ арæх схаудта, фæлæ дын сæ мах дæ зын уавæртæ хынцгæйæ быхстам. Дæ фыццаг фыдыус нæ сыхы цæры, æмæ мæ фыдгул уый ахасты фæуæд. Нæ фындзыхуынчъытæй нын нæ удтæ сласта. Зæрондæй мах артмæ кæм дары, уым æрыгонæй йе ‘нæбон лæджы сывæллоны туг куыд нызта, уый мæ цæстытыл уайы. Дæ дыккаг фыдыусы та дын уымæй карздæр хонынц. Æз дæ хорз æмбарын. Дæ нервытæ дын фехæлдтой, фæлæ мах дæ разы цæмæй фæаххосджын стæм? Дæ маст нæ цæмæ исыс? Иу лæппуйы фырнадæй уыргæфтыд фæкодтай, иннæйы скъолайæ фæсырдтай, замманай сылгоймаджы бынат æрцахстай æмæ нæм

дæ дзых суагътай. Цардмæ дæ чи ракодта, уыдонæй иуы куыстыл дæр не 'рвæссыс. Афтæмæй се 'хсæн куыд кусынмæ хъавыс?

– Дæхи 'взагæй дæм куы сдзурин, уæд мæ хуыздæр бамбарис, бæргæ, фæлæ йæ мæ сæрмæ нæ хæссын. Иу ныхас дын зæгъын æрмæст. Уроктæм дæхи хуыздæр цæттæ кæ, стæй чысыл фæлмæндæр у сывæллæттимæ. Сæ ныййарджытæ сæ дæ фидистæм хъусынмæ не 'рвитынц, фæлæ ахуыр кæнынмæ. Кæй бафхæрдтон, уыцы дыууæ лæппуйы сымах гыццылæй раст фæндагыл куы сарæзтаиккат, уæд мæн сæ хъыджы цæуын нæ бахъуыдаид.

Дзæнгæрæг ныййазæлыди, æмæ ахуыргæнджытæ куыстхуызæй базмæлыдысты. Уæлвæйнæгæй сæ журналтæ исынц æмæ мæн мæстæй марыны тыххæй хъæрæй ныхасгæнгæ къæсæрæй æддæмæ хизынц.

– Ничи йæм кæсы. Нырма не 'хсæн афæдз дæр нæма кусы, афтæмæй нæм цы дзыхы уагæй дзуры.

– Уынджы чи схъомыл и, уымæй цы домыс уæдæ?

– Йæ фыдыфсымæры лæппуйы хæдзары йæм оммен зæгъыны бар дæр нæ хауы, ам та йæ чъирикувæгæй сæвæрдтой, æмæ йæ къæхты бын сæгъы бага нал сæтты.

– Дзæгъæл хъалгæнаг у.

– Уый директор куы суаид, уæд та ма нын цы митæ кæнид?

– Донмæ нæ тæрид æмæ нæ фæстæмæ æнæ донæй здахид.

– Хуыцау нæ бахизæд уыцы бæллæхæй. Фæлтау нæ хиваст лæджы æдылы митæн быхсдзыстæм.

Иууылдæр кæрæдзи фæдыл къæлидормæ аивылдысты. Уроктæ кæмæ нæй, уыдон дæр сæ фыдæх æвдисгæйæ мæ цурæй ацыдысты, æмæ уаты иунæгæй баззадтæн. Къахæй-сæрмæ æрлæмæгъ дæн æмæ бандоныл мæхи 'руагътон, мæ къухтæ стъолыл дарын æмæ, куыд зыр-зыр кæнынц, уымæ тарстхуызæй кæсын.

«Ардыгæй рагацау куынæ алидзон, уæд байсæфдзынæн æмæ иу уацмыс дæр нал ныффысдзынæн», – хъуыды кæнын мæхинымæр. Афтæ мæм кæсы, цыма къултæ дæр, ахуыргæнджытæ дæр, скъоладзаутæ дæр, сæ ныййарджытæ дæр мæ ныхмæ сты æмæ се 'ппæт дæр мæнæй фервæзынмæ бæллынц, цыма мыл ныртæккæ цар æркæлдзæн, кæнæ уаты бæзджын уæлдæфæй фæхуыдуг уыдзынæн. Мæ бынатæй фестадтæн æмæ кæртмæ атындзыдтон.

– Ирбек Касболатович, дæ цæсгом цæй фæлурс у? Исты дæ риссы? – хъуысы мæм Зухрайы мæтæйдзаг хъæлæс. Æнахуыр тыхæй мыл ахадынц йæ рæсугъд мыртæ. Урочы мын мæ фарстæн дзуапп куы фæдæтты, уæддæр мæ зæрдæйы уидæгтыл фембæлынц æмæ мæ флейтæйы фæлмæн зæлтау фæрæвдауынц. Цы мын фæдзуры, уый мæ сæрымагъзмæ нал фæхæццæ кæны, кæмдæр мæ иуварсты ацæуы, зæрдæ та удылтайгæ æнкъарæнтæй байдзаг вæййы...

– Айфыццаг ме 'мкъласонимæ куы фæхыл дæ, уæд дæр афтæ фæлурс уыдтæ.

– Æнæгæды мын зæгъ, скъолайæ йæ кæй атардтон, уый тыххæй мæм нæ фæхæрам стут?

Цæмæй мæ фарсмæ æдзæмæй ма цæуа, фæлæ исты дзура, æмæ йæ сабыргæнæн хъæлæсмæ хъусгæйæ мæ маст ссæуа, ууыл архайын, æндæр мын сывæллæтты цæстæнгас мæ зæрдæ уыйбæрц нæ агайы, ме 'цæг хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ мæхицæн дæр кæронмæ æргом кæнын нæ уæндын, фæлæ фылдæр хатт ахуыргæнджыты уроктæм Зухрамæ кæсыны тыххæй бацæуын æмæ разæй уымæн сбадын. Йе 'фсæрмдзаст цæсгомæй мæм удсыгъдæггæнæн хъæрмад фæивылы æмæ мын мæ риу батавы. Мæ уарзаг зæрдæ мын уацары куы райса æмæ йыл куынæ бацауæрда, уымæй тæрсын, фæлæ мæ уый дæр нæ уромы. Æгæр æвзонг кæй у, уый дæр мæ нæ хъыгдары. Æрмæст мæ дисы 'фтауы иу хъуыддаг. Мæ зæрдæ мард куы уыди, уæд æм йæ райгас кæныны хъару кæцæй разынди? Иннæ чызджытæй хъауджыдæр ын æрдз ахæм æнахуыр тых кæцæй радта?

– Ницы дæм фæхæрам стæм. Афтæ йын хъуыди. Уæддæр ма дæуæй чысыл стъæлфыди, фæлæ иннæ ахуыргæнджыты кусын нæ уагъта, æрыгæттæй та бынтон хынджылæг кодта.

– Кæм и, цымæ, ныр? Цы ми кæны?

– Сыхаг хъæуы скъоламæ цæуы.

– Цæмæ?

– Ахуыр кæнынмæ.

– Ома куыд ахуыр кæнынмæ? Ахæм сæфт адæймаджы йæхимæ чи райста?

– Директорæй дзы йæ хæстæг кусы...

– Не 'ппæт бæллæхтæ дæр уырдыгæй цæуынц. Æвзæр нын æвзæр нæу. Æдылы нын æдылы нæу. Давæг нын давæг нæу. Расыггæнаг нын расыггæнаг нæу. Алы рæтты сæ тъыссæм,

тыххæй сæ размæ тæрæм æмæ сæм хорз куыстмæ æнхъæлмæ кæсæм. Афтæмæй цъымарайæ кæд ралæсдзыстæм? Æви нæ æдзухдæр уым уæвын фæнды?

– Ирбек Касболатович, уæддæр мын æй нæ загътай. Чи дæ бафхæрдта? Афтæ фæлурсæй цæмæ рацыдтæ? – мæ хъуыдытæ мын йæхимæ здахы Зухра æмæ мæ йæ цæстытæй рæвдауы. Мæ ном æмæ мын мæ фыды номы уыйбæрц тавиц нывæры, ахæм æхсызгон узæлдимæ сæ фæзæгъы, цыма йын зæххыл мæнæй адджындæр адæймаг нæй, æмæ йæ кæй хъæуын, ууыл баууæндын. Кæд мæ уарзгæ кæны, мыййаг? Нæ, нæ. Уымæн уæвæн нæй. Цæуыннæ йын и уæвæн? Нырма уый уарзынæн цы ‘мбары? Йæ хъуымыз йæ былтыл куы нæма бахус и. Уæдæ, йæ цуры куы ‘рлæууын, уæд йæ цæсгом сырх тæппытæ цæмæ абады, стæй æваст урс-урсид цæмæ афæлдæхы? Урочы дзы ахуыргæнæгмæ хъусын цæмæ ферох вæййы, æмæ мæ йæ цæстытæ цæуыннæуал фæисы? Фысгæ кæ, зæгъгæ, ма йын сусæгæй йæ тетрадмæ дæр куы ацамонын, æмæ, фырæфсæрмæй цы фæуа, уый куы нал фæзоны. Кæд бæрзонд срæзыди æмæ ног чындзау цæхæр калы, уæддæр нырма сывæллон у æмæ дардыл хъуыды кæнын нæма фæразы, фæлæ æз та цы сæрра дæн? Бирæ фыдуайæнты куы ауадтæн, уæд ма ноджы фыддæр былæйхауæнмæ барвæндæй мæхи цы тæрын? Мæ зæрдæмæ йæ куынæ бауадзин, ууыл архайын, фæлæ мæхиуыл мæ бон нæ цæуы. Цы рæсугъд æнкъарæнтæй мæ дзаг кæны, уыдон мæнæй тыхджындæр сты æмæ мыл уæлахиз кæнынц. Мæ фæлурс цæсгомы тыххæй мæ кæй баййардта, уый дæр аудыны нысаныл нымайын. Æцæгæлæттæй мыл афтæ тынг никуыма ничи батыхсти, æмæ дзы æгæрон бузныг дæн. Ахуырдзауæн йæ ахуыргæнджыты фауын аив кæй нæу, уый æмбарын, фæлæ сæм иуæй мæсты дæн, иннæмæй мæм сыгъдæгзæрдæ чызджы сайын нæ цæуы.

– Ме ‘мбæлттæ сæ кусæн уаты бон-изæрмæ сæ ком ивазынц, æмæ семæ фæхыл дæн. Сæ хъомылгæнинæгтæм куыдфæндыйы цæстæй кæй кæсынц, уый мæ маргæ кæны, æмæ сæ бирæ нæ бабыхсдзынæн. Цыфæндыйæ дæр мæ ахуыры хайады сæргълæууæг суæвын нæ хъуыди...

– Цæмæ зæгъыс, Ирбек Касболатович? Сывæллæтты ‘гъдау бирæ фæхуыздæр и. Ды куыддæр скъолайы кæртмæ æрбахизыс, афтæ ныссабыр вæййынц æмæ ахуыргæнджытæм хъусын райдайынц.

– Тæрсгæ мæ кæнынц, æмæ уый дæр цас хорз у?

– Къæлæсты бадгæйæ та дæ цæмæй тæрсынц? Уый тас нæу, фæлæ æндæр цыдæр у æмæ адæймагæн йæ зæрдæйы бынæй цæуы. Ахуыргæнджытæ куыд æнхъæлынц, ахуырдзаутæ афтæ уæлæнгай не сты. Чи сæм цы зæрдæ дары, уый хорз æнкъарынц æмæ алкæмæ дæр йæхи ‘взагæй дзурынц, чи сæ куыд аразы, ахæм ком ын дæттынц. Уæвгæ дын сæ цы амонын? Хъулон уарзт дæ кæй кæнынц, уый дæхæдæг нæ уыныс?

– Ды дæр? – къахын æй мæ хинхудт æмбæхсгæйæ, æмæ гыццыл сабийау йæ сæр «о», зæгъгæ, къæмдзæстыгхуызæй зына – нæзына змæлын кæны.

Ныхасгæнгæ фæйнæг быруйæ куыд ахызтыстæм æмæ йæ иувæрсты сывæллæтты цæхæрадонмæ куыд ныххæццæ стæм, уый æмбаргæ дæр нæ бакодтон. Зухра сырх агуыридурæй амад къулмæ йæ фæсонтæ сарæзта æмæ мæм зæрдæвæрæджы цæстæй кæсы. Æнахуыр цæстæнгас ын ис. Иуæй амондджынхуыз у, иннæмæй дзы цыдæр мæтхæццæ сусæгдзинад æмбæхст и æмæ йæ уый йæ цин æххæстæй æнкъарын нæ уадзы. Афтæ зыны, цыма йыл стыр хорздзинад æрцæуынмæ хъавы, фæлæ, йæ къухы кæй бафтдзæн, ууыл кæронмæ не ‘ууæнды, æмæ йыл уыцы дызæрдыг йæ ауон æппары. Фæнды мæ йæ тыппыр уардихуыз былтыл мæ былтæй андзæвын æмæ йын йæ дызæрдыг айсын, фæлæ йын мемæ баст куынæ разына, уымæй тæрсын æмæ мæхи æдылыйы бынаты сæвæрынæй хъахъхъæнын. Йæ хæдзармæ йæ сæдæ метры йеддæмæ нал хъæуы, фæлæ йæ мæнæй йæ къах нæ хæссы, æмæ мæ æнахуыр цины уылæн сабыргай йæ уæлныхты исы. Кæд мæ Хуыцау нæ фæливы, уæд мæм, йæ зæрдæ кæмæй барухс уа, ахæм хабар фехъусынмæ æнхъæлмæ кæсы. Уæвгæ, чи зоны, рæдийын. Адæймаг арæх фæуыны, цы уынын æй фæфæнды, уый. Гъа-ма, бафæлварон æй, цымæ дарддæр йæхи куыд дарид.

– Дзæгъæлы мæ сабыр кæныс. Ардæм кæй æрцыдтæн, уымæй фæрæдыдтæн. Рæхджы ахуыры аз фæуыдзæн, æмæ горæтмæ ацæудзынæн.

– Бынтондæр?

– О.

– Æмæ уæд æз та?.. – фæтыхсти чызг, йæхи фæуромынмæ хъавыди, фæлæ йæ бон нал баци æмæ мæм тарстхуызæй æрбакасти, йæ цæсгом сырх-сырхид афæлдæхти, æмæ йæ сæр æруагъта. Адæргæй йæ скæуынмæ бирæ нал хъæуы. – Хатыр бакæ,

афтæ зæгъынмæ нæ хъавыдтæн. Æнæхъæн къласæй дæр дыл тынг æнувыд стæм æмæ не 'ппæт дæр иу хъуыддагмæ бæллæм, цæмæй нæ кæронмæ ды ахæццæ кæнай.

Мæ буарыл къахæй-сæрмæ цины уылæн куыд æнхъæвзы, æмæ мæ амонд сабыргай йæ уæлныхты куыд исы, уый æнкъарын, фæлæ мæ бæллиццæн райхæлыны бар нæ дæттын. Арæнтæй куы ахизон, уæд сывæллон-чызджы мæ фæдыл асайдзынæн, ахуыргæнæг æмæ ахуырдзауæн цы не 'мбæлы, уыцы митæ кæнын райдайдзыстæм æмæ дыууæйæ дæр адæмы цæсты бафтдзыстæм. Нæ, фæлтау мæ монцтыл фидар хæцдзынæн, цыма йын йæ уавæр нæ хатын, мæхи афтæ дарын æмæ йын йæхимæ æрцæуыны фадат раттыны тыххæй йæ хъуыдытæ ахуыргæнджытæм здахын:

– Нæ зонын, нæ зонын. Æз рæстæгсафæн митæ кæнын нæ уарзын, æмæ адонмæ кæсгæйæ мæ зæрдæ фырмæстæй атондзæн.

– Мах дын æвдадзы хос дардзыстæм æмæ дын æй тонын нæ бауадздзыстæм. Ма ацу, дæ хорзæхæй, – удрæвдауæн хъæлæсæй мын лæгъстæ кæны Зухра, сæрзилынгæнæн мидбылхудт йæ цæсгомыл хъазы æмæ мыл сæууон хурау фæлмæн тынтæ нывæнды...

* * *

Йæ дымгæ дæр-иу кæмæн нал ауыдтон æмæ иудадзыг кæй æххуысмæ æнхъæлмæ кастæн, уыцы райст-бавæрд директор кæддæр-никæд скъоламæ фæзынди æмæ нæм ахæм хуыз æвдисы, цыма фараст мæйы фыркуыстæй йæ хиды фæмæцыди, мах та цыма нæ рæстæг бæлæсты бын сатæджы бадгæйæ æрвыстам. Нæ журналтæ нын иуцасдæр хъуыддагхуызæй фæрафæлдахбафæлдах кодта, арф улæфтытæгæнгæ йæ лæгуын сæр дыууæрдæм фæратил-батил кодта, стæй нын тæрсынгæнæн ныхæстæй уайдзæфтæ кæнынмæ фæци:

– Инштрукчимæ гæсгæ ахуырдзаутæн уыйбæрц дыууæтæ æвæрын кæй не 'мбæлы, уый хъуамæ æнæ мæн зæгъгæйæ дæр уæхæдæг æмбарат æмæ уæ сæртæ къодахмæ ма уадзат. Сывæллæтты ахуыр кæнын кæй нæ фæразут, уый хицæуттæ куы базоной, уæд уæ скъолайæ фæсурдзысты, æмæ иу куыстæн дæр нал сбæздзыстут. Цæмæй уыл уыцы бæллæх ма 'рцæуа, уый тыххæй уæ бæрæггæнæнтæм лæмбынæгдæр æркæсут, бæстондæр сыл ахъуыды кæнут, уæ гæнæнтæ хуыздæр сбарут, æмæ дзы аивæн кæмæн и, уыдон аивут.

Журналтæ æнæрвæссонхуызæй стъолмæ баппæрста æмæ ныл былысчъилтæгæнгæ йæ цæст ахаста, ома уæхæдæг дæр – ницы

æмæ уæ бæрæггæнæнтæ дæр – ницы. Ацæут, хуырым кæрчытæ, æмæ сæ сраст кæнут. Нырма мæнæн мæ зæрды ам бирæ афæстиат уæвын и, æмæ мæ сымах хуызæн æдылыты азарæй мæ куыстæй фæхауын нæ фæнды.

Адæмы 'хсæн мæ цыма исты чъизи ми бакæныныл ардауы, уыйау ныфсæрмы дæн æмæ, мæхи цы фæкæнон, уый нæ зонын. Ахуыргæнджытæ сæ сæртæ тыхстхуызæй æруагътой, фыстхалæнтæ райстой æмæ сæ удæй бацыдысты: дыууæтæ биноныг хæфтытæ кæнынц æмæ сын сæ бынæтты сæхицæн тыхмигæнæгау æртæтæ æвæрынц. Æдзынæг сæм кæсын æмæ мæ рæдыдыл фæсмонæй мæлын. Ныры хуызæн мæм никуыма бахъардта, семæ мын æмдзæхдонгæнгæ кæй нæ уыди, æмæ сæм рæдыдæй кæй æрцыдтæн, уый. Дæ дæлбар адæмы æнæзæрдæхудт куыстмæ ма разæнгард кæ, фæлæ сæ цæстфæливæн митыл æфтау. Уæвгæ дзы уыдон дæр цас хуыздæр сты? Æппындæр дæм сæрыстырдзинад ма уæд, æмæ зæронд гуымыдза цæуы фæдыл фысты дзугау цу.

Дыдзæсгомдзинад адæймагæн йæ туджы и, æвæццæгæн. Æдзухдæр æй чъизийæ æвдисы, æмæ дзы хъуамæ йæхи ссыгъдæг кæнынмæ тырна, уый та йыл æнувыдæй-æнувыддæр кæны, уымæн æмæ йæ уæлдæфау æхсызгон хъæуы. Æрдз ын йæ хуылфы бирæ æвзæр миниуджытæ нывæрдта, æмæ йын, куыд хистæргæнгæ цæуы, афтæ тынгæй-тынгдæр зынынц, йæ бæллиц та йæхи æнаиппæй æвдисын у. Уымæ гæсгæ йын дыккаг цæсгом æнæ даргæ нæй. Зонджынтæ йæ æмбæхсын фæразынц æмæ сæрдыгон арвау æнæкъæмæй цæрынц, æдылытæм йæ бамбæхсыны фаг зонд нæй, æмæ сыл иуæй иннæ æгаддæр нæмттæ къæмдзыджытау ныхæсынц. Иу дыдзæсгомæй дæхи бахъахъхъæндзынæ, æнæхъæн коллективы фыдæхæй дæр, чи зоны, ферваезай, фæлæ дæ уарзон бæстæйæн дыдзæсгомдзинад йæ царды уаг куы суа æмæ йæ æвзæрдзинадыл куы нал нымайа, уæд уымæй та кæдæм фæлидздзынæ? Фæнды мæ æрдзы хъæбысмæ ацæуын æмæ æрсабыр уæвын, фæлæ мыл ме 'нæуынон залиаг калмы цæстытæ сæ маргджын фаттæ æхсынц, дудаг схъистау мæ буары ныхсынц æмæ мæ фезмæлын нæ уадзынц.

– Цом-ма мемæ, – хъуысы мæм сæ хицауы аразгæ хъæлæс, æмæ йæ фæдыл хъизæмаргæнгæ фæцæуын. Йæ кусæн уатмæ мæ бахуыдта, къæлæтджыныл йæхи 'руагъта æмæ мæ йæ уæздан ахаст равдисыны охыл лæгъзæй фæрсы:

– Æгæр бирæ дыууæтæ нæ сæвæрдтай?

– Иу ахуырдзауæн дæр хъулон ми нæ бакодтон. Кæд мыл не 'ууæндыс, уæд сын сæхи бафæрс.

– Æз дыл æууæндын, фæлæ... Ды хицау дæ æмæ коллективæн хъуамæ йæ разæй цæуай...Куыд дæ феной, афтæ дзы иуцалдæр дыууæйы сраст кæ, науæд зæгъдзысты...

– Йæхи хъуыды кæмæ нæй, æмæ иудадзыг искæй цæстытæм чи кæсы, уыдон цы зæгъдзысты, уый мæ æппындæр не 'ндавы.

Харитонæн йæ бурбын тæнæг æрфгуытæ фелхынцъ сты. Йæ рохтæ суадзын æй фæнды, фæлæ йын коллектив йæхи бар куы ныууадзон, уымæй тæрсы æмæ йæхиуыл хæцы.

– Уæдæ дæ цы 'ндавы?

– Мæ ахуырдзаутæ мæ цы фенхъæлдзысты, уый. Алчидæр сæ йе 'мбæлтты бæрæггæнæнтæ йæхионтæй хуыздæр зоны, æмæ мыл сæ зæрдæ фæхуддзæн. Дыууæйы бæсты æртæ кæмæн сæвæрон, уый та мæ иннæ аз хъуыды дæр нал æркæндзæн, стæй чиныг йæ къухмæ нал райсдзæн, æнæ ахуырæй дæр мæ аирвæзæн кæй ис, ууыл йæ зæрдæ даргæйæ.

– Нычъчъыртт кæ дæ ахуырдзаутыл æмæ дæ дыууæтæ аив. Æвзæр ахуыргæнæджы ном дыл сбада, уый дæ цæмæ фæнды? Иугæр дæхицæн хъомылгæнæджы дæсныйад равзæрстай, уæд дзы хъуамæ дæ хорзы кой айхъуыса.

– Цæстфæлдахæн митæй цы ном скæнон, уый капеччы аргъ дæр нæу, æмæ мæ нæ хъæуы.

– Жавучæй дæ куы æвæрдтон, уæд афтæ æнхъæлдтон, иннæтæй мæ хуыздæр æмбардзынæ...

– Ме 'фсармы сæрты мæ кæм хизын кæнай, уым дæ нæ бамбардзынæн, æмæ дын цæмæй фæсмон дæ зæрдæ ма 'хсына, уый тыххæй мæ бынаты 'ндæр искæй сæвæр, нæ дæм фæхæрам уыдзынæн. Хæрам нæ, фæлæ ма дæ галы бузныг дæр фæуыдзынæн. Æз доны ленкгæнæг хохæн æрмæст йæ цъупп уыдтон æмæ дын афтæ æнцонæй уымæн сразы дæн, бынæй дзы цы стыр ныхсæттæн къæдзæх и, уый куы зыдтаин, уæд мæ йæ цурмæ лæгдыхæй дæр нæ баластаис, – загътон ын æнæдызæрдыгæй æмæ фидар къахдзæфтæй дуары 'рдæм араст дæн.

– Фæлæуу, иу ныхасæн ма мæ хъæуыс.

Хорз хабар мын кæй нæ фехъусын кæндзæн, уый æмбарын æмæ къæсæргæрон тыргъмæ ахизынæввонгæй лæууын.

– Тагъд ахуыргæнджыты курсытæ байгом уыдзысты, æмæ, зæгъын, уырдæм куы ацæуис...

– Уыдон аразынц, училищæтæ æмæ институттæ раздæр каст чи фæци æмæ ныры сывæллætты ‘мвæзад фæбæрзонддæр кæныны фаг зонындзинæдтæ кæмæ нæй, уыцы ахуыргæнджытæн, æмæ сæм, дæ коллективы æдзæттæдæр чи у, уый арвит.

– Цæттæ та дзы кæцы у? Æгад нæ цы фæкæной, æндæр нын нæ кадыл ницы бафтаудзысты, æмæ сæ никæдæм хъæуы ‘рвитын. Фæлтау дæхæдæг ацу.

– Ногæй мын мисхал дæр нæ бацамондзысты, æмæ мæ рæстæг дзæгъæлы фесафдзынæн, фæлæ дын кæд æндæр æнцой балæууæг нæй, уæд – табуафси.

* * *

Æгæр коммæгæс кæй дæн æмæ алкæмæ дæр кæй хъусын, уый тыххæй ныр æцæгæлон бæстæйы фæтæн къæдзбелæй змæст бетон бедраты ‘вгæнын æмæ сæ хъомдоны арæзтадмæ хъæрзгæнæтгæйæ хæссын. Къуырийы размæ мын исчи афтæ куы загътаид, уæззау уæнгдых куыстыл та дæ тъæпп фæцæудзæн æмæ зæххы кæрон дымгæдзагъд быдыры дæ уд скъуындзынæ, зæгъгæ, уæд мæ нæ бауырныдтаид. Уæвгæ дзы бынтон æвæндонæй нæ дæн. Лæг æхцайы фæдыл кæм нæ балæудзæн? Стæй æрмæст æхцайы фæдыл дæр цæмæ? Мæ ахуыргæнджытæ мын университеты цы лекцитæ кастысты, уыдонмæ ногæй хъусыны бæсты ноджы дарддæр ацæуыныл æмæ уæззаудæр бедратæ хæссыныл дæр разы дæн. Мæ амонд уыд, æмæ курсыты разамонæг ирон æвзаджы кафедрæйы сæргълæууæг Фацбай разынд, æндæр ма афонмæ дæр æнуд аудиторийы ‘рдæгфынæйæ рæдзæ-мæдзæ кæнин. Йæ зæрдæмæ цæмæй фæцыдтæн, уый нæ зонын, фæлæ ахуыры рæстæг мемæ тынг слымæн и. Афæдзмæ мæм йæ зæрдæйы уаг нæ аивта, æмæ йын, уæлдæр æмæ астæуккаг скъолатæ кæрæдзимæ куыд дард сты, уый тыххæй тыргъы мæ хъуыдытæ дзурыныл схæцыдтæн. Къулыл Уæрæсейы зындгонд фысджыты къамтæм кæсгæйæ нæ размæ хъуыдыдзастæй æрбахæццæ мæ уарзон ахуыргæнæг – хæрзхуызтæ, рæстæмбискар, мыдхуыз сылгоймаг, æмæ йын Фацбай йе ‘ргом мæнырдæм раздæхта.

– Алевтинæ Мироновнæ, куыд ницы дзурыс? Мæнæ ацы лæппуйы нæ уыныс æви йæ нал хъуыды кæныс?

– Бæгуыдæр æй хъуыды кæнын. Ахæм студентæн ферохгæнæн куыд и?

Йæ цæсгом фæирд и, æмæ мын йæ сæры фæтылдæй салам

радта. Кæд ын университеты йæ хорз зæрдæйы ахаст мæхиуыл æнкъардтон, уæддæр æм уыйбæрц æппæлæн ныхасмæ не 'нхъæлмæ кастæн æмæ мæ фырдиссагæй дзурын дæр ницыуал сфæрæзтон, стæй ме 'муд æрцыдтæн æмæ Фацбаймæ хъазгæмхасæн мæ цæст æрныкъуылдтон.

– Уæ лекцитæ уын мæ зæрдыл куыд хорз дардтон, уый дæхæдæг фехъуыстай.

– Æз æй æнæ уый зæгъгæйæ дæр зонын.

– Уæдæ ма мын сæм дыккаг хатт цæмæ хъусын кæныс?

Фацбайы аив цæсгомыл æмбаргæ мидбылхудт фæзынд, хионы цæстæй мæм æрбакаст æмæ мыл йæ къух ауыгъта.

– Æз дæ уадзын. Ацу æмæ баулæф.

Адæймаг йе 'фхæрджыты бирæ рæстæг куы нал фены, уæд æм афтæ фæкæсы, цыма фæзæрдæхæлардæр сты æмæ йæм сæ цæстæнгас аивтой. Мæ радзырдты тыххæй ныфсы ныхас фехъусынмæ бæлгæйæ редактортыл талф-тулфæй азылдтæн, æмæ та мын мæ игæртæ судзгæ цæхæрыл афыхтой. Чи мын сæ кæсынмæ дæр нæ хъавыди, чи сæ йæ зæронд гæххæттытимæ акалдта, кæуыл мæрдырох бахæцыди æмæ мæ мыггаг æрымысынæн дæр нал уыди, чи та афтæ фенхъæлдта, литературæйæ мæ бон базыдтон æмæ йæ тæфтыл дæр нал ауайдзынæн. Куы нал сæм цыдтæн, уæд цинæй амардысты, фæлæ сæ цин фæмæнг и, æмæ мæм туджджыны цæстæй ракастысты. Ногæй та мæ дисы бафтыдта се 'ргом фыдæх. Цæй тыххæй? Уыйбæрц æвзæрæй сын цы ракодтон, цæмæй мæ се сæфт феной? Мысты хъарæг гæдыйæн – зарæг. Кæд мæ сæ уазал цæстæнгас фаг нæ бафхæрдта, зæгъгæ, ма мын Дауыр уæззау дзæккорæй мæ сæр дæр æркъуырдта:

– Ныр ацы гæлхæрд куы ницы сæнтаудзæн, уæд йæхи цы тухæнæй мары?

Адæргæй мæ зæрдæ бадзой-дзой кодта, æмæ маройгæнгæ уынгмæ ахызтæн, проспекты бадын æмæ, мæ цард дарддæр цы фæткыл саразон, ууыл тæрхæттæ кæнын. Нæ мæ ахуыргæнæгæй кусын фæнды, нæ уацхæссæгæй, фыссæг суæвыны фадат та мын дæтгæ нæ кæнынц, æмæ æгæрон маст мæ риуы 'хсиды. Мæ иувæрсты хъæлдзæг ныхасгæнгæ æнæмæтæй дыууæрдæм чи рацу-бацу кæны, уыдонæй иу дæр иронау нæ дзуры. Суанг ма зæрæдтæ дæр сæ цоты цотимæ æрхæц-схæцгæнгæ уырыссагау дыгъалдыгъул кæныныл архайынц, æмæ мæм афтæ кæсы, цыма æцæгæлон адæммæ бахаудтæн æмæ дзы иуы дæр нæ хъæуын.

Æмæ сæ хъæугæ дæр куыд хъуамæ кæнон? Сæ фыдæлтæ сын цы фарн ныууагътой, ууыл куынæ æрвæссынц æмæ кæрæдзимæ кæйдæр æвзагæй куы дзурынц, уæд мæ радзырдтыл куыд барвæсдзысты? Диссаг та куыннæ сты. Сæ фысджыты нæ зонынц, сæ уацмыстæ сын нæ кæсынц, афтæмæй сæ фыдгойæ не ’фсæдынц. «Махмæ та цæй фыссæг и?! Уыимæ дын уæртæ!..»

Гыццыл нацитæй дæр искæмæн йæ былтæ сойхъæстæ хæцъилæй æфсоны сæрст акæнæм, æмæ ныл сæ зæрдæ ма худа, зæгъгæ, кæмæддæрæгон адæмы лæмæгъдæр поэтæй уæлдæр хицауад раппæлæд, уыййеддæмæ куыдзæй, хæрæгæй иууылдæр цъиутау суасынц æмæ йыл, мах дæр йæ кадæй фæхъæстæ уæм, æмæ нæ феной, зæгъгæ, кинотæ исын райдайынц. Иумæ дæр дзы йæхи хъуыды нæй. Кæд Дауыр раст у, мыййаг, æмæ йæм дзæгъæлы хæрам кæнын? Дунемæ чи никуы ’рцыд, ахæм уацмыс куы сфæлдисон, уæддæр адонæй куы никæй бахъæудзæн, уæд, æцæгдæр, мæ фыссын цæуыннæ ныууадзын? Нæ, нæ! Куы йæ ныууадзон, уæд мæ цард бынтондæр сафтид уыдзæн, æмæ мæ зæрдæмæ хур нал кæсдзæн.

Фыртыхстæй, цы кæнон, уый нæ зонын æмæ мæ хъысмæт æлгъитын. Уыимæ дын ме ’мбал Авдан. Йе уæнгтæй хъазгæ ссæуы æмæ хъæлхуызæй дыууæрдæм фæлгæсы. Кæд мæ хуызæн хъæуккаг лæппу у, уæддæр горæты къуыдипп фæсивæдæй ницæмæй хицæн кæны. Хæрды цæугæйæ уæрдоныл æдкъала бæлас куы бабæттай, уымæй уæлдай йæ йæ мадæлон æвзаг нæ хъæуы. Æмдзæрæны æнæхъæн афæдз иу уаты фæцардыстæм, æмæ мæм иу хатт дæр иронау никуы сдзырдта. Йæ сæйрагдæр бæллиц у стыр бынат æрцахсын. Ирон æвзаг ын æхсæнадон асинтыл уæлæмæ схизынæн кæй ницы фæахъаз уыдзæн, уый æмбары æмæ дзы йæхи дæртты ласы. Уыйхыгъд йæ уды быцъынæг скъуыны уырыссагау мæлгъæвзагæй дзурыныл, æмæ йæ къухы ’фты. Æрдз ын иу хъуыддаджы дæр курдиат нæ радта, цæрын та йæ кадджынæй фæнды, æмæ йæ хъуагдзинад æххæст кæны хорз ахуырæй, алыхуызон дæсныйæдтыл фыст чингуытæ кæсынæй, æхсæнады ахсджиаг фарстатæм къæрцхъус уæвынæй, фæскомцæдисон æмæ партион кусджытимæ фидар бастдзинад дарынæй. Йе ’взаг ын аркъауæй куы ласай, уæддæр дын сæ ныхмæ ницы зæгъдзæн. Цыфæнды мæстыйæ дæр йе ’ппæрццæг миниуджытæ æмбæхсын фæразы æмæ, сæтæлæгау цы хъуызджы бабырыди, уырдыгæй иуварс нæ хизы. Алы ран дæр архайы

хицæутты ‘ргом йæхимæ раздахыныл æмæ сын зынгæ политикты уацмыстæй цитатæтæ хæссыныл. Цæмæй йæ уынджы цъылын ма рахоной æмæ йын йæ фæндтæ ма фехалой, уый тыххæй æддæмæ рацæуын дæр нæ уæнды.

Бакастæй рæсугъд нæу. Ис ын дæргъæлвæс хуымæтæг цæсгом, стыргомау гуыбыр фындз, æгъуыз цæстытæ æмæ рыджы ‘вдылды хуызæн æгоммæгæс сæрыхъуынтæ. Царды йын чи нæ фæпайда уыдзæн, уыцы адæмы хъотырджынтау йæхимæ æввахс нæ уадзы, фæлæ уæддæр кæйдæрты зæрдæтæм фæндаг ссары. Æвæццæгæн, аив итувæрд æмæ интеллигентхуыз кæй у, стæй иудадзыг зондджын ныхас кæныныл кæй архайы, уый фæрцы. Иу стыр хиндзинад æм и, фæлæ йын æй иуæй иутæй фæстæмæ ничи уыны. Æгæр хуымæтæгæй куы разына æмæ цæсты куынæ сахада, уымæй тæрсгæйæ йæ хъуыдытæ æргомæй никуы фæдзуры. Чингуытæй кæй исы, уыдон зынæмбарæн хъуыдыйæдтæ аразгæйæ адæммæ ахæм хуызы рахæссы, цыма йæхи сæры сфыцынц, æмæ йæм зæрдиагæй æрыхъусынц. Бирæ уацмыстæ чи бакаст æмæ алцыдæр тæразыл чи бары, уый йæм фыццаг хатт куы байхъуса, уæд зæгъдзæн: «Кæс-ма, цы зондджын у». Дыккаг хатт æрцæудзæн æндæр хъуыдымæ: «Тутийау уыцы иу ныхæстæ фæзмы». Æртыккаг хатт былысчъилæй бахуддзæн æмæ йыл йæ къух ауигъдзæн: «Демагог».

Йемæ куы базонгæ дæн, уæд мæ дисы бафтыдта йæ бирæвæрсыг зонындзинæдтæй. Куы мын дунейы номдзыддæр ахуыргæндтæй æппæлыди, куы фысджытæй, куы нывгæнджытæй, куы композитортæй. Джузеппе Вердийы оперæ «Аидæ»-йы мидисы ‘лхынцъытæ мын афтæ бæстон райхæлдта, йæ тæмæссаг музыкæ йын афтæ хорз банкъардта, цыма дунейы дæсныдæр музыкæиртасæг у. Родомесыл талынг хъоргъмæ бахизгæйæ уæззау къæйдур куы бафæлдæхти, уæд йæ уарзоныл цы зæрдæйæ сæмбæлди, уый мын афтæ ирдæй равдыста, цыма йæ цуры лæууыди æмæ йæм сойын цырагъ дардта. Ван Гог трагикон фæлгонцтæ æмæ мæгуыр адæмы хъизæмайраг царды нывтæ аразгæйæ цы аивадон фæрæзтæй пайда кодта, уый мын куы амыдта, уæд мæ дзых хæлиуæй баззади.

Иннæ лæппутæн сæ зондахаст чызджытæ æмæ дам-думтæм арæзт уыди, амæн та цард хуыздæр бамбарынмæ, стæй фылдæр чингуытæ бакæсынмæ, æмæ-иу алы хатт дæр нæ уатмæ цыдæр ногдзинад æрбахаста. Уымæ гæсгæ йæм æндæр цæстæй кастæн,

æмæ мын ныр æхсызгон у йæ уынд. Кæд дæрддзæф æрлæууыд æмæ мæм йæ хæрззылд урс къух æцæгæлонхуызæй дæтты, уæддæр æз мæ цин бауромын нæ фæразын. Мæ хъæбысы дæр æй акæнин, фæлæ йын куы фæхъыг уа, уымæй тæрсын æмæ йæм мæхи тыххæй уромын. Мæ хъустыл уайынц, къуымых ахуырдзауы сæры зынæмбарæн хъуыдытæ тъыссæгау мын уайдзæфгæнæджы хъæлæсæй кæй дзырдта, уыцы ныхæстæ:

– Адæмы дæхимæ хæстæг ма уадз. Æнцон æфхæрæн кæй дæ, уый базондзысты æмæ дыл сæ къæхтæй бацæудзысты.

Мæ директоримæ сын иу зондахаст и. Мæнмæ гæсгæ, сæ хæдад удыхъæдæй цæуы, æмæ сæ иу адæймаг дæр нæ уарзы, фæлæ къæрттæй цъула не 'ппарынц.

– Дæ бон хорз, Ирбег.

Ахæм хъæлæсы уагæй мын дæтты салам, цыма, «мæ сæрмæ дæ кæй хæссын, уый тыххæй мæ бузныг у» зæгъынмæ хъавы. Мæнæй дыууæ азы кæстæр у, æмæ йын мæ цуры йæхи уæзданæй æвдисын æмбæлы, фæлæ йæ фæззыгон куыстыты рæстæг фæскомцæдисон организацийы комитеты сæрдар студентты сæргъы авæры, æмæ йе 'мсæр адæммæ уæле дæлæмæ кæсы. Иу хатт куысты фæстæ быдырæй станмæ здæхгæйæ йе 'мкурсон чызг уæзласæн машинæйы кабинæмæ худгæ багæпп ласта. Авдан йæ тæнæг хуыздзыд æрфгуытæ нылхынцъытæ кодта, дуар байтыгъта, æмæ йæм йæ амонæн æнгуылдз æртхъирæнгæнæгау батылдта.

– Уый мæ бынат у,æмæ дзы куыд никуыуал сбадай, афтæ!

Чызгæн йæ цæсгом фæсырх и, æмæ къæмдзæстыгæй фæстæмæ рахызти. Æз хорзау нал фæдæн. Цыма йæ мæхæдæг бафхæрдтон, уыйау дзы хатыр ракуырдтон æмæ йæ гуыффæмæ арæхстгай сæргъæвтон. Лæппуйы цæсгомыл иу нуар дæр нæ фезмæлыди, кабинæйы сбадти æмæ фæллад æфсадхонау шофырæн йæ къухы зивæг фæтылдæй размæ ацамыдта. Цæрынæй хæрынмæ ирон лæг цæмæй фидыдта, уыцы бæллиццаг миниуджытæй йæм иу дæр не ссардтон æмæ йын йе 'нæрвæссон митæй фæлмæцын райдыдтон, фæлæ йæ уæддæр мæ зæрдæйæ аппарын нæ бафæрæзтон. Иннæтæм йæ кой дæр кæмæн нæ уыд, ахæм тых æм хатыдтон, æмæ мæ уый йæхимæ æлвæста. Ныр дæр мыл, æвæццæгæн, уыцы тых ахады, æндæр мæ риуæй уæззау дур цæмæ ахаудта? Редактортæ мæ цы маст бауагътой, уый бæлвырд фæкъаддæр и, æмæ йын йæ къух æхсызгонæй æлхъивын.

– Æгас цу, мæ хъаймæты 'фсымæр!

– Цæй тыхстхуыз дæ? Дæ род дæ гуыбыны амарди?

– Мæ радзырдты хъысмæт базоныны тыххæй редактортæм бацыдтæн, кæд сæ, зæгъын, иу фæлмæн ныхас фехъусин. Куыннæ стæй. Цыма мæ æмдыхæй ингæнмæ батæрынвæнд скодтой, уыйау мыл сæмварс сты æмæ мын иуæй иннæ карздæрæй мæ хъæдгæмттыл цæхх фæзæрстой. Сæ цæстысындз кæй дæн, æмæ, мæнæй фервæзынмæ сæ былыцъæрттæ кæй хæрынц, уый мæ æмбæхсгæ дæр нæ кæнынц.

– Афтæ хивæндæй дæ сæхицæн хъуырыгънæгæн дæр куыд бахуыйдзысты, нæ зонын. Цы уæрдоны бадыс, уымæн йæ зарæг нæ кæныс, фæлæ – йæ хъарæг. Искæй цармы бацæуын æмæ йæ бамбарын зын у, фæлæ ма дæхи иу минут сæ бынаты авæр. Дæ къухы тыхамæлттæй цы куыст бафта, уымæй дæ фæхауын бафæнддзæн, цард кæй бафхæрдта æмæ дзы æппындæр хорзæй чи ницы уыны, уый тыххæй? Ды ‘хсæнады фæлхæрттæ хурмæ куы фæхæссыс æмæ дæхицæй тыхджындæртыл дæ маст куы фæкалыс, уæд, дæ редакторты цы уавæры сæвæрдзынæ, ууыл фæхъуыды кæныс? Нæ фæхъуыды кæныс, нæ. Уæдæ дыл уыдон цæмæ хъуамæ хъуыды кæной æмæ дæ гуырысхойаг идейæтæ хъахъхъæнгæйæ сæ бинонты æнæ къæбæрæй цæмæ уадзой? Дæу афтæ фæнды, цæмæй хицæутты цъыфы змæнтай, сæ дæлбар адæмы цæсты сæ æфтауай, æмæ дын бузныджы охыл дæ уацмыстæ æхсызгонæй мыхуыр кæной, стæй ма дын гонорар дæр фидой. Раст мæ бамбар. Мæ хæлар кæй дæ, æмæ дын мæ зæрдæ хорздзинад кæй зæгъы, уый тыххæй дзурын демæ афтæ æргомæй. Ма мæм фæхъыг у, фæлæ дæ хъахъхъæнгæ чи кæна, уыцы куыдзæн дæтдзынæ хæринаг æви дыл хæцгæ чи кæна, уымæн? Уынджы уæвгæйæ æнцон хылгæнæн у хицæуттимæ, фæлæ дæхæдæг куы схизис хæрдмæ æмæ паддзахадон тыхгæнæг машинæйы куы сбадис, уæд уырдыгæй дæлæмæ æндæр цæстæй кæсис фысджытæм дæр, литературæмæ дæр. Кæй дзы не сбаддзынæ, уый зоныс æмæ уымæн фыцыс дæхимидæг.

«Адæм иумæ цæххы тоннæтæ куы бахæрой, уæддæр кæрæдзи нæ бамбардзысты. Мæ хъизæмайраг фыдæбæттæ мын кæцырдæм азылдта. Царды æцæг цæсгом æвдисын æм хъарæг кæнын, цъыфы змæнтын, маст калын æмæ цæсты ‘фтауынæй зыны. Ай стыр бынат куы ‘рцахса, уæд ныры хицæуттæй æгъатырдæр уыдзæн, былсæрфт ныхæстæгæнгæйæ сæрибар хъуыдыйы хурхыл тынгдæр хæцдзæн, æмæ, йæ къухтæм чи хауа, уыдоныл мæгуыры бон

кæндзæн», – ныфссастæй дзурын мæхинымæр æмæ фæсмонæй мæлын, кæй йæ ракъахтон, ууыл.

– Цы ныхъхъус дæ? Мæ ныхæстæ дæ зæрдæмæ нæ цæуынц? – фæрсы мæ хинхудтгæнгæйæ. Нæ, йæ хъæлæсы фарстон мыртæн сæ кой дæр нæй, уымæн æмæ йæ рæстдзинадыл дызæрдыг нæ кæны.

– Æнæхъæн афæдз мын цы фысджытæй феппæлыдтæ, уыдонмæ дæр дæ зондахаст куы уыдаид, уæд цы сарæзтаиккой?

– Уыдон иу дунейы цардысты, мах та ‘ндæр дунейы цæрæм.

– Уыцы уæлæнгай ныхæстæ мæ тæппуд редактортæй иу æмæ дыууæ хатты нæ фехъуыстон, æмæ мын сæ ды уæддæр мауал дзур: мæ зæрдæ сæм хæццæ кæны.

– Æрæджы иу уырыссаг нырыккон классикæн замманай психологон радзырд бакастæн. Дыууæ уарзоны талынг уатмæ куыд бацыдысты æмæ се ‘хсæв æмудæй куыд арвыстой, уый дзы диссаджы рæсугъд цæстуынгæ нывтæй равдыста. Адæймаджы миддуне æххæстæй кæм разына, стæй рæнхъыты бын цыдæр сусæгдзинад æмæ арф хъуыдытæ æвæрд кæм æрцæуа, ахæм уацмыстæ фыссын хъæуы ныртæккæ. Зæронд фысджыты быгъдæг ныхас цæсты нал ахады.

– Бахæлæггæнæн дæм и, цардæгас автортæй классиктæ чи сси æмæ сæ аууоны чи баззади, цæсты цыхуызæн ныхас ахады æмæ кæцы рæстæджы цавæр уацмыстæ фыссын хъæуы, уый чи зоны. Æз сын æппындæр ницы ‘мбарын. Мæхицæн скарстон иу хъуыддаг, æмæ мын æй цыфæнды цардарæзт дæр нал аивдзæн. Чиныгкæсæгæн цы зæгъынмæ хъавыс, уый дæ зæрдæйы бынæй куынæ цæуа, æмæ æхсæнады риссаг фарстатыл хъæрзгæйæ куынæ дзурай, адæмæн сæ сагъæстæ куынæ æвдисай æмæ сын сæ хъысмæттæ куынæ аразай, уæд кæныс æфсæст лæджы ныхас, æмæ мæн ахæм уацмыс мурдæр ницæмæн хъæуы, уарзæттæ æхсæв-бонмæ талынг уаты цы кусынц, уый цыфæнды рæсугъд ахорæнтæй куы сныв кæнай æмæ сын сæ зæрдæтæ зыгъуыммæ куы рафæлдахай, уæддæр.

– Раст нæ дæ, мæ хæлар. Нæ мæм хъусыс æмæ иу рæдыд иннæйы фæдыл уадзыс. Хъæумæ цæугæйæ дæ горæты куыд урæдтон, уый нал хъуыды кæныс? Цардæй дын цынæхуызон дæнцæгтæ æрхастон, ахæм нал баззади, фæлæ уæддæр дæ фæнд атардтай æмæ дзы цы рамбылдтай?

– Ницы. Кæй бакуыстон, уыдон кæуылты атахтысты, уый æмбаргæ дæр нæ бакодтон.

– Уæдæ ма дзы цас бафæстиат уæвынмæ хъавыс?

– Иу афæдз.

– Ацы хатт уæддæр мауал фæрæди. Газеты æвæстиатæй кусын райдай æмæ фысджытæм фæхæстæгдæр уай. Лæг кæй нæ уына, уымæй æфсæрмы нæ кæны...

– Хъæуы ма мын иу аз æнæ баззайгæ нæй. Кæд мин æмæ æрдæг æрæмбырд кæнин æмæ горæты иу къуым балхæнин.

– Уыдон дын ницы фаг суыдзысты. Фæлтау махимæ цом æмæ дæхиуыл схæцай.

– Кæдæм цæут?

– Казахстанмæ.

– Ды – Казахстанмæ?!

– О. Дæс лæппуйæ дзы нæ зæрды фæйнæ мины сласын и.

– Дæхи хуызæн хуыскъастæу фæскомцæдисонты æрæмбырд кодтай, æвæццæгæн, æмæ ма уæ дзæгъæл дзæнгæдамæ хъусгæйæ мæ фæстаг капеччытæ дæр бахардз кæндзынæн.

– Ма тæрс. Дзæнгæда цæгъдынмæ нæ цæуæм, фæлæ æхца кусынмæ. Совхозы директор ирон лæг у æмæ нæ йæхимæ хоны. Мæй æмæ æрдæгмæ мин сомы дæ дзыппы куы сæвæрай, уæд дæ цы бахъыгдардзысты?

– Цы уа, уый уæд. Донласт хуылыдзæй нæ тæрсы, – сразы дæн йæ фæндыл æмæ бон-изæрмæ æгæрон быдыры мæ уыргтæ æфтауын. Кæд мын зын у, уæддæр рæстæгæй-рæстæгмæ æрдзы уындæй мæ зæрдæ барухс вæййы. Нæхимæ кæуыл сахуыр дæн, уымæй æртæ хатты стырдæр хур арв æмæ зæххы ʻхсæнты сырхсырхидæй куы фæцæйлæсы, уæд æм кæсынæй нал фефсæдын. Иннæ ахæм цъæх-цъæхид мигъы уаццаг. Мæ тæккæ сæрмæ сыгъдæг уæлдæфы аргъауы калмау сабыргай куы фæцæйбыры, уæд дзы мæ цæстытæ атонын нал фæфæразын. Бынтон диссаг та мæм доны ацц кæсы. Армыдзаг йеддæмæ нæу, афтæмæй йæ сæрыстырдзинадæн æмбал нæй. Йæ даргъ лыстæг къæхтæй ахæм хæрзаив, хиуылхæст æмæ уæздан цыд кæны, цыма æппæт мæргътæн дæр сæ паддзах у æмæ се ʻхсæн йæ кад дæлæмæ æруадзынæй тæрсы. Йæ тахт дæр – хæрзаив, хиуылхæст æмæ уæздан. Æрвхуыз цады цæхæркалгæ фæлхъæзæнæй нымдгæнгæ йæхи атоны, сабыргай хæрдмæ ссæуы, стæй та йæм уыцы хæдæфсармæй фæстæмæ æрыздæхы æмæ йе ʻмбуар размæ атындзы. Хъазын æй

куы нал фæфæнды, уæд доны былмæ рахизы æмæ йæ иувæрсты хъалхуызæй махырдæм æбазилы. Зухраимæ сæм иумæйагæй цыдæр арын, æмæ мæм афтæ кæсы, цыма мæ уарзон мæ цурмæ маргъы хуызы æрбацæуы. Мæ рæсугъд сæнттæ мæ æмбисонды дунемæ ахæссынц, æмæ мæ фæллад уæнгты ног хъарутæ равзæры.

* * *

Чындзæхсæв йæ тæмæны бацыд. Хистæртæ дæргъæй-дæргъмæ сарайы дзадджджын фынгтыл бадынц æмæ иуæй иннæ зонджындæр сидтытæ кæрæдзи фæдыл уадзынц. Рæстæгæй-рæстæгмæ сæ исчи цъæхснаг хъæлæсæй базары, кæстæртæ уайтагъд йæ уæлхъус алæууынц æмæ йæм разæнгардæй бахъырнынц. Фæйнæг быруйы цур æрыгон чызджы хъæбысы фæндыр йæ удæй арт цæгъды, æмæ хъæлдзæг фæсивæд кæрты астæу хæрдты хауынц.

– Цу-ма, Ирбег, æмæ сын ирон лæппуйы уæнгты ахаст феных кæ, – æрхатынц мæм сыхы устытæ. Мæ цæрдæг фезмæлд сæ зæрдæмæ кæй цæуы, уый æмбарын æмæ мæхиуыл нæ ауæрдын. Кæсгон цагъды ‘хсидгæ зæлтæм хъусгæйæ та бынтон сæрра вæййын, чызджы фæдыл сиргæ атындзын, æмæ мын уæрæх фæз нал фæфаг кæны. Айфыццаг мыл Налцыччы иу чындзæхсæвы кæсгæттæ сæ цæст æрæвæрдтой, æмæ мæхимæ цыдæр æркастæн.

– Нæ кафт нын нæхицæй хуыздæр кæныс.

– Нæ музыкæ нын диссаджы хорз æнкъарыс.

– Кафгæйæ дæ кæсгонæй ничи равзардзæн.

Се ‘ппæлæн ныхæстæ мыл афтæ тынг сахадыдтой, æмæ уæдæй фæстæмæ алы ран дæр уыцы цагъд æрдомын, стæй йæм иу хаттæй иннæ хатмæ ноджы ‘взыгъддæрæй фæкафын. Фæстагмæ чызджы цур цъилау æрзилын, мæ сæрæй йын акувын æмæ иуварс алæууын, стæй уазджытæн кæстæриуæг кæнын райдайын. Абон мыл уæлдай стырдæр хæстæ æвæрд и, æмæ сæ зæрдиагæй æххæст кæнын.

– Цом-ма, æз дын кæйдæр фенын кæнон, – домгæ хъæлæсæй мæм дзуры мæ къæйных сыхаг Фирузæ æмæ мæ гуымиры хуызы мæ къабазæй уаты ‘рдæм фæласы.

– Фæлæуу, мæхæдæг ацæудзынæн. Суадз мæ: худинаг у, – хатын æм лæгъстæхуызæй, фæлæ мæм уый нæ хъусы. Кæй йын алидздзынæн, уый зоны, æвæццæгæн, æмæ мыл фидар хæцы. Уаты къæсæрæй мæ мидæмæ бассыдта, æмæ сагъдауæй аззадтæн.

Бертæ тынг зæрдæмæдзæугæ кæй у, уый зыдтон, фæлæ урс разгæмтты йæ хуыз афтæ тынг скалдзæн, уый æнхъæл нæ уыдтæн. Къулы рæбын лæууы æмæ мын йæ цæстæнгасæй уайдзæф кæны:

– «Кæмæн мæ дæттыс, гормон? Æз дæу куы уарзын, уæд мæ æндæрмæ цæмæ æрвитыс?»

– Де 'взаг аныхъуырдтай æви сур фæдæ? Бацу йæм æмæ йын арфæ ракæ. Æви дæ нæ фæнды, амондджын уа, уый? – хъазæн ныхас кæны Фирузæ.

– Бæгуыдæр мæ фæнды. Амæндтæ æз куы уарин, уæд ын дзы ахъаззаджы хай бакæнин. – Хæстæг æм бацыдтæн æмæ йын йæ хъусмæ мæхи баивæзтон. – Ме 'ппæты стырдæр рæдыдыл нымайын, мæхицæй дæ кæй уадзын, уый.

– Ныр дæр дын нæма байрæджы... – дзуры мын æнкъардæй, йæ доныразилынæввонг цæстытæй мæ рæвдауы æмæ мæм разыйы дзуапмæ æнхъæлмæ кæсы. Мæ зæрдæ фæсаджил, æмæ дзы куы иу сурæт ферттивы, куы иннæ. Мæ цæстытыл уайы, æрæджы мыл Зухра йæ цины хуыдуггæнгæйæ куыд сæмбæлди, уыцы 'мбисонды ныв. Куы мæ ауыдта, уæд йæ цæсгом сырххъулон афæлдæхти, стæй цикъæйау афæлурс и. Дзæвгар рæстæг йæ дзыхы ныхас нал бадти. Фырадæргæй мын салам раттынмæ дæр нал арæхсти. Исты йыл куы 'рцæуа, уымæй фæтарстæн, æмæ йæ мæ хъæбысы 'рбакодтон. Æрæджиау йæхимæ æрцыди, æмæ мæ ризгæ хъæлæсæй бафарста:

– Дæ рæстæг куыд арвыстай, Ирбек Касболатович? Дæ фæллад суагътай?

Искуы мыл исчи уадзгуытæ кæндзæн æмæ ма мыл уый æдде ныййарæгау дæр узæлдзæн, уый мæ хъуыдыйы кæрон дæр нæ уыди. Æрдз ын кæлæнгæнæджы цæстытæ радта, æмæ мыл дардмæ дæр дыуузæ хурау зæрин тынтæ куыд нывæндынц, уый æхсызгонæй æнкъарын. Фырамондджынæй мæ сæр расыгау зилы, æмæ мæм афтæ кæсы, цыма йæ Бертæимæ кæй барын, уымæй йæ сыгъдæг æнкъарæнты ныхмæ цæуын. Иуварс алæууыдтæн æмæ йæм æрсабыр кæныны охыл хатыркурæгау дзурын:

– Байрæджы. Чи зоны, рæдийын æмæ искуы фæсмоны арты басудзон, фæлæ мæ рæдыд дæуæн амонды хос фæуæд.

– Гъей, ардæм дæ дæ хъустæй кæйдæр чындзы ныхæстыл дарынмæ не 'рбаластон, фæлæ дæхицæн къайаг равзарынмæ, – мæ цонгыл та мын ахæцыд Фирузæ æмæ мæ уазæг чызджытæм

баздæхта. – Мæнæ ацы саурæсугъдимæ базонгæ у, æмæ йæ аскъæфæм.

– Æвæстиатæй?

– Уæдæ ма йæм цæмæ кæсæм? Дыргъ куы срæгъæд уа, уæд æй тонын хъæуы.

– Уанцон тынд нæу. Уæд та йæ нæ фæнды.

– Æмæ йæ чи фæрсы? Махæй дæр – иу, адонæй дæр – иу, кæрæдзийæ хæс куы нæ дарæм.

– Усгуры хæстæг у?

– Йе ‘мхæрæфырт. Горæты йын – замманай цъæхсæртæ, хъæздыг бинонтæ, фидар къабæзтæ. Афардæг æй кæ, æмæ мæ хуызæн искæй фæсдуæртты æгадхуызæй ма рахау-бахау кæнай.

– Дзæбæх дæ не ‘мбарын. Цардæмбал мын æвзарыс æви хæдзар?

– Мæхи зæрдæцъæхæй сæ дыууæ дæр. Нæхионимæ къæвдайы бын дæр разы уыдтæн цæрыныл, фæлæ мæ нып æнæ хæдзарæй сызгъæрин лæг дæр нал хъæуы.

– Раст зæгъгæйæ, мæнæн дæр къусбар цардæй мæ уд удыл нал хæцы, стæй бæрзонд æвæрд никуыма никæмæ уыдтæн, æмæ йæ бафæлварын æмбæлы, фæлæ мæм мæлæты мæсты каст кæны, цыма мæ йæ хуымы кæрон ссардта.

– Сылгоймаг хин æмæ кæлæн у. Йæ айк иу ран и, йæ хъуыдатт та – иннæ ран. Уæ кафаг сыхаджы мæ уд баззади, æмæ мæ йемæ базонгæ кæнут, зæгъгæ, нæ къулы хуынчъы аласта, ныр йæхи ахæм уæзданæй æвдисы, цыма йыл къæм дæр никуы абадти.

– Гъер ды фыддзæсгомгæнæг нæ дæ? – ныфсæрмы чызг æмæ йæм хылгæнæджы дзагъултæ кæны, фæлæ дзы разы кæй у, уый бамбæхсын нæ фæразы.

– Кафаг лæппу хæдзар нæ дары, æмæ дзы дæхи дард лас, науæд йемæ æрдæгæххормаг-æрдæгæфсæст цæрдтытæ кæндзынæ, – къахын æй æз, æмæ мын дзуапп дæтты дæлгоммæ ныхасæй:

– Ансамблы дæсны кафджытæ бирæ и, сæ хæдзæрттæ æвзæр нæ дарынц, фæлæ рæузонд сты, æмæ сæ зæрдæ нæ исы...

–Дзыхы радавинаг чызгимæ дæ нæ зонгæ кæнын. Æмбисонды фæндырдзæгъдæг у, æмæ заргæ куыд кæны, уый та, – стыр хорзы бацæуæгау мын сæрыстырæй дзуры Фирузæ.

– Æгæр мæ ма стау, науæд мæхицæй ныхъхъал уыдзынæн æмæ хæрдты кæсгæйæ иунæгæй баззайдзынæн.

– Хъалæн нæ зонын, фæлæ дын иунæгæй баззайынæй тас нæу. Æз ныртæккæ дæр цæттæ дæн мæ сыхаджы ныстуан сæххæст кæнынмæ...

Дæ зæрдæ искæмæн куы радтай, æмæ йын йæ зæрдæйы сæйраг бынат куы ‘рцахсай, уæд бæсты рæсугъдимæ дæр ронбæгъдæй хынджылæг кæнын æнцон у. Зухра мын ныфсы мæсыг куынæ уаид, уæд ме ‘взаг мæ коммæ афтæ тынг нæ кæсид, стæй мæ ахæм хæрзуынд чызг æнæ хъус æрдаргæйæ дæр нæ аирвæзид. Сатæг-сау цыбыркъуырд лыстæгкъæбæлдзыг сæрыхъуынтæ, урс-урсид тымбыл цæсгом, аив гыццыл фындз, сау æрттиваг цæстытæ.

– Инессæ, – дзуры зына-нæзына мидбылхудгæйæ.

– Гæраты дзæбæх лæппу – Ирбег.

– Дзæбæх кæй дæ, уый уынын, стæй мын æй абондæргъы Фирузæ дæр мæ зæрдæйы æвæры...

Мемæ йæ хæстæгдæр базонгæ уæвын кæй фæнды, уый йæ уагыл бæлвырд зыны, æмæ мæм сæрыстырдзинады хуызæн цыдæр хорз æнкъарæн гуырын кæны.

– Чындз цæттæ у?! – къæсæрæй мæм хъуысы нæлгоймаджы барджын хъæлæс.

– Цæттæ у, цæттæ. Сымахмæ у нæ каст, – йæ цæстытæ мæ нæ исы, афтæмæй йын дзуапп дæтты Инессæ æмæ фæндыры бос йе ‘фцæгыл æфтауы. Ныртæккæ дæр ма бандоныл æдзæмæй чи лæууыди, уый йæ къухты нæртон удæвдз фестади, уæнг-роггæнæн музыкæйы зæлтæ дзы ивылынц æмæ мын мæ зæрдæйы уидæгтæм æнахуыр тыхæй æвналынц...



*ГОДЖЫЦАТЫ Нелли*

# УÆДДÆР ÆЗ БУЗНЫГ ДÆН ХЪЫСМÆТÆЙ

* * *

**Нæ цард æнæуарзгæйæ циу!**
**Дыууæйæ та сæм худы амонд.**
**Æз та куы дæн ныр дæр-ма иу,**
**Æмæ мын уый та у дæ раконд.**

**Цымæ мæ сонты дуджы цард**
**Дæуæн куыд æрхастон нывондæн?**
**Сæ хуыздæрмæ фæкастæн бонтæн,**
**Фæлæ мæ уый фæлыгъди дард.**

**Ныр мæнæ – уалдзæг æмæ сæрд,**
**Уæддæр нæ райхæлди мæ зæрдæ.**
**Ды дард мæ дунейæ кæмдæр дæ,**
**Æз та дæн амондæй æфхæрд.**

**Дæхи мæ айс! Фæцу мæ дард.**
**Ныр дын æгъгъæд фæуæд мæ сагъæс.**
**Дæ сæр мæ дард бæстæмæ ахæсс,**
**Æмæ æз та кæнон мæ цард.**

* * *

**Цæуон мæ райгуырæн хæдзармæ**
**Æмæ дзы базонон æнцой.**
**Кæд мæ мæ амондæй фæрсой,**
**Уæд ме 'нгас азилдзынæн цармæ,**
**Цæмæй мын ма кæной дæ кой.**

Мæ цинæй зардзæни баба,
Нана та мæм кæсдзæн æнкъардæй –
Йæ уырзтæй мæ уындзæни нардæй...
Мæгуырæг, ницы федтой цардæй.
Цы уыдзæн дарддæр та, мæгъа.

Цæуын фæстæмæ та кæугæ –
Мæ церд мæ сулæфын нæ уадзы.
Уæвгæйæ, ацы фæндаг, ацы!
Мæ мæлæт дæр цæудзæни балцы...
Дæу ма куы федтаин, бæргæ...

## ХÆРЗБОН, МÆ ФАРОН

Хæрзбон, мæ уарзт, хæрзбон, мæ фарон.
Мæ баз – хуылыдз, мæ цæссыг згъалын.
Зæгъ-ма мын, зæгъ, уæдæ куыд зарон, –
Дæ ныв куы фестадис æвзалы?

Дæ ныв дын басыгъттон фыдæнæн.
Æнхъæлдтон, – фервæзтæн мæ уарзтæй,
Фæлæ æз дæр æрра куыд нæ дæн:
Мæ зæрдæйы рыст ноджы скарздæр.

О, дымгæ, ды мæ зарæг ахæсс
Иры зæххыл æхсæв дæр, бон дæр.
Кæд исчи бамбарид мæ сагъæс,
Кæд уаид зæрдæйæн æнцондæр.

*1987*

## НЫББАР

Ныббар – æфсымæрау дæ курын,
Æмæ мыл ма бахуд къæйныхæй.
Мыййаг мæ кæд нæ хъæуы дзурын, –
Æппæт цы рацæуа мæ дзыхæй...
Мыййаг ды дæр мæнау дæ царды

Кæд федтай ‘нафоны мæстытæ.
Хæрзуд фыддæр баййафы тарды.
Хъысмæтмæ дæр кæм ис рæстытæ?..

Ныууагъта тæлм дæ удыл сагъæс,
Æмæ фæцагайгæйæ риссы,
Уæддæр ын хос уыдзæни исты –
Мæнау дæ масты коммæ ма кæс!..

Уæддæр ды дæ, куыд хъæуы, афтæ:
Хъæздыг зæрдæйæ æмæ удæй.
Фæрнæй сæ дар æмæ рæсугъдæй!
Мæнæн дæр айс мæ арфæ!..

## ÆЗ КÆЙ УАРЗЫН

Æз кæй уарзын, уый кæм вæййы,
‘Хсæвыгон фæфæрсын мæйы,
Боныгон фæрсын æз хуры,
Уый дæр та мын æй нæ дзуры.

Æз кæй уарзын, уый нæ зоны,
Мæн йæ мæтæй маст кæй домы.
Æз кæй уарзын, уый нæ зыны,
Фенын æй æрмæст мæ фыны.

Мæй йæ сыкъа зилы зулмæ,
Уый мæ мæт нæ дары мурмæ.
Уый нæ уарзы, уый нæ кæуы.
Искæй уарзтæй йæ цы хъæуы?..

Æз кæй уарзын, уый куы ссарин,
Уарзты цинæй уæд фæзарин.
«Рох мæ дæ!» – зæгъин ын худгæ,
Зæрдæ та куы кæнид дудгæ...

*1988*

## КÆЛÆНГÆНÆГ

Кæлæнгæнæг дæ ды, кæлæн;
Хъысмæт та у мæнгард.
Кæмæн зæгъон мæ рис, кæмæн –
Мæ риуы судзы арт.

Уадз, ма зон ды, уадз, ма у мæн,
Дæ фенд дæр мын – æгъгъæд.
Æз-иу дæм худдзынæн фæлмæн,
Мæ зæрдæ та – æфхæрд.

Фæйнæрдæм нæ фæхæсдзæн цард,
Хъысмæт та нын – æфсон.
Мæ уарзтыл дын нæ хæрын ард,
Фæлæ йæ уадз ‘мæ зон...

* * *

Кæд мын нæ райхæлдтай дæ зæрдæ,
Нæ фæндаг иумæйаг дæр нæу,
Уæддæр æз бузныг дæн хъысмæтæй.
Кæй радта а дунейæн дæу.

Кæд исчи мæн фæрса зæрондæй:
«Цы уыд дæ царды та хуыздæр?»
Уæд-иу æнкъард, мæ сæр бæрзондæй
Дæ ном ыссардзынæн æз дæр.

*1987*

## ХОР ХÆССЫНМÆ

Æз абон райхæлдтон сæргай
Мæ цард, мæ аивгъуыйгæ азтæ...
Мæ Ир, нæ дæ лидзын тæргай,
Цыдæр мæм сагъæсхуыз фæкастæ.

Æз дын бæргæ зонын дæ низ,
Мæ сонт зæрдæ дæ мæтæй риссы...
Хуыцау, дæ фыдæхæй йæ хиз,
Кæннæуæд ыл æрцæудзæн исты...

Бæргæ, куы амонид мæ арм,
Къостайæ уæд зæгъин æфсымæр...
Кæд дыл мæ удæй не 'фта хъарм –
Мæ цырт мын рох ингæны сæвæр.

Ныссадз мын сугдзыуар æрмæст,
Мæ ном мын сау дамгъæтæй бафысс,
Цæмæй мæ ма уына дæ цæст,
Цæмæй мын ма 'лгъитай мæ намыс...

Сæнттæ сты уый. Ныр та дæн ам...
Хъысмæт та мæм йæ лæдзæг тилы.
Мæ къух – цыбыр, афтид – мæ арм.

Нæ къæбицы дæр дымгæ зилы.
Хæрзбон, хæрзбон, лæугæйæ нæу.
Æрттивы ме стъалы мæм уæртæ.
Æз ног æрхæсдзынæн мæнæу –
Бæрзонд фæцæудзысты æвзартæ.

*1988, мартъи*

## АЗ ÆМÆ НАЗ

Хъæддзауты иууыл лæгмартæ куы рахонæм,
Чи ма нын ласдзæни суг?
Цом, уæдæ, тар хъæды наз бæлас ракæнæм –
Сугæй нæ рацæудзæн туг.

Хъæды хуыздæр хъæбул, адæмы амондæн
Радтай дæ иунæджы сæр.
Исчи фæдисы куы фæсида абон дæр,
Бафтин дæ фæдтыл æз дæр.

Хъæдæн дæр адæмау йе стыр хæс фидинаг –
Иу сæфтыл афæдз фæраз...
Уыйхыгъд нæ зæрдæты райхæлдзæн дидинæг –
Буц уазæг аз æмæ наз.

*1988–1989*

## ХЪÆЗДЫГ ДÆН

Мæрддзыгой зæрдæбынæй мардыл фæкæуы,
Йæхи мард фыдбонæй куы лæууы йæ зæрдыл.
Мæ агъуыст – рæстæмбис, хуыздæр мæ нæ хъæуы –
Хъæздыг лæг нæ тыхсы, нæ риссы æндæртыл.

Хъыг мын у: мæ тæфтыл нæ цæуы æххуысдзау,
Мæ уд æмæ зæрдæ зынгæвæрдæй дарын.
Гуырцæй мын дзырдарæхст нæ радта мæ Хуыцау –
Мæ сæнттæ, мæ фæндтæ фыссыныл фæлварын.

Мæгуыры хъæр сисын мæ сæрмæ нæ хæссын.
Хъæздыг дæн – сыгъдæг у мæ намыс, мæ зæрдæ.
Фæнды мыл фæхудут, мæлæтæй нæ тæрсын,
Мæ цардгæрон – гауыз, цæуæнт ыл æндæртæ.

*1989, мартъи*

## МÆ МÆГУЫР ÆНАЙÆН

*(Мæ мады мад Сопойæн номарынæн)*

Ныр дæр ма йæ мысын мæ мæгуыр æнайы:
Мæ сæр мын-иу даудта рæвдаугæ йæ арм.
Кæд мадæй дæр исты йæ хъæбултæн зайы –
Дæ фæстæ дæ цотæн цы фæци сæ фарн?

Сыгъдæн нæм йæ артмæ æхсидæвтæ калынц.
Мæгуырдæр нæм чи у – æлгъыстаг йæ ном.
Æвæгæсæг сонтæн йæ фæндæгтæ халынц,
Чызгæн та нæм койаг – йæ абон, йæ сом.

Бæргæ ма æвдисæм кæрæдзимæ барæй
Нæ дæндæгтæ урсæй, нæ удтæ та – сау.
Ныууагътам нæ кувын. Æниу нын лæварæй,
Æввонгæй кæм ратдзæн хæрзиуæг Хуыцау.

Ныр дæр-ма йæ мысын мæ мæгуыр æнайы:
Мæ сæр мын-иу даудта рæвдаугæ йæ арм.
Кæд мадæй дæр исты йæ хъæбултæн зайы –
Дæ фæстæ дæ цотæн цы фæци сæ фарн?

*1989*

## НЫББАР МЫН, КÆД ДÆ НЫВЫЛ КАРСТ НÆ ФÆДÆН

Хæрз сабийæ дæр диссаг уыдтæн, диссаг –
Гыццыл маст дæр мæ домаг уыди, риссаг.
Мæ мады над мын йе 'хсырау нæ уыди –
Мæ зæрдыл-иу къуыримæ дæр лæууыди.

Зындзинæдтæн бæргæ зонын фæразын,
Фæлæ мæ цардæй никуы уыдтæн разы.
Кæм-иу загътон, ныр райдыдтон æндидзын,
Гъе, уырдыгæй-иу бахъуыди мæн лидзын.

Мæ уды хъуыр уæрдæх бастæй фæдардтон,
Лыгътæн, рæдыдтæн, агуырдтон, нæ ардтон,
Æмæ фæстагмæ загътон æз мæхицæн:
Мæхи сæрæй мын никæдæм ис лидзæн.

Ныр дæр тыхсын, фæрæдийын, фæлварын.
Кæуын, куы худын, маст кæнын, куы зарын.
Куыд ма ивон, цы ма кæнон мæ гъæдæн?!
Ныббар мын – кæд дæ нывыл карст нæ фæдæн!

*ЦГЪОЙТЫ Хазби*

# РАДЗЫРД, ЭТЮД, НОВЕЛЛÆ

## ÆМВÆНД

*Радзырд*

Аоло хицаумæ рагæй дары йæ дæндаг. Фæлæ йын цы хуызы смаст кæна, уый нæ зоны. Сæрмагонд боныджы бæргæ фыссы хицауы ацыд æмæ æрбацыд, йæ алы ми æмæ фæзилæн дæр, фæлæ дзы цы хуызы спайда кæна, уымæн сæрфат нæ ары. Æмæ цынæ диссæгтæ ис йæ боныджы: хицауы кæцыфæнды раст хъуыддаг дæр зыгъуыммæ йæхи ныхмæ куыд саразæн ис, суанг уыдон дæр. Ног дзы исты куы фæфыссы, уæд сыл йæ цæст ахæссы, сæ тых сын тæрæзтыл барæгау банкъары æмæ фæныфсджындæр вæййы хицауы йæ бынатæй зæронд бындзæфхадау сæппарынмæ. Йæ тыхтæ «ныццæвынмæ» æрбамбырд кæны, дæндæгты къæс-къæс ссæуы. Фæлæ та фыстытæ фыстытæй баззайынц, æртхъирæнтæ æртхъирæнтæй. Йæ ныфс цыдæр æрбавæййы хицауы фенгæйæ.

Æмæ йын æниу цы кæны? Куыст домы. Æмæ уæдæ куыд? Кусын хъæуы, фæлæ æгæр дæрзæг у йе сныхас, йæ митæ та – уæндон, кардæй куыд æрлыг кæнай, афтæ. Афтæмæй рæдигæ та куыд нæ кæны, фæлæ йыл фæхæцæг ис. Æндæр æй уал азы иу бынаты, уымæй дæр стыр бынаты, куыд быхсынц.

– Нæ! Æз ын йæ быны арт бандзардзынæн! – мæстджынæй ахъуыды кодта

Лоло. – Бирæ нал фæбаддзæн уыцы къæлæтджыны. Зоны æфхæрд ын хъама аныхъуырæгау хъуамæ фæуа. Куыд æмбæлы, рæстæг куыд домы, афтæ, дам, нæ кусут. Æмæ ранымадта æмбырды æппæт коллективæн хъусын кæнынæн мыггæгтæ. Æппæты разæй – Хуыссæгты Лоло. Зæххы скъуыды куы афардæг уыдаин, уый мæ бафæндыд. Гъа, хицæнæй мын алывыдтæ фæкалыс, уæд ма мæ кæстæрты, кæм цы хъуымыздзых læппынтæ ис, уыдоны цур цæмæн худинаг кæныс? Цыма уыдон хуыздæр кусынц. Ныр мыл сусæгæй, æргомæй былысчъилæй куыд нæ худой? Нæ, уый ныббаринаг нæу. Иунæгæй йын мæ бон ницы бауыдзæн, коллектив йæ фарс куы рахæцой, уæд додойаг мæ сæр. Кæйты ма бафхæрдта, уыдонимæ æмвæнд саразын хъæуы. Ныртæккæ коллективы куыстхъомдзинады разамонæгæй фылдæр домд цæуы. Æмæ цы аразы кусджыты хъомылады, сæ царды уавæртæ фæхуыздæр кæнынæн! Уыцы фарстатæ æмбырды фæцагай, æмæ уæд иугай сæ тыппыртæ ракаликкой. Фæлæ куыд? Искæй къухæй зынгмæ æвналын тæссаг нæу. Æмæ кæй къухтæй?

Лоло бирæ фæрабар-бабар кодта, хицау «æвзæр» кæимæ цæры, уыдон иууылдæр, радон æмбырды йæ ныхмæ хъæддыхæй чи радзурид, уый æвзаргæйæ. Йæ зæрдæ дзы æртæйыл тынг бæргæ дары. Уыдонæй фылдæр йæ фыдгой ничи кæны, куы æргом, куы сусæгæй. Семæ алæууы, æндæр дын кæй кой нæ ракæндзысты, ахæм нæй. Фылдæр та – хицауы. Бирæ сын бæргæ нал хъæуы, артыл фæтæген бакалынæй уæлдай.

Дыккаг бон Лоло йæ сусæгвæнд царды рауадзыныл архайын райдыдта. Фыццаг Хъызынмæ бауад. Æлхыскъ фарст æй акодта:

– Дæ куыст нæма фæхуыздæр кодтай, мæ хæлар? Рæстæджы æмдзу куы нæ кæнай, уæд дæ хъуыддаг хорз нæ уыдзæн!

– Мæнимæ йын афтæ æнцон нæ рауайдзæн! – фырмæстæй йæ бынатæй фæгæпп кодта Хъызын, дзургæ-дзурын ферхæцыд, æмæ цæсгом цывзыйау асырх, стæй: – Афтæ куы кæна, уæд æй æз йæ бынаты сбадын кæндзынæн!

«Йæ риссаг ын фæцагайдтон, – йæхинымæры бацин кодта Лоло. – Ай, чи хъæуы, ахæм лæг. Ай зæгъдзæн! Цыбырхъуыр æмæ теуайау æнæзонд. Ацæхæр вæййы уайтагъд æмæ йæ зæгъинæгтæ хъæуа-нæхъæуа ракалы. Раст фæндагыл æй саразын хъæуы».

– Омæ йын кæдмæ быхсдзыстæм, кæдмæ? – тынг тыхстæй

йæ фарсмæ балæугæ сдзырдта Лоло. – Иуы æфхæры, иннæйы ницæмæ дары. Афтæ кæдмæ уыдзæн? Коллектив нал стæм. Иумæйаг æмбырды йын йæ базыртæ цæуылнæ ацæгъдæм, цæмæй кауы сæрты цæхæрадонмæ ма тæха æмæ æвзартæн фыдбылыз ма кæна, уый тыххæй фыдуаг уасæгæн куыд кæнынц, афтæ?

– Цæгъдгæ нæ, фæлæ йын рæбынæй лыггæнинаг сты. Уый мæ бар уадз, кæд æй ардыгæй нæ фæтæрын кæнон, уæд ма-иу фæкæс! – Йæ маст артыл фыцæгау йæ былтæй фæйнæрдæм кæлы Хъызынæн.

– Иунæгæй нæ, коллективы тых фылдæр у. Мæнæ æз дæ фарсмæ. Æз дзы цы диссæгтæ зонын, уыдонæн сæ фондз проценты дæр фаг сты лæджы Сыбырмæ ахæссынæн, фæлæ ма нæ уæддæр хъæуы фарсхæцджытæ. Æмвæнды тых бирæ у, уый дæ рох ма уæд.

Хъызын фæсабырдæр, хъуыдытыл фæци, стæй:

– Æмæ кæмæн нæ кæны маст, фæлæ иууылдæр козбаутæ, хæлиудзыхтæ, куырм галау сæ кæдæм аздахы, уыцырдæм фæцæйцæуынц.

– Раст нæ дæ, мæ хæлар, Хъоло æмæ Хъæвдын ахæмтæ не сты. Мæстæй йæм чъырыхæлд кæнынц.

– Уæллæй кæнынц. Фæдзурæм-ма сæм.

Чысыл фæстæдæр дуарæхгæдæй сусæг ныхас бацайдагъ цыппар лæгæн. Æмвæнд уыдысты цыппарæй дæр, фæлæ фыццаг чи радзурдзæн, ууыл нæ фидыдтой. Фæстагмæ Хъоло афтæ:

– Цæмæй дзы тæрсут, цæмæй?! Æз райдайдзынæн!

Дыккаг ныхас хъуамæ ракæна Хъызын. Уый хъуыддаг хъуамæ фæкарздæр кæна. Стæй Лоло, йæ фæстæ та – Хъæвдын.

– Ноджы ма исчитæ куы зæгъид, уæд æвзæр нæ уаид, – загъта Хъæвдын, номхыгъд ууыл кæй фæци, уымæй фæтæрсæгау кодта.

Ауынаффæ та кодтой, цалдæр æмкусæгæн характеристикæтæ авæрдтой, хицауы ныхмæ дзы чи радзурдзæн, уый раиртасыны охыл. Стæй сæм иугай сæхимæ фæсидтысты. Бæлвырд дзуапп дзы ничи радта. Чи дзы цы æфсон скодта, чи – цы. Чи та загъта: «Хорз, фендзыстæм». Ома уæ хъыджы нæ цæуын.

Æрхæццæ «мастисæн» æмбырды бон. Цалдæр сахаты размæ та дуарæхгæдæй тыгуырæй алкæмæн дæр йæ хæс бамбарын кодтой, чи дзы цæуыл дзурдзæн, уымæн бæлвырд фæтк саразтой. Цалдæримæ дæр ма уыцы фарстайыл аныхæстæ кодтой.

Æмбырд райдыдта. Докладгæнæджы фæстæ ныхасы бар хъуамæ райстаид Хъоло, фæлæ Мыхци фæразæй. Сæрдариуæггæнæг бар уымæн радта. Хъуыддаджы ныхас райдыдта: фыццаг хорздзинæдты тыххæй, стæй хъуагдзинæдтыл, сæ аиуварс кæныныл разамынд разæнгардæй æмæ хъомысджынæй куыд кусы, уый.

Хъоло йæ алыварс адæмыл йæ цæст ахæссы; сæ цæсгæмттыл разыдзинад. Æмæ уайтагъд йæ ныфс цыдæр æрбаци. Хицауы ныхмæ исты зæгъа, æмæ адон йæ ныхмæ куы сыстой, уæд йæхи нæ бын кæны! Нæ, нæ!

Мыхци ныхас фæци æмæ сæрдариуæггæнæг иннæты нæ бафæрсгæйæ афтæ:

– Ныхасы бар Хъолойæн.

Хъолойæн йе уæнгтæ адон сты, йæ бынатæй змæлгæ дæр нæ фæкодта.

– Хъоло дæуæй зæгъын.

– Æз ныхасы бар нæ куырдтон.

– Æрдæбон дæ къух куы сдардтай.

– Уый æрдæбон, ныр мæ нал фæнды.

Сæрдариуæггæнæгмæ афтæ фæкаст, цыма Хъоло тæргай кæны фыццаг ныхасы бар ын кæй нæ радта, уый тыххæй æмæ йæм ноджы тынгдæр æрхатыд. Фæлæ...

Хъызын Хъоломæ цалдæр хатты комкоммæ бæргæ бакаст, цæстæнгасæй йæ афæрсон, цы кæныс, нæ ныхас дæ ферох ис, зæгъгæ, фæлæ уый йæ цæстæнгас стъолæй нал систа. Хъызынæн йæ маст рафыхт, æмæ фæгæпп ласта:

– Æз зæгъдзынæн, æз!

Æмæ райдыдта дзурын, мæстджын адæймаг куыд фæдзуры, афтæ. Ам-тъæпп, уым-тъæппæй. Куы иу хъуыддаджы, куы иннæйы тыххæй. Хицауимæ сæм уал азы иумæйаг куысты цы ныхæстæ рауад, уыдон сног кодта, марг ма сыл бапырх кодта, афтæмæй. Адæм кæрæдзимæ бакæс-бакæс кодтой, ай кæм уыд, зæгъгæ, нырмæ нын йе ‘цæг дуне куы никуы раргом кодта. Лолойы та цины уылæнтæ йæ уæлныхты хастой. «Хорз фæци хицауæн». Аивæй-иу бакаст, æмбырдмæ цы бæрнон кусæг æрбацыд, уымæ. «Уый хъуыддæгтæ фехъусын кæндзæн, кæдæм æмбæлы, уырдæм». Мæнæ ма мах дæр раныхас кæнæм. Æмæ йын йæ къæдзил скъуырдзысты.

Хъызын йæ тыппыртæ суагъта æмæ æрбадт. Сæрдариуæг-

гænæг загъта фиппаинаг: «Курын, уæ ныхас, дам-думтыл нæ, фæлæ хъуыддагыл».

Лоло йæм рафыхт. Раст ныхас дын дæ цæст къахы, зæгъгæ, сдзурынмæ хъавыд, фæлæ уæлдæр хицауадæй æрвыст бæрнон кусæг фæразæй:

– Сæрдариуæггæнæг раст зæгъы, куыст рацаразыныл хъуыддаджы ныхас хъæуы иумæйаг æмбырды.

Лоло фергъуыйау: æндæр сæм нæ бахъардта Хъызыны ныхас?! Йæ буарыл уазал риз суанг къæхты уæлфæдтæм азгъордта. Стæй атæвд æмæ цæсгом сырх-сырхид афæлдæхт. Йæ къух сдардта.

– Ныхасы бар Лолойæн.

– Ныхас нæ, чысыл æддæмæ ауайон. Мæ туджы æлхъывдад стыр у, æмæ мæ сæр зилы.

Кæстæртæй чидæр фестад æмæ йæ сыгъдæг уæлдæфмæ ракодта.

Уыцы цаутæм, æвæццæгæн, Хъæвдынæй биноныгдæр ничи каст. Уый хуызæн сæ тæрæзтыл ничи барста. Райдайæны Хъоломæ фырмæстæй йæ дæндæгты къæс-къæс цыди. Стæй йыл Хъызыны ныхæстæ базыртæ басагътой, протоколы сæ ныффыссут, зæгъгæ, дæр ма фæхъæр кодта. Фæлæ йын бæрнон кусæджы фæндон йæ хъуыдытæ бынтон азмæста. Иу уысм йæ сæры хъуыдыйы мур нал аззад. Дымгæ дзы зилахар кодта. Лолойы æддæмæ ацыд ын йæхи æрæмбарын кодта, æмæ къух сдардта.

Йæ ныхас дæрдтыл æмæ хъавгæ райдыдта Хъæвдын. Хъызын æмæ-иу Хъоломæ аив бакаст. Стæй хицауырдæм раздæхт æмæ йæм дзуры: «Кæсæби Сосоевич, зонын, нырма мæ куысты бирæ аиппытæ ис. Æмæ бацархайдзынæн се сраст кæныныл. Ды мын куыддæриддæр фæзæгъыс, афтæ кæнын. Ды мын цы хæс раттыс, уый алы хатт дæр сæххæст кæнын. Мæ куыст хуыздæрхъуаг у æмæ йæ дæ разамынды фæрцы рацараздзынæн».

Хъæвдын йæ ныхас фæци. Уæдмæ Лоло дæр, фенцондæр мын ис, зæгъгæ, фæстæмæ мидæмæ æрбацыд. Иу ныхасгæнæг ивта иннæйы. Мæстджынæй бадт Хъызын. Хъæвдын цыма никуы ницы æрцыд, уыйау разæнгардæй архайдта æмбырды. Æрмæст Лоло æмæ Хъоло уыдысты æмвæнд: æмбырды кæронмæ ныххъуырдæй бынмæ кæсгæйæ æнцад фæбадтысты.

# ИУ ИЗÆР ХЪÆУЫ

*Этюд*

Хуры зиллакк æрвгæрон хæхтыл, цæхæры стъæлфæнау, атылд. Фæстаг ивæзтытæ ма ныккодта йæ бирæхстон æрдын, æмæ йæ зæрин тæмæнкалгæ тын-фæттæ зыр-зыр кæнын райдыдтой уæлдæфы.

Ирыстоны сæрмæ арв тынуафæны хуызæн фестад. Кæмдæрты дзы сныхстысты рæгътæ, обæуттæ, бæлæстæ æмæ мæ чысыл хъæуы цъупсæр хæдзæрттæ. Сæ аууæттæ торпедæйау атахтысты зæххы уæлцъарыл, ивæзынц æбæрæг дард кæдæмдæр. Хуры æрныгуылдимæ æрбайсæфдзысты уадидæгæн.

Æз лæууын обауыл, цымыдисæй фæлгæсын изæры æгъуыстаджы нывтæм. Цæст зыдæй ахсы æрдзы алы ног фæзынд дæр. Не 'фсæдын сæ уындæй. Тæрсын, куы æрбайсæфой, куы нæ сæм бафсæдон кæсынæй. Тагъд сæ талынджы фæлм акæндзæн йæ хъæбысы...

Хур æрдæгмæ хохы цъассы нынныхст. Æрвгæрон æртæвзаг фестад. Арты цæхæр рагъыл хъæды сæрмæ схæццæ. Бæлæстæ, мыдадзын цырæгътау судзгæ лæууынц æнæсым...

Галæгон уæлдæф сасирæй фæрсудзы. Арв фæцъæхдæр, æрмæст ыл скæсæны урс хъулæттæ разынд. Цъиутæ бæлæстыл сарæзтой оркестр, цæгъдынц изæры рапсоди. Уæдмæ фосрæгъау къахвæндагыл иугай фæуæлбыл. Дыууæизæрастæу мæ хъæу, арвæй йæм стъалы æрхауæгау, сфæдис...

Хуры фæстаг тын – фæттæ ныцъцъæл сты æхсæвы уартыл. Æмæ боны æмдзугæнæг фæллад хæстонау йæхи æруагъта хæхты фæстæ, æрмæст хурныгуылæны арвыл зæрин тын-фæтты згъæлæн нæ сысы...

Хъæугæрон цавæрдæр цъиу зæрдæхалæн уаст кæны – кæуы боны сæфтыл... Æхсæвы æндæрг кæмтты рацу-бацу систа... Мæй бахудтис арвыл, æмæ хæхты сæрмæ мигъы бындзыг митхъæпæнау разынд. Хæстæг сыхæй ирон фæндыры æрдхæрæн цагъд райхъуыст. Дзуапп ын радтой иннæ сыхтæй фæндыры амонæнтæ. Бахъырныдта сын зарæг.

Хæхтæй цъитийы сатæг раскъæфта дымгæ, баулæфы йæ хъæуыл, суры йын йе 'нтæф боны æнуд. Кæмдæр нæ дæлбыл хæфсытæ самадтой цæлхъзард...

Ахсæв та ныссабыр уыдзæн Дуне, йæ уæлмонцты ныгъуылдзæн. Æдзæмдзинад йæ къух æрæвæрдзæн мæ хъæуыл, банорддзæн æй тары. Мæй, арвы æргъæуы ленк кæнгæ, хъæуыл луардзæн йæ тынтæ. Æхсæвы сатæг ыл узæлдзæн, хъусдзæн æм авдæны зарæгау Æрра доны хæл-хæл, куыройы зыррытт-зыррытт æмæ æнæнцой хуымгæнæг тракторы хъæр. Хуысдзæн тар фынæйæ фæллой боны фæстæ мæ хъæу.

Дæ фæллад уадз, мæ хъæу, дæ фæллад, цæмæй дæ сомбон уа бæркадджындæр, фæрнджындæр!

## ЗАРÆГ

*Новеллæ*

Лæууынц æрыгон цардбæллон лæппутæ, ас лæгтæ, урсзачъе зондджын зæрæдтæ. Лæууынц æнгом. Иу сты сæ хъуыдытæ, сæ бæллицтæ, иу – сæ зæрдæйы уаг, сæ тырнындзинад. Сæ зæрдæты цæф баиу, æмæ хъуысынц сæ нæргæ рæсугъд хъæлæстæ. Амонæг базары, йæ зарæг ын ацахсынц иннæтæ, сисынц æй æмæ йæ æрмынæг кæнын нал уадзынц.

Хъуысы зарæг, кадгæнæг ирон зарæг. Уый райгуырдис хæхты: æхсæрдзæнты сæх-сæх, тъыфыл цæргæсты базырты пæр-пæр, зæйты æмæ знæт цæугæдæтты гыбар-гыбурмæ, сæрибар æмæ рæстдзинадыл тохгæнæг ирон лæджы ныфсхаст зæрдæйы. Зæлы Иры хæхтыл лæгдзинады зарæг. Адæмы уарзондæр фыртыл æй снывæстæуыд. Уый, хæхтау, сæрыстыр æмæ фидар, тызмæг æмæ æхцон у. Намысыл æй скодтой адæм. Козбаудзинад æмæ æхсины лæгтимæ йын иумæйагæй ницы ис. Йе ‘нæуынон сты. Ссæнды сæ йæ быны, мæрдырохы амæддаг сæ кæны.

Цы диссаг дæ, ирон лæгдзинады зарæг. Цас тых æмæ намыс, кад æмæ рæстдзинад æмбæхст дæ ис! Æвидигæ суадонау, гуырыс æмæ гуырыс адæмы зæрдæты. Куы знæт вæййыс, бауромæн дын нал вæййы æмæ срæдувыс. Агайыс лæджы зæрдæ, æрызгъалыс ын йæ цæссыг. Афтæмæй йын фыдæлтæй туджы æртахæй зынаргъдæрæн баззад. Нæ йæ æрæппары адзалы раз дæр. Ахæм дæ ды! Тыхджын дæ, хъомысджын, дæ ныхмæ фæлæууæн нæй.

Куы та булæмæргъы зардау хъуытаз хъæлæстæй спæр-пæр кæныс дунемæ. Фæузæлыс не ‘нкъарæнтыл. Æдзухдæр ныл тауыс

сæрыстырдзинад, царды рæстдзинад æмæ намыс, кæныс нæ ныфсджындæр, цардбæллондæр æмæ лæгуарзондæр.

Зарынц къордæй. Сæ фарсмæ æрбалæууыдысты иннæтæ дæр, зарæг хъæрдæрæй систа æгас Ирыстон. Ацахстой йæ æгомыг хæхтæ, урсбарц æхсæрдзæнтæ, фыййауы уадындз ныззарыд семæ.

Зæлы зарæг, лæгдзинады зарæг, кадгæнæг ирон зарæг, æмæ йын æрмынæггæнæн нал ис. Уымæн æмæ йæ адæмы зæрдæйæ срæдывта лæджы намыс. Намысæн та мæлæт нæй.

*ХЪÆЦМÆЗТЫ Азæ*

# ДЫУУÆ ÆМДЗÆВГÆЙЫ

## ФÆСТÆМÆ КУЫ ‘РЦÆУИН МÆ РАЙГУЫРÆН ХЪÆУМÆ

**Фæстæмæ куы ‘рцæуин мæ райгуырæн хъæумæ,**
**Нæ кулдуар ныххоин, ысдзурин дæ ном.**
**Кæстæрау, ды рахизис гъеуæд мæ хъæрмæ,**
**Мæ дард балцыл гъеуæд нæ кæнин фæсмон.**

**Кæд а дуарыл ричъи нæ бакодта ничи, –**
**Нæ бирæ мыггагæй уыдзæн ам цæрæг.**
**Мæ уынæрмæ райгондæй ракæсдзæн исчи...**
**Сæгарыд зæронд лæг, æнхъæлмæ кæсæг.**

**Мæ ныфсæн ныфс дæттæг у ме ‘рвад йæхæдæг,**
**Йæ фæрныг хæдзары йæ уазæг хынцæг.**
**Фæсурдзæн мæ удæн йæ талынг æрхæндæг,**
**Æйтт-мардзæ, мæ зарæг, уыдзæн дын хъырнæг!**

**Фыдæнхъæл куы нæ фæуон, уынджы куы ‘рзилон,**
**«Æгас цу!» – Ныртгивдзæн фыдæлты уæзæг.**
**Фæстæмæ йæ балцæй нæ хосдзау, нæ зиууон**
**Æрцыди йæ хъæумæ фыды фарн хæссæг!**

## ФÆСУС ХЪÆЛÆС

**Фæсус хъæлæсы азæлд мæ хуыдта**
**Мæ рагфыдæлты рох къуымтæм уынæг.**
**Бæрзонд мæсгуыты рухс зæдтæм куывта,**
**Цæмæй рæхджы ам ма бауа мынæг.**

**Ызнон дæр ма йæ хъуытаз зæл нæргæ**
**Нæ зиууæттæн сæ ерыс куысты хъуыст.**
**Ам цард фыхти цæджджинагау бæргæ,**
**Ныр ацы фарнæй рох къуымтæ сты хызт.**

**Йæ хъус ныхы хæлынбыттыр дзæгъæл,**
**Хъуына тынты ‘хсæн ссардта ам бынат.**
**Нæ сæ уромы борчъыли-дæгъæл[1],**
**Фæци йæ къуту сау халæттæн давд.**

**Æнхъæлмæ кæс, нæ рох къуымы къæсæр,**
**Фæсус хъæлæс хæсдзæни уац æхцон.**
**Фыды бынтæ куы ‘рцагура кæстæр,**
**Уæд та дыл райгæ хиздзæни бæлццон.**

[1] Борчъыли – хъæдын æхгæнæн, уырыссагау – *щ*еколда.

*БЫЗЫККАТЫ Земфирæ*

# ÆМДЗÆВГÆТÆ САБИТÆН

## ИУГАЙ НЫМАД

**Саби, де ‘нгуылдзтæм гæсгæ**
**Мемæ анымай дæсмæ:**
**Иу...**
**Ракæнæм-ма иумæ зиу.**
**Дыууæ...**
**Сиды, сиды цард дæумæ.**

**Æртæ...**
**Ма кæн кæстæртыл хъæртæ.**
**Цыппар...**
**Хорз хæлар дæхицæн ссар.**
**Фондз...**
**Ахуыр кæнын уæд дæ монц.**
**Æхсæз...**
**Хистæртæн кæстæрæн бæзз.**

**Авд...**
**Цард дæ цæстæнгасæй тав.**
**Аст...**
**Бад дæ партæйыл æмраст.**
**Фараст...**
**Цæй, зæгъын дын ныр:**
**«Фæн-да-раст!»,**
**Дæс...**
**Фидæнæн дзæбæхæй рæз!**

## МÆ ХО ИНДИРÆ

Мæн мæ гыццыл хо Индирæ
Уарзы, уарзы, уарзы бирæ.
Тагъд æрбазгъоры мæ дзырдмæ,
Скæны мæ æваст мæ хъуырмæ:

«Хъеллау» ма мын сараз, Дзиф!
Мемæ дæр ма ахъаз, Дзиф!
Ма мæм кæс фæрсылæй, Дзиф!
Ацæгъд мын фæндырæй, Дзиф!

Афтæ мæм æдзухдæр хаты,
Бон мæм мин фарстайы ратты.
Уый тыххæй мæ хо Индирæ
Бирæ зоны алцы, бирæ!...

## ХОХАГ ДОН

Цъититæй – хæл-хæлæй,
Къæдзæхтæй – цыхцырæй,
Лæнчыты – кæл-кæлæй,
Уырдгуыты – æхсырæй.

Уайы æмæ уайы
Уый æхсæвæй-бонæй.
Циу, цы у фæллайын –
Хохаг дон нæ зоны.

Алчидæр æмбары:
Дон фырцинæй зары!

## УАДДЫМГÆ

Арвыкомæй дымгæ,
Футтытæ кæнгæ,
Ратахт, фатау, дугъы,
Хъæууынгтæ мæрзгæ.

Знæт, мæстыгæр, схъиугæ,
Басгæрста æппæт.
Кæм тъæбæртт, кæм сиргæ:
Кафæн фæз – нæ кæрт.

Бæлæстæн сæ сæртæ
Бауыгъта фыдбон,
Сыфтæртæн сæ удæй
Схъазыди бынтон.

Къуылдымтæ ныммарзта,
Ног чындзау рæсугъд.
Хосы мæкъуыл рагъæй
Ратулы: «Хæ-цут!»

## ТÆРККЪÆВДА

Къæвда ‘ртахти –
Сæпп-сæпп-сæпп...
Рог æртæхтæ –
Тæпп-тæпп-тæпп...

Тæдзынджытæ –
Сæх-сæх-сæх...
Райхъуысти мæм
Зард дзæбæх.

Фемæхст уынгты
Доны зæй,
Зары дун-дуне
Хъæрæй.

*ÆЛХЪАЦАТЫ Аслæнбег*

# ХЪÆДГÆРОЙНАГ ХАБÆРТТÆ

## ХАДЗЫМУРАТ

Нæ хъæуккаг лæппутæй иу расыггæнаг уыд, адæм дзы тынг фæлмæцыдысты. Иуахæмы нæ сыхы хистæр Боркæ йе 'мбæлттимæ лæууыд, æмæ сæм уыцы лæппуйы кой рауади.

– Хадзымуратæн (афтæ хуынди расыггæнаджы ном) иу хос ис. Цъыфдзастмæ йæ батæр æмæ йыл уырдæм топп ныццæв.

Лæгтæй иу афарста:

– Æмæ ма йæ цъыфдзастмæ та цæмæн тæрсæм?

– Цæмæй йын дзыхъхъ къахын мауал бахъæуа!

## ГАППОЛА

Гапполайæн бирæ цот уыди. Хæсты фæстæ адæм мæгуыр цардысты æмæ сын бинонты хъуыддæгтæ кæнын зын уыдис, ай-гъай. Гъемæ Гапполайæн йæ хистæр фырт чызг аскъæфта. Чызджы мыггаг мæсты кодтой. Иу изæр Гапполамæ хылмæ æрбацæйцыдысты. Гаппола хъуыддаг фембæрста. Хырх æмæ фæрæт райста æмæ йæхи сæ рæзты цæуæг акодта.

– Кæдæм тагъд кæныс? – фæрсынц æй «уазджытæ».

– Æнæхайыр макуы фæуа, нæ лæппу чызг аскъæфта, чызджы хæдзары рудзгуытæ ныссаста, æмæ сын сæ, зæгъын, барæвдзытæ кæнон.

## СИАХС

Нæ хъæуккаг чызджы цыдæр æнæджелбетт лæппу ракуырдта. Афæдзы фæстæ йæ каистæм æрбацыд. Æнæдзургæйæ къуымы сбадти.

– Сиахс, истытæ радзур, – хатынц æм фысымтæ.

– Афтæтæ ‘мæ уфтæтæ... Уе ‘взæр чызгæн лæппу райгуырд.

– Уæдæ цы ныхъхъус дæ?

Æртæ чъиририйы акодтой, скуывтой Хуыцаумæ. Цасдæры фæстæ та сæм сиахс фæзынди. Фæрсынц æй: куыдтæ стут, цытæ стут?

– Уе ‘взæр чызгæн чызг райгуырд, æмæ йæ акæнут. Мæн ахæм ус нæ хъæуы!

# ИРОН СЫЛГОЙМАГ





*Джиоты Вероникæ.* *Малиты Зæринæ.*

Оперон зарæггæнджытæ





*Зæнджиаты Зариффæ.* *Томайты Иринæ.*



*Санаты Аидæ, рапиристкæ, олимпиаг чемпион Д. Медведевимæ.*



*Гызыкты Зæринæ,*
*дунейы æртæ хатты чемпион.*



*Еналдыты Регинæ, армспортæй дунейы къорд хатты чемпион йæ фыдимæ.*




*Цæрукъаты Светланæ, дунейы чемпион уæззау атлетикæйы.*

# ИРОН
# ПРОЗÆЙЫ
# АНТОЛОГИ

# ЦАРЦИАТЫ ТАУРÆГЪТÆ

## ЦАРЦИАТЫ РАВЗÆРД

Уæд иуахæмы арвы дуар фегом вæййы, уарын райдайы, æмæ къæвда къæртайæ кæлæгау ныккæлы, арвы тыгъдадыл цыхцырæгтæ равзæрди. Уый Хуыцау йе 'мвынгонтимæ бадти æмæ кæй ныуæзтой, иннæйы калдтой.

Хуыцауы фынгыл бадтысты зæдтæ æмæ дауджытæ æмæ уыдоны æмбæлттæ. Уым уыдысты Хур æмæ Мæй дæр, фæлæ расыгæй Хуыцауы хонгæ уæвджытæ æрра митæ куы кодтой, уæд уыдон фæтæргай сты æмæ сæхи райстой. Уæды заманы æхсæв æмæ бон нæ уыдысты. Иугæндзон рухс уыди дуне. Хур æмæ Мæй радыгай тавтой зæдты, дауджыты, уыдоны æмбæлтты.

Хуыцау та рæгъытæ кæны, фæлæ акасти æмæ йæ хуынды нал уыдысты Хур æмæ Мæй. Хуыцау фæрсы:

– Уæдæ Хур æмæ Мæй цы фесты, кæдæм фæцыдысты?

Зæдтæй йæм чидæр бадзырдта:

– Табу дæхицæн, Хуыцау, фæлæ фæцыдысты.

Хуыцау сæм фидиуæг фервыста. Фидиуæг Хурмæ ахæццæ ис æмæ йын зæгъы:

– Хуыцау дæм сиды.

Хур зæгъы:

– Хуыцау йæхицæн Хуыцау у, райы æмæ кайы, фæлæ уый фынгыл бадинаг æз нæ дæн. Хæринагæй хынджылæг кæнут, нуæзт дзæгъæлы калут. Хъамылы хуытæй фыддæр фестут. Нæ ацæудзынæн, хæтæнты цæуын.

Фидиуæг Мæймæ æрхæццæ ис æмæ йæм дзуры:

– Хуыцау дæ хоны, фæзын æм.

Мæй дзуры:

– Хуыцау йæхицæн Хуыцау у, æз Хуримæ иугæндзон уый æмæ йе 'мдзæхдонты хъарм радыгай дарæм. Арвы кæрæттыл зилæм æнæрынцойæ, улæфт нын нæ дætты сымах хуызæн. Æвзæр хуыты хæрд æмæ нозт кæнут, уæ бын чъизи, уæ ном

ницы, хорздзинадæй ницы саразтат. Ды, Хуыцауы минæвар, дæхи айс æмæ нæм дæхи мауал равдис.

Фидиуæг-минæвар аздæхти, радзырдта Хуыцау æмæ уый æмвынгонтæн Хур æмæ Мæйы ныхæстæ. Хъыг сæм æркасти æмæ скодтой карз тæрхон:

– Абонæй фæстæмæ Хур æмæ Мæй кæрæдзимæ тырнæнт, фæлæ кæрæдзи мауал æййафæнт. Рухс æмбисыл уæд, æмбис та талынг. Хур боны цæуæд, Мæй – æхсæвы тары.

Тæрхон æрцыди Хур æмæ Мæйыл. Уæд Хур ысмæсты, йæ карз тынтæ калдта боныгон æмæ фæлмæцыдысты. Мæй дæр смæсты æмæ сæм уазал тынтæ калдта. Уæларвы цæрджытæ куы тæвды фæлмæцыдысты, куы та – уазалы. Æрæмбырд сты ногæй æмæ та тæрхон кæнынц.

Хуыцау зæгъы:

– Мах цыдæриддæр ми бакодтам – нæхицæн, фæлтау сын сæ курдиатмæ байхъусæм.

Рарвыстой та фидиуæг Хур æмæ Мæймæ. Фидиуæг зæгъы:

– Цы уæ хъæуы Хуыцауæй, Хур æмæ Мæй, уый мын зæгъут.

Хур æмæ Мæй загътой:

– Улæфæн бынат агурæм.

Фидиуæг загъта Хур æмæ Мæйы ныхас Хуыцауæн. Хуыцау фæрсы йе 'мбæлтты:

– Ныр цы бакæнæм, а дунейыл Хур æмæ Мæй цæрддзæуæн[1] кæнынц æмæ улæфæн бынат курынц.

Зæдтæ загътой:

– Улæфæн бынат сæ дыууæйæн раттæн нæй, уæд æмхуызæн æндавдзысты иу ранæй æмæ дуне арты хай бауыдзæн, фæлтау сæ иу боны тавæд, иннæ та изæры уазуддзæф[2] кæнæд.

Сразы Хуыцау зæдты фæндоныл.

Хуыцау ихдон Мæйыл бакалы æмæ Мæйы рухс фæталынг ис. Мæй уæдæй фæстæмæ Хурау нал тавы. Хуыцауы фæндонæй Хур æдзæф бандоныл бадт æрцыди, æмæ йын сыстæн нал ис, бадгæйæ тавы. Мæй йын фæндаг агуры, æхсæвæй-бонæй зилы, фæлæ Хуыцауы раз йæ бон ницы у. Уæд Хур смæсты ис. Æдзæф бандоны ныццæвы æмæ Хурæй къæртт фæхауы, уыцы къæртт фæхауы, уыцы къæртты Мæй уд бауадзы æмæ мигътæ равзæрынц. Ныры мигътæ Мæйы цæссыгтæ сты. Мигътæ сæхи лæбурæг

[1] Ома сæ цæрæнбонты æнæрлæугæйæ цæуынц.

[2] Ома уазал тавс дæттæд.

скæнынц, æмæ сыл Хуыцау стыр къуыбар рахсы. Къуыбар мигъæртæхæй анæрсы, æмæ дзы Зæхх равзæрди. Зæхх бынат æрцахста, фæлæ тæвд кодта æмæ абухта, кæм сызмæнты, уырдæм дымгæ рыг æмæ сыджыт скъæфы, кæм рæгътæ, кæм хæхтæ, кæм фæзтæ, кæм дæлвæзтæ аззади Зæхх. Афтæ сæвзæрдысты дзыхъхъытæ æмæ къуыбыртæ. Зæхх фестади дзæнæты бынат, фæлæ йыл нæ змæлæг уыди, нæ тæхæг. Уырдæм Хур ныккасти, Зæхх йæ зæрдæмæ цыди, фæлæ æнкъард кодта.

Хуыцау та базыдта Хуры æнкъард æмæ йæм рарвыста:

– Цы кæныс, Хур, уый дын бадæн дæхицæй æмæ мæ армæй. Цæуыл ма маст кæныс?

Хур зæгъы:

– Алæмæт бæстæм мæ тынты фервитын, алæмæт бæстæтыл фæлгæсын, фæлæ та мæ тынтæ æнкъардæй райсын. Уыцы алæмæт бæстæйы æз змæлæг нæ уынын, уæд цæуыл цин кæнон?

Хуыцау та йе ‘мвынгонтæн ракодта Хуры ныхæстæ æмæ загъта:

– Хур агуры змæлджыты, йæ тынтыл цæмæй хъазой.

Зæдтæ зæгъынц:

– Бар дæхи, Хуыцау, сараз æппæт дæр, дæу куыд фæнды. Æрмæст афтæ: кæрæдзи ма æмбарæнт змæлджытæ, кæннод кæрæдзи куы ‘мбарой, уæд ма дæуæй цæй Хуыцау уыдзæни, сомбон дæм сæхæдæг бырдзысты.

Хуыцау Зæххыл разылди, йе ‘рттыдзаг сыджыт систа, лыстæг æй æрмур кодта, баулæфыди сыл, стæй йæ акалдта æмæ загъта:

– Змæлæг фестут.

Уыцы сыджыты згъæлæнтæ фестадысты лыстæг бырджытæ: кæлмытæ, хъæндилтæ, уаллæттæ, бындзытæ, хилджытæ æмæ бæстæ сæфтой, зæхх къахтой, кæрæдзи ахстой.

Хур та ныттархуыз ис, æмæ та Хуыцаумæ фехъусын чындæуыди. Хуыцау та йæ фидиуæгæн бафæдзæхста, зæгъгæ, цы ма агуры Хур.

Фидиуæгæн Хур зæгъы:

– Зæгъ Хуыцауæн, æз уымæй уый нæ агуырдтон.

Фидиуæг та Хуыцауæн Хуры хъаст ракодта. Хуыцау зæгъы йе ‘мвынгонтæн:

– Хур разы нæу ме сфæлдисгæтыл.

Зæдтæ загътой:

– Фестырдæр кæн де сфæлдисгæты æмæ сæ æндæр хуызæн дæр фæкæн.

Хуыцау та разылди зæххыл. Стыр сыджыты къуыбæрттæ акодта æмæ сæ донæй бапырх кодта, стæй загъта:

– Змæлæг фестут.

Уыдонæй та равзæрдысты къаддæр сырдтæ: бирæгътæ, æрсытæ, тæрхъустæ, рувæстæ, сагтæ, дзæбидыртæ æмæ æндæртæ.

Хур сæм каст æмæ уыдта: сырдтæ кæрæдзи фыд хæрынц, æрдзы рæсугъд сафынц. Тынгдæр смæсты, йæ тынтæ уæларв цæрджытыл ауагъта æмæ сæ фæлмæцын кодта тæвды.

Хуыцау та æртыккаг хатт рарвыста фидиуæг Хурмæ.

Фидиуæг Хурмæ æрхæццæ ис æмæ йæ фæрсы:

– Цæуыл ма мæсты дæ, Хур, Хуыцауы йæ базонын фæнды.

Хур зæгъы:

– Зæгъ Хуыцауæн: уый алæмæттаг бæстæйæ хынджылæг кæны. Мæн ахæм змæлджытæ нæ хъæуынц. Мæн хъæуы, Зæххы рæсугъддзинад æвæрын чи зоны, йæ хъахъхъæнын кæй бон у, æмæ кæд тыхæй нæ, уæддæр зонды фæрцы Зæххыл ныртæккæ цы змæлджытæ ис, уыдоныл тых кæна. Хуыцау кæй сæвзæрын кодта, уыдон кæрæдзи фыдхортæ сты. Мæн хъæуы ахæм змæлджытæ, кæрæдзи фыд куыннæ хæрой.

Фидиуæг рафæзмыдта Хуры ныхæстæ Хуыцауæн. Хуыцау æмæ йе 'мбæлттæ та тæрхон кæнынц. Уæд зæдтæй иу зæгъы:

– Рафæлдис-иу ахæм змæлæджы, иннæтæй хицæн чи кæна, Зæххæн йæхицæй куыд уа, махмæ йын фæндаг куыннæ уа, цардыл уæд, фæлæ æмбал ма зонæд.

Хуыцау зæххыл йæ фæндаг ракодта, сыджытызмæст скодта, къæдзæхы фæрчытæ йыл æрæвæры æмæ сæ сыджытызмæсты бафидар кæны, хохаг суадон ауадзы змæстыл, æмæ равзæрди лæг. Сыджыт фыд фестади, къæдзæхы фæрчытæ – сæр фестынц, хохаг суадон – туг фесты.

Лæг базмæлыди, фæлæ уыди гоби, нæ дзыхæй дзырдта, нæ йæ дзых кодта. Уæд дымгæйы бардуаг Галæгон лæджы хъусты ныхситт ласта æмæ хъустæ фæндырдзагъдау базмæлыдысты. Лæг фестади æцæг адæймаг. Акасти фæйнæрдæм. Хур æй рæвдыдта, Мæй йæм ныккасти, цард æм бахудти. Лæг цыди зæххыл, куы иу ран, куы æндæр ран æрбынат кæны. Йæ цард кодта цуанæй, Хуыцау раздæр кæй сфæлдыста, уыцы фосæй, кæм дыргъ æмæ халсар бахордта. Уыцы лæг кодта рацу-бацу, ома кодта цæрддзу цард. Ардыгæй равзæрди Царциаты мыггаг. Лæг – цæрддзой, цардагурæг, цардгæнæг. Царциаты мыггаг фæстагмæ фесæфт, фæлæ сæ ном кадимæ баззади.

Афтæ равзæрди Царциаты мыггаг.

# АХУЫЙЫ ХЪÆЗТЫТÆ

Ахуы сидзæр уыдис æмæ Царциатæй уыдис. Тынг фыдуаг рацыдис æмæ йын макæ зæгъæг нæ уыди. Рæзгæ тагъд кодта. Иухатт сфæнд кодта, зæгъгæ, мæм цас тых ис, уый базонон. Йæ хо Нагъуыллæйæн зæгъы:

– Æз мæ тыхтæ хъуамæ базонон.

Йæ хо дзуры:

– Ма ацу, ам иунæгæй цы аразын?

– Цæмæй тæрсыс, кæд дæм исты тас цæуа, уæд-иу рындзыл хæргæ сындзытæй арт скæн. Æз сæ сæ тæфæй базондзынæн æмæ дæм зындзынæн.

Ахуы ахызти, иу суангыл ыссæуы, рагъыл бахизы, иннæ суангмæ бафты, стæй та кæм коммæ, кæм фæзмæ афты. Бирæ фæцыдис æмæ суадоны раз æрбадти. Кæсы æмæ æртæ гуымир уæйыджы æрбацæуы. Сæ цæнгтæ аххæрджыты стæвдæн, сæ дзых куы схæлиу кæнынц, уæд цыма къуутутæ сты, раст афтæ фæзынынц. Æртæ гуымир уæйыджы зæгъынц:

– Цæй, ахъазæм.

Сразы сты.

Сæ иу дур хæрдмæ фехста, йæ сæр æм бадардта, æмæ дур фæстæмæ ратахт, гуымир уæйыджы сæрыл сæмбæлд æмæ фæйнæрдæм хуыртæй акалди.

Дыккаг гуымир уæйыг йæ къух-саггомæй бæласы цæнгтыл фидар ныххæцыд æмæ йæ æд уидæгтæ стыдта, зæххыл æй фæкодта æмæ схъисгай ныппырх и.

Æртыккаг гуымир уæйыг доны йæ цонг нытътъыста, йæ комытæф æм бауагъта, цонгыл авд ивазны бæрц их схæцыди, уыцы их стыдта, цонг дуртыл ныццавта æмæ ихтæ къæртгай фæйнæрдæм фæтахтысты.

Ахуымæ диссаг фæкастысты æртæ гуымир уæйыджы хъæзтытæ æмæ йæ бафæндыди уыдонимæ ахъазын.

Æргом сæм рацыд æмæ зæгъы:

– Фарн уæ хъазты уа!

– Фæрнæйдзаг у, лæппу!

– Диссаджы хъæзтытæ кодтат, æмæ мæ зæрдæмæ тынг фæцыдысты.

Уыдон ныххудтысты æмæ зæгъынц:

– Ды нырма быммиз цыдæр дæ, уагæры хъæбысæй куы фæхæцæм, уый куы фенис.

– Хъæбысæй æз дæр рахæцин, фæлæ кæимæ, иу ахæм мын ам ничи ис.

– Дæуæй цæй хъæбысæйхæцæг ис, мæнæ нæ хъæзтытæ дæу дисы куы бафтыдтой, уæд?

Ахуы та загъта:

– Уæ хъæзтытæ мæн бафтыдтой дисы, фæлæ мæ хъæзтытæ та сымах бафтаудзысты дисы.

– Уæдæ ма нæ хъæзтытæй ахъаз.

Ахуы уæйыджы дурæй æртæ хатты стырдæр фелвæста æмæ йæ хæрдмæ фехста. Дур афтæ уæлиау стахти æмæ ма йæ цæст гæзæмæ уыдта. Уæдмæ йæ иу цонг доны атъыста æмæ йыл ныффу кодта. Цонгыл дыууадæс ивазны бæрц их сбадти. Йæ иннæ къухы кæстæр æнгуылдзæй æппæты ставддæр бæласы цонгыл ныххæцыдис. Уалынмæ дур æхситгæнгæ æртæхы. Ахуы их æмæ бæласы иумæ стыдта. Тæхгæ дур куы æрæвввахс, уæд æртæйы кæрæдзиуыл ныххуырста æмæ лыстæг къæрттытæй фæйнæрдæм фæхаудтой.

Уæйгуытæ хæлиудзыхæй аззадысты æмæ загътой:

– Амæ не 'ртæйы тых дæр ис.

Кæрæдзимæ бакастысты, стæй Ахуыйæн зæгъынц:

– Фысым дын ыстæм, æввахс цæрæм æмæ ныл барвæсс.

Акодтой Ахуыйы семæ. Æрцыдысты уæйгуыты хæдзармæ. Дуар бакодтой, æмæ гуымир уæйгуыты мад бадти. Ахуыйы фенгæйæ сцæйстади. Ахуы йæм базгъордта æмæ зæгъы:

– Бад, мæ мады хай, исты дæ хъан куы нæ дæн.

Мад зæгъы:

– Хъан дæр мæм афтæ уæзданæй не 'рбадзырдтаид, ды мæм куыд æрбадзырдтай.

Æртæ гуымир уæйыгæн æхсызгон уыдысты сæ мады ныхæстæ. Хынцын байдыдтой Ахуыйы, æхсæв-бонмæ йæ зæххыл бадын дæр нæ уагътой. Райсомы æртæ гуымир уæйыджы зæгъынц:

– Тæхуды, ацы лæг нын хæстæг куы уаид, кæнæ нын æфсымæр куы уаид.

Аходæн бахордтой, стæй та зæгъынц:

– Уазæг, кæд дæ афæлгæсын фæнды, мыййаг?

– Хорз уаид.

Ацæуынц æртæ гуымир уæйыджы Ахуыимæ. Иу хъæдмæ бацæуынц æмæ федтой: дон цæуы тугхæццæйæ.

Ахуы фæдис кодта, стæй гуымир уæйгуыты афæрсы:

– Ай цы диссаг у, искуы ма дон тугхæццæйæ фæцæуы?

Гуымир уæйгуытæ загътой:

– Уый диссаг нæу. Махæн ис хо, бæсты рæсугъд æмæ бæсты уæздан у. Еугуыппартæ йæм курæг цыдысты, æмæ йæ нæ фыд нæ лæвæрдта. Еугуыппартæ уæд нæ фыды æрцахстой æмæ йын алы ацафон йе 'нгуылдзты бын фæлыг кæнынц, йæ туг ын рауадзынц æмæ уый туг донимæ хæццæ кæны, гъе уый у.

– Кæд афтæ у, уæд æм цæмæ кæсут?

– Мах æртæ стæм, уыдон бирæ сты, нæ бон нæу нæ фыды байсын.

Цæуынц дарддæр. Иу ран та дон цæуы ноджы, æмæ ахæм ирд у – лæг дзы йæхи фены.

Ахуы дзы ахуыпп кодта æмæ зæгъы:

– Цæй тынг цæхджын у ай?

Гуымир уæйгуытæ зæгъынц:

– Уый дон не схуыпп кодтай, фæлæ нæ фыды тыххæй нæ хо кæуы æмæ уый цæссыгтæ донау уайынц. Цæссыг та вæййы цæхджын.

Цæуынц дарддæр, ноджы та федтой суадон, сауызмæстæй цæуы. Ахуы та фæрсы æртæ гуымир уæйыджы:

– Ай та цавæр ызмæстæй цæуы?

– Уый та нæ фыды æнгуылдзтæ тынг куы сриссынц, уæд йæ къæхтæй сыджыт ныццæвы, æмæ дон сыджытызмæст рацæуы.

Ахуы та зæгъы:

– Дарддæр нал ацæудзынæн, фæлæ мемæ цомут.

– Кæдæм нæ кæныс?

– Уæ хойы уын фенон.

– Нæ хо ахст у, нæ фыды цур æй барæй дарынц, цæмæй нæ фыды тухитæ уына. Æввахс чи бацæуудзæни уымæ?

– Мемæ цомут, кæд мын æххуыс нæ фæкæнат, уæддæр мын ныфс уыдзыстут.

Æртæ гуымир уæйыджы араст вæййынц Ахуыимæ. Бахæццæ сты иу фæзбыдырмæ. Акæсынц æмæ фенынц Еугуыппарты. Æртæ гуымир уæйыджы фыдæй хынджылæг кæнынц.

Ахуы йæ фыды цилхъ сæлвæста. Цилхъ ныхситт кодта, йæ буар хуры тынтæм стъæлтæ[3] скалдта, йæ буары æрттывдмæ цæстытæ куырм кодтой.

---

[3] Ома стъæлфæнтæ.

Еугуыппартæ фæсæццæ сты.

– Цæмæн у баст ацы лæг? – афарста æртæ гуымир уæйыджы фыдæй.

– Æнхъæлæг[4] дзы уыдыстæм æмæ нын нæ разы кæны.

– Чызг та цæмæн ахæсты ис?

– Ком нын нæ дæтты.

– Мæ хатырæй сæ уæд та суадзут.

Еугуыппартæ ныххудтысты æмæ зæгъынц:

– Чи дæ? Куы нæ дæ зонæм?

Ахуы рамæсты ис, цилхъæй æртæ гуымир уæйыджы фыды бæттæнтæ æрхафта, æмæ фæлыгтæ сты. Сæ хойы сын суагъта. Гуымир уæйгуыты хо ахæм уыди, æмæ йæ дæллагхъуырты æхсæн лæг йæхи уыдта, йæ цæстытæй зынджы стъæлфæнтæ хауди, йæ цæстыты æрбакаст æхсызгондзинад лæвæрдта зæрдæйæн, йæ мидбылты бахудтмæ цæстытæ сæхи æрныкъулын нал уагътой.

Еугуыппартæ бæрц-бæрц уыдысты æмæ сæхи ныццавтой Ахуыйыл. Ахуы æртæ гуымир уæйыг æмæ уыдон фыдмæ дзуры:

– Цæугæ кæнут сымах, акæнут уæ чызджы дæр, æз дæр уæм зындзынæн, адон мæ бар уадзут.

Æртæ гуымир уæйыджы зæгъынц:

– Мах дæу иунæгæй нæ ныууадздзыстæм.

– Цæугæ кæнут уын загътон, æндæра уæ искæй ивддзаг цæф фæкæндзынæн.

Æртæ гуымир уæйыджы сæ хо æмæ сæ фыдимæ ацыдысты.

Ахуы райдыдта цæгъдынтæ гуымирты, йæхи комырдæм сайгæ цыди, иу уынгæг ран цæхгæр лæуд фæкодта Ахуы æмæ сæ цилхъæй райдыдта цæгъдынтæ. Кæритæй срæдзæгъдтæ сты Еугуыппарты мæрдтæ. Сæ туг цæугæдонау калди æмæ ласта мæрдты.

Суанг талынгтæм фæхæцыди Ахуы. Уæд изæрæй сæ хæцын ныууагътой, дыууæрдыгæй дæр æрлæууыдысты. Еугуыппарты хистæр зæгъы:

– Афтæ-ма бакæнæм. Ай Царциаты хуызон у æмæ ма ацы цилхъы æз федтон, уæд æй Царциатæй иу хаста æмæ нæ мыггагыскъуыд фæкодта, æмæ уый амарди, фæлæ ма сæ ай кæцы уыдзæни? Мах амæн ницы бакæндзыстæм тыхæй, фæлæ хинæй хъæуы архайын. Скъахут уæрм æмæ йæ мæнгæмбæрзт бакæнут, хæцгæ йæ асайут, уый уæрмы ныххаудзæн, æмæ йæ уæд амардзыстут.

[4] Ома чызгæнхъæл.

Байхъуыстой Еугуыппартæ сæ хистæры ныхæстæм. Талынджы скъахтой уæрм, бонæй та йемæ схæцыдысты æмæ йæ сæ фæдыл асайдтой. Ахуы хæцгæ-хæцын уæрмы ныххауд. Еугуыппартæ сцин кодтой æмæ загътой:

– Ныр нал фæцæудзынæ!

Ахуы ахъуыды кодта æмæ зæгъы йæхицæн: «Адоны хинæй куы нæ асайон, уæд сын иунæгæй ницы бакæндзынæн».

Ахуы уæрмæй дзуры:

– Йехх, сымахæй цы адæм ис! Сымах истæмæн куы уаиккат, уæд мемæ хъазынæй сфæлвариккат.

Еугуыппартæ фæрсынц:

– Уагæры цы хъазт зоныс?

Ахуы та сæм дзуры:

– Стырдæр дуртæ мын цæвут мæ сæрыл æмæ сæ æз тыппæл æхст[5] кæндзынæн.

Еугуыппартæ зæгъынц:

– Стыр дуртæн сæ быны ныммæлдзынæ, дзæгъæлæг.

Æртылдтой ставд дуртæ. Еугуыппартæ фехсынц дуртæ Ахуыйыл. Ахуы карды комæй дурты атæхын кæны æмæ сæ хæрдмæ ныззыввытт ласы. Дуртæ мигъты онг фæтæхынц æмæ нал фæзынынц. Диссаг каст Ахуыйы хъазт Еугуыппартæм. Комы дур нал баззад, Ахуыйыл сæ ныккалдтой. Ахуы сæ æрдæг кодта, стæй мигъты онг зыввытт ласта. Чысыл фæстæдæр дуртæ ихуарæгау ныггæргæр ластой æмæ Еугуыппарты сæртыл пырх кодтой. Еугуыппартæй ахæм нал уыди, къокъоси кæуыл нæ рацыди. Еугуыппартæ дурты цæфтæй лидзæг фесты. Ахуы фæцырд ис, уæрммæ цы дуртæ згъæлыдысты, уыдоныл сбырыди хæрдмæ. Расæррæтт ласта, йæ разæй та Еугуыппарты скъуымбил кодта æмæ та талынгмæ фæхæцыдысты.

Æртыккаг бон ногæй фæфылдæр вæййынц. Зæронд Еугуыппар азгъордта Царциаты бынатдзæгмæ[6], ауыны уым Нагъуыллæйы æмæ йæм дзуры:

– Ды та ма кæдæм ирвæздзынæ?

Нагъуыллæ фæгæпп ласта, хæрыны сындзытыл арт афтауы æмæ сæ тæф Ахуыйыл аныдзæвди.

Нагъуыллæ райдыдта фæттæ уадзын зæронд Еугуыппарыл. Иу фат зæронд Еугуыппары цæстыл сæмбæлди, æмæ зæронд

[5] Ома портийы æхст.
[6] Ома цæрæнбынат.

Еугуыппар сохъхъырæй баззади. Зæронд Еугуыппар Нагъуыллæйы йæ дæларм акодта æмæ йæ аскъæфта. Ахуы хæцгæ-хæцын рахаста Еугуыппарты æмæ сæ айнæгмæ басайдта. Дзала бæттæн абыдта, бырцы тигъыл æй абаста æмæ айнæгыл ауагъта йæхи. Еугуыппартæ йæ расырдтой, кæрæдзи скъуырдтытæ кодтой æмæ айнæгæй хауын байдыдтой, комы та пырх кодтой. Ахуыйы хин нæ бамбæрстой Еугуыппартæ.

Уæд комæй Нагъуыллæйы хъæр фæцыд. Ахуы дзалабæндæн фæлыг кодта, ратахти æмæ зæронд Еугуыппарыл сæмбæлдис. Уым ын йæ къубал сыскъуыдта, фехста йæ айнæджы сæрмæ. Еугуыппартæй ма чи баззади, уыдон сæ хистæры сæрыкъуыдыр куы федтой, уæд раздæхтысты.

Ахуы æмæ Нагъуыллæ сæ бынатдзæгмæ æрцыдысты, саджы фыдæй хорз сæхи федтой æмæ баулæфыдысты.

## ЦАРЦИАТЫ ЛОКА

Царциаты Фарнæджы зæнæгæй иу Лока хуынди. Хибарæй царди, хæдзар дæр ма йын куы уыдаид, иу дарæнгъауы[7] царди. Фарнæгæй Лока раджы ферох, ис ма йын ахæм фырт æви нæ. Лока йæхицæн æддæ цард кодта хъæуæй. Царциаты ныхасмæ нæ цыди, сæ уынаффæйы никуы уыди, æгæрыстæмæй йæ фæныкгуыз рахуыдтой. Фæкæс æмæ та уæлæ Лока йæ къæриты кæцыдæр сыхæй æрцæуы йæ дарæнгъаумæ. Фос æм нæ уыд, æмæ Царциатæ дис кодтой, цæмæй цæры Лока. Се ‘хсæн æмбисондæн баззади:

– Локайы цард у хур æмæ донæй, йæ цард æрвиты æнæ стурæй, фæлæ фæндонæй.

Лока никæй хъыгдардта, никæй æфхæргæ кодта. Исчи йæ куы фарстаид йæ цардæй, уæд-иу дзырдта:

– Мæ рад дæр уыдзæни.

Царциатæй бирæтæй Лока ферох ис. Иубон Фарнæджы фæрсынц Царциатæ:

– Уæдæ дын Лока та куыд у, Лока?

– О, уый кой ма кæнут, – зæгъы сын Фарнæг, – æнæнығæд мард æмæ æнæмард удæгас у. Æгад мæ кæны, æмæ ма мæнæй цæй фарны лæг ис?

Фарнæгмæ тынг хъыг касти Локайы ми. Сфæнд кодта йæ

[7] Халагъуд.

сафын. Иубон æм дзуры:

– Сугтæ ласын æмæ мæм фæкæс.

Араст сты хъæдмæ. Фарнæг хины нуæзт йемæ ахаста, хъæды кæрон æрбадынц æмæ йын дзы баназын кодта. Лока афынæй вæййы. Фарнæг æй иу стыр бæласмæ ныббаста, йæхæдæг рацæуы.

Уæд Лока райхъал ис, йæхи айвæзта, уыны – бæласмæ у баст. Бæлас æд уидæгтæ стоны, йæ фæдыл æй ласæгау ракодта æмæ Фарнæгмæ дзуры:

– Мæнæ дæ уисойаг бæлас.

Фарнæг Нагъуыимæ ракæсынц æмæ зæгъы:

– Оххай, ай дзы бынтон куы ницы æнхъæл уыдтæн, æмæ бæлас æд уидæгтæ йæ фæдыл куы æрласта.

Нагъуыимæ фæкомкоммæ сты, дзургæ ницы скодтой, æмæ Лока йæ хæдзармæ бацыди.

Фарнæг та йæм дыккаг хатт дзуры:

– Уарппы бынæй мын хæдзар рахæссинаг ис æмæ мæм фæкæс.

Араст та сты иумæ Уарппы бынмæ. Локайы та хины нуæзтæй фæрасыг кæны Фарнæг æмæ йæ ставд æндзæлмттæй арæзт хæдзарыл бабæтты, йæхæдæг раздæхти.

Лока æрфынæй, фæлæ куы райхъал, уæд йæхи айвæзта, фены – хъæдын хæдзармæ у баст. Лока йæ раласта йæ фæстæ æмæ та Фарнæгмæ бадзырдта:

– Мæнæ, дæ уисойæ цы хæдзар сæрфдзынæ, уый.

Хъæрмæ та Фарнæг æмæ Нагъуы рауадысты. Фарнæг зæгъы:

– О ме скæнæг! Амæ тых куы нæ уаид, уæд ма ахæм хæдзар йæ фæдыл исчи ласы?!

Нагъуы æмæ Лока та кæрæдзимæ бакастысты, æмæ Нагъуы мидбылхудт бакæны. Лока та сæхимæ ацæуы. Æртыккаг хатт дæр Локамæ фæдзуры Фарнæг æмæ йын зæгъы:

– Фурды был мæ фосрæгъау хизынц. Иу кæф сæ йе ‘взагæй рацахсы, æмæ уый марынмæ фæцæуæм.

Ацæуынц иумæ, фæлæ та ацы хатт дæр Локайæн Фарнæг баназын кæны хины нуæзт, æмæ Лока бафынæй вæййы. Ныууадзы йæ фурды был æмæ рацæуы Фарнæг. Уæд Локамæ кæф æрбабырыди, йе ‘взагæй йын йæ къахыл фæхæст и, фехъал вæййы, фæлæ йæ уæдмæ кæф аныхъуыры. Лока кард фелвæста æмæ кæфы лыгтæ кæнын систа. Кæф æм дзуры:

– Ма мæ амар, мæ фындзæй дæ раппардзынæн!

– Йе, хæрæг цыдæр, исчи мæ кæфы лукъа хона!

– Уæд та дæ мæ дзыхæй раппардзынæн!
– Æмæ мæ исчи кæфы омдзæг хона!
– Уæд та дæ амиздзынæн!
– Ау, æмæ мæ дæ мицъыра хоной!

Лока кæфы зæрдæ слыгтæ кодта æмæ кæф мардæй донбылыл æрхауди. Лока кæфы рахиз фарс æрлыг кодта æмæ уырдыгæй рабырыди. Кæфы фындзы хуынчъы уæрдæхдзых[8] акодта, æрхаста йæ Фарнæгмæ æмæ йæм бадзырдта:

– Мæнæ дын дæ сихойраг æрхастон.

Хъæрмæ Фарнæг æмæ Нагъуы ракæсынц. Нагъуы йæм хъæлдзæгхуыз равдисы, Фарнæг та зæгъы:

– Оххай, ай цавæр тыхы хицау у, цæуылнæ йæхи æргом кæны?

Кæфмæ æркæсынц, дисы бахауынц, æмæ Фарнæг фæрсы Локайы:

– Ахæм тыхы хицау кæм дæ, уым дæхи цæмæн æгад кæныс?
– Бæргæ не 'гад кæнин, дæ фыдыхойы мын куы раттис, уæд.
– Уæу-уа, уый æбузылд[9] куы уыдзæн, Царциатæ мыл куы худдзысты. Иннæмæй йæ курджытæ куы ис хохы бадæг фыййау æмæ уæйыг, уыдон дæуæн Нагъуыйы кæм ратдзысты?
– Уыдонимæ æз фидаудзынæн.

Фехъуыстой хохы бадæг фыййау æмæ уæйыг, Нагъуыйыл Лока дзуры, уый. Иубон сæ дыууæтæ дæр рацæуынц скъæфæг. Лока донбыл хуыссыди, уыдон æй уым æрбаййафынц. Хохы бадæг фыййау æм дзуры:

– Ды мæ разæй Нагъуыйы куыд хæссыс? Кæд æй æз уарзын, зæгъ-ма, уæд раздæр мæн цæуылнæ фæрсыс?

Уæд уæйыг дæр Локамæ дзуры:

– Нагъуыимæ мах стæм лымæнтæ, нæ фæндон иу у, уæд мын куыд хæссыс мæ сæр æвзæрмæ?

Лока сæм дзуры:

– Кæд бавзардзыстут уæ тых мæ разы, æргом уын зæгъын: Нагъуыйы раттыныл уыдзынæн разы.

Хохы бадæг фыййау æмæ уæйыг уæд кæрæдзимæ февналынц, æрмдзæфæй – нæрсынц, уæхскдзæфæй – мæлынц. Иу сæ иннæуыл нæ тых кæны. Хохы бадæг фыййау кард фелвæста, уæйыджы цæсты йæ фæтъыссы æмæ йын йæ гагуы сæппары. Уæйыг дæр кард фелвасы æмæ хохы бадæг фыййауы был ныллыг кæны.

---

[8] Цæггонд.
[9] Худинаг.

Сæ дыууæ дæр цæфтæй фæцæуынц нысан бынатмæ æмæ сæхи дзæбæх кæныныл схæцыдысты. Уæдæй ардæм Нагъуыйыл сдзурæг нал фæцис, Лока та Нагъуымæ æнхъæлмæ касти.

## ГУЫМИРТИМÆ ХÆСТ

Царциатæм гуымиртæ æрбарвыстой:

– Уæ фыдæлтæ нæ фыдæлтæн афæдзæй-афæдзмæ хъан фидæг уыдысты æмæ ныр авд азы дæргъы нæ хъаны хай нæ уынæм æмæ нын сæ бафидут.

Царциатæ загътой:

– Мах хъан никæмæн фыстам, нæдæр фидæм, нæдæр фиддзыстæм, нæ фыдæлтæ дæр афтæ уыдысты æмæ нæхæдæг дæр афтæ уыдзыстæм.

Смæсты сты гуымиртæ æмæ загътой:

– Кæд нæ фидут, уæд нын авд хъаны бæсты хæдзарæн чызг ратдзыстут.

Нæ та сразы сты Царциатæ уыцы ныхасыл дæр. Уæд Царциаты Хъæлæг Ахуыйы кæстæр фырт уыдис, кæмдæр хæтæнты хатти æмæ æрцæйцыди сæхимæ. Гуымиртæ йæ разы бабадтысты æмæ йæ æнæнхъæлæджы æрцахстой. Гуымиртæ йæ сæ куырдадзмæ бакодтой, уым уæрм ыскъахтой, йæ сæр ын акъуырдтой æмæ йын йæ гуыр уыцы уæрмы ныппæрстой, стæй йыл сыджыт ныккалдтой. Хъæлæгæн йæ сæр æмæ йæ рустæ булкъдаст ныккодтой, стæй йæ фаты фындзыл бабастой æмæ йæ Царциаты сыхмæ фехстой. Сæр астæусыхы сæмбæлди. Æркастысты Царциатæ æмæ загътой:

– Ай Хъæлæг уа, æмæ йыл нæ сæрыхъуын ис, нæ рихи, нæ боцъо, уæд цы кодта, кæнæ чи у йæ марæг, кæнæ кæм ис йæ гуыр та?

Царциатæ зилынтæ систой æмæ йæ фæцагуырдтой, никуы йæ ардтой.

Царциаты зонддæжындæр Суа уыдис, уый фат фехста хурыскæсæнырдæм æмæ загъта:

– Хуыцау, ме 'фсымæры мард кæм ис, уырдæм мын фæндаг бацамон.

Хур йæ был сдардта æмæ гуымирты сыхыл сæмбæлди.

Уæд Суа зæгъы:

– Хъæлæг кæд амарди, уæддæр гуымирты сыхы.

Царциатæ дард нал агуырдтой, фæлæ зылдысты гуымирты алыварс. Суа сæры къуыдыры милмæ æрæвæрдта, фат æм фæдардта æмæ зæгъы:

– Кæд ме ‘фсымæр Хъæлæг дæ, уæд дыл ацы фат сæмбæлæд æмæ дæ гуыр кæм ис, уым æртæ хатты æрзил.

Суа фатæй сæры къуыдыр фехста. Фат сæры къуыдырыл сæмбæлд æмæ сæры къуыдыр атылди, гуымирты куырдадзы раз æртæ зылды æркодта.

Суа йæм касти гæсæны сæрæй, ауыдта сæры къуыдыры, гуымирты куырдадзы раз æртæ зылды куыд æркодта, уый. Бамбæрста хъуыддаг æмæ æрхъуыды кодта фæндæй базонын алцыдæр.

Суа йæхи мæгуыр лæджы арæзт скодта, йæ кард буарæй хæдонæхсæн атъыста æмæ араст ис гуымирты куырдадзмæ, чысыл згъæры къæрттимæ.

Гуымирты куырд кусы, хъæсдарæг æрцæвы æмæ та фæзæгъы:

– Царциаты Хъæлæджы гуыр кæрдæн фæуай, кæд куыд зын цæгъдæн дæ.

Уыцы рæстæджы йæм бацæуы Суа мæгуыр лæджы хуызы æмæ йæм дзуры:

– Фæрнæй кусай, гуымирты куырд!

– Фарнхæссæг дæ Хуыцау фæкæнæд, мæгуыр лæг!

– Дæ куыстæй дæ иппæрд кæнын, фæлæ дард бæлццон дæн, мæ дзабыртæ фæхуынчъытæ сты, æз сæ арæхсон æмæ мын ацы згъæрæй иу туас куы рацæгъдис, стыр бузныг дæ уаин.

Гуымирты куырд æркасти, згъæр æртгомы баппæрста, куынцыл сдымдта, сырхзынг ысси згъæр æмæ йæ хъæсдарæгыл цæгъды. Куырд ызгъæрæй туасваг фæлыг кæнынмæ хъавыди. Уæд æм Суа дзуры:

– Дардæй цæуын, зæгъгæ, дын куы загътон. Лыг дзы ма ракæн, лæдзæджы бæсты йæ мæ къухы айсдзынæн.

Гуымирты куырд лæдзæггонд рацагъта згъæрæй, йæ фындз туасы хуызæн. Доны йæ атылдта, стæй зæгъы:

– Охх, Царциаты Хъæлæджы гуыр кæрдæн фæуай, кæд куыд зын цæгъдæн згъæр дæ.

Суа райста йæ туаслæдзæг æмæ куырды афарста:

– А, кусгæ мын хорз бакодтай, фæлæ ма Царциаты Хъæлæг та чи уыди, мæ туас кæмæн фæлдисыс?

– Иу хæрæг цыдæр уыди, дæ разы, кæм лæууыс, уым æмбийы æнæсæрæй.

– Искуы ма гуыр æнæсæр дæр вæййы?

– Йæ сæр ын ацы хъæсдарæгыл акъуырдтам, стæй йæ Царциатæм дастæй фехстам.

Уыцы ныхæстæм Суа йæ кард фелвæста æмæ зæгъы:

– Æ, хæрæг цыдæр, уæдæ ды мæн æцæг мæгуыр лæг æнхъæлдтай?!

Рариуыгъта куырды, йæ сæр ын ракъуырдта. Йе 'фсымæры сæр æмæ гуыр систа. Уæрмы та куырды гуыр ныппæрста æмæ йыл æвзалытæ бакалдта. Куырды сæр сдаста Суа æмæ йæ гуымирты сыхы астæумæ фехста. Суа йе 'фсымæры мард рахаста. Æвдадз зæппадз сарæзта, уым æй бавæрдта.

Царциатыл гуымиртæ худтысты æмæ загътой:

– Сæ марды æнæ гуырæй ныгæнынц, гуыр зулчъытæ хæрынц.

Царциатæ загътой:

– Чи зоны, уыцы гуыры бæсты гуымирты мыггагæй искæй гуыр ис.

Ацы ныхæстæм гуымиртæ сæры къуыдырмæ æркастысты æмæ загътой:

– Ай нæ куырды сæр куы у.

Уæрм ракъахтой, федтой æмæ – гуымирты куырды гуыр.

Смæсты сты гуымиртæ. Сæ куырдадз систой æмæ йæ æндæр ран скодтой, фæлæ маст сæ зæрдæты хастой.

Уæд гуымиртæ иубон Царциатæм ныббырстой. Гуымиртæйиу чи фæцагъды ис, уый та изæр æгас кодта.

Суа бахъахъхъæдта гуымирты. Гуымиртæ сæ марды æлæндоны[10] æхсадтой æмæ та-иу раудæгас сты.

Уæд Царциатæ æлæндоны фæнык калдтой, æмæ нал æгас кодтой гуымиртæн сæ мæрдтæ.

Уый адыл Царциатæ гуымиртыл стых ысты æмæ сæ фæтарддтой сæ бæстæй, кæй та маргæ акодтой.

Царциатæ фервæзтысты гуымиртæй æмæ та æрсабыр сты.

## ЦАРЦИАТЫ МИТÆ

Царциатæ фыдуаг митыл сагъуыдысты. Нал Хуыцауы зыдтой, нал дзуары мысыдысты, нал зæххон цæрджытæм хъуыстой. Ахæм никæйуал ныууагътой, тых кæмæн нæ бакодтой. Алчи дæр сæм мæсты райдыдта æмæ бадзырдтой:

– Царциаты сагсур лæппутæн усаг мачиуал раттæд.

Нал Донбеттыртæ, нал æрвон цæрджытæ, нал зæххон адæм – ничиуал сын лæвæрдта чызг чындзæн. Царциатæ усгур кæмæ

[10] Мард удæгасгæнæг.

бацыдаиккой, уыдон-иу сыл сæхи асчъил кодтой, рæстмæ сæм нал кастысты. Царциатæ бæргæ мæсты кодтой. Уæд иуахæмы сæ Ныхасы æрæмбырд сты æмæ дзурынц:

– Нæ мыггаг скъуыйдзæни, чызг нын чындзæн ничиуал дæтты. Цы ма стæм, уыдон дæр кæдмæ цæрдзыстæм, нæ фæстаг хынджылæгмæ цæудзæни. Исты нæ æрхъуыды хъæуы.

Суа зæндджын лæг уыди, афтæ зæгъы:

– Фыдмитæ æгæр фæкодтам æмæ нын æй нæ барынц. Хуыцау нæм смæсты, рахатти ныл, фæлæ зынг зæгъынæй ком нæ судзы. Цæмæй нæ гаччы сбадæм, уый тыххæй гæды ныхас нæ хъæуы. Зонут, гæды ныхасæй нæй уаг ыссарæн. Зæрдыл æй дарут: рæстаджы ныхас дæу тагъд ыссардзæн.

Едыссæ дæр зæгъы:

– Гæды ныхас мах нæ хъæуы, уымæй хъуыддаг нæ рæзы, сæфты нысан у. Гæды дзырд рæгъмæ ничи фæхæссы, сæфты нысан у. Чи йыл бауæнда, уый маст æрхæссы.

Хæтгар дæр загъта:

– Мамми йæхицæн куы ницы зоны, ма йæ бафæрсæм. Фæлтау æй уадзут, кæнæм ыл хъоды.

Фарнæг дæр æрбаппæрста йæ ныхас:

– Маммийы уадзут, хъæрзæд йæ низты, не сафæг уый у. Æрхъуыды кæнæм нæхæдæг исты.

Уадæг дæр нал фæлæуууыди æмæ зæгъы:

– Æз уæ кæстæр кæм дæн, уым зæгъын мæ фæнд: нæхи бынтондæр уæздан скæнæм, фæсмон кæй кæнæм, уый æфсонæн сæ куывдмæ æрхонæм.

Уадæджы фæндон сæ зæрдæмæ фæцыди Царциатæн æмæ зæгъынц:

– Фехъусын кæнæм уæларвмæ, Донбеттыртæн, зæххон цæрджытæм: фæсмон кæнæм не ‘взæрдзинæдтыл, нæ къух сыл исæм æмæ уый тыххæй куывд кæнæм къуыриййы дæргъы, æмæ нæм æрцæуæнт чызгæй, лæппуйæ. Хорз сæ фæхынцдзыстæм, дисæн нæ куыд ахæссой. Хъабахъ сын фехсын кæндзыстæм, стæй нын сæхæдæг дæтдзысты чызджытæ.

Æрымысыдысты Царциатæ куывд кæнын. Авд къуырийы сæхи фæцæттæ кодтой, нал искæмæ быРстой, нал лæбургæ кодтой, нал тыхæй цыдысты, нæ хъыг искæй бадардтой, никæмæ мæсты кодтой. Сæ дзуары ном дæр ссардтой, Хуыцауæн дæр йæ ном ардтой, къæссавæлдæхт фесты. Дис сыл кодтой, стæй фехъусын кодтой Царциатæ:

– Куывд кæнæм æмæ нæм æрцæут хионæй, хицонæй, æмбалæй, хæларæй, хæрамæй, никæй бахъыгдардзыстæм.

Арвы нæрдау ахъæр и Царциаты æрхуынд. Алчи йæхи цæттæ кодта куывдмæ. Ралæууыди куывды бон. Алырдыгæй сæм цæуынтæ систой. Уыйбæрц куывдон адæм æрæмбырд и Царциатæм æмæ сæ зæхх тыххæй урæдта. Царциатæ алкæуыл дæр æмбæлдысты кад æмæ радæй, цин кодтой уазджытыл, æмбæлдысты сыл худгæйæ, хъæбыстæ сæ кодтой. Фæйнæрдыгæй арфæтæ цыдысты. Æрхонгæ адæм дывæлдæхтæй рабадтысты. Царциатæ сæм хæлар цæстæй ракастысты, æмæ уазджытæ сæхи хъæлдзæг дардтой.

Суа кувæг уыди, систади æмæ зæгъы:

– Ацы куывды æвæрæм æртæ хуызы хъабахъ: иу – хæрдмæ, иннæ – донмæ, æртыккаг – лæджы сæрмæ. Хъабахъ чи рамбула, уый номыл уыдзæни гаджидау æмæ лæвæрттæ.

Æрхонгæ адæм базмæлыдысты. Уæларвон цæрджытæ хъабахъæхсæгæй равзæрстой Уациллайы. Донмæ æхсæгæй равзæрстой гыццыл Чехы, зæххон адæм та равзæрстой Царциаты хæрæфырт Хуройы.

Фыццаг хъабахъ фехстой хæрдмæ. Уацилла йæм ныхъхъавыди, фехста йæ, фæцæф æй кодта. Уациллайы номыл рацыди гаджидау, æмæ райста лæвæрттæ.

Дыккаг хъабахъ фурдмæ баппæрстой. Хъабахъы фурды уылæнтæ раппар-баппар систой, Чех æй фехста æмæ йæ фæцæф кодта. Уый номыл дæр гаджидау рацыди, райста лæвæрттæ дæр.

Æртыккаг хъабахъ уыди лæджы сæрмæ. Хæтгар йæ сæрыл айк æрæвæрдта æмæ дзуры:

– Йæ ныфс чи хæссы, уый йæ фехсæд.

Иууылдæр ныссабыр сты уазæгæй, фысымæй. Царциаты хæрæфырт Хуро рахызти размæ æмæ йæм ныхъхъавыди. Фехста йæ, айк фæтахти Хæтгары сæрæй. Лæгæн ницы уыди. Дис сæм фæкасти Хуройы æхст, гаджидаутæ йæ номыл рацыдысты, æмæ райста лæвæрттæ. Уазджытæ хъуыды кæнынц: «Царциатæ нын цыдæр хин ми кæнынц».

Уæд Уацилла систа нуазæн æмæ зæгъы:

– Царциатæ, мах абон бузныг стæм уæ хорздзинадæй. Абон куывдмæ махæй цы сылыстджытæ æрцыдис, уыдонæн бар ис – равзарой сæхицæн Царциаты лæппутæй къайæгтæ. Царциатæ кæд фыдмитæ кæнынц, уæд бæзгæ дæр кæнынц.

Царциатæ Уациллайæ фæбузныг сты, æмæ бирæтæ сæхицæн къайæгтæ сæвзæрстой. Уæд Чех систад æмæ зæгъы:

– Царциатæ фыдмитæ бирæ фæкодтой, æмæ сын барст уæд сæ абоны æгъдауæй. Донбеттыртæй мемæ цы сылыстæг рацыди, уыдонæн бар ис æмæ сæхицæн равзарой къайæгтæ Царциаты фæсивæдæй.

Уымæй дæр та Царциатæ фæбузныг сты.

Зæххон цæрджытæй иу гуымир сыстад æмæ зæгъы:

– Фыдбылыз митæ фæкодтой Царциатæ, фæлæ сын барст уæд сæ абоны æгъдауы тыххæй. Немæ махæн цы сылыстæг чызджытæ æрцыди, уыдонæн бар ис æмæ равзарой сæхицæн къайæгтæ Царциаты фæсивæдæй.

Уымæй дæр та фæбузныг сты Царциатæ, æмæ алчи йæхицæн къайаг ссардта.

Уæд Царциаты куывд æхсæны чындзæхсæвмæ рахызти, æнæхъæн къуыри сын ахаста æрхонгæ адæмæн. Кафт æмæ зардæй бæстæ сæ сæрыл хастой. Æрвон цæрджыты зæрдтытæм мæргътæ кафынтæ систой, алы æвзагæй уасыдысты. Зæххон цæрджыты зарджытæм та сырдтæ гæппытæ систой фырцинæй. Донбеттырты зарджытæм та кæфтæ хæрдмæ схъиудтытæ кодтой æмæ цины хæлбурцъытæ уагътой. Царциатæн сæхи зардмæ цъиқитæ тайгæ кодтой, хуыскъ бæлæстæ сыфтæр æппæрстой, зæхх дидинæг фестади.

Рацыди къуыри. Царциатæ æвдгай нуазæнтæ рауагътой сæ уазджытыл, бæстæ цинты ныгъуылди, кæрæдзийæн хъæбыстæ æмæ пъатæгæнæг систы. Стæй уазджытæ сæ хæдзæрттæм фæцыдысты.

Дыккаг бон уæларвы цæрджытæ сæ куывдонты фæрсынц:

– Уæдæ нæ чызджытæ кæм сты?

Куывдонтæ зæгъынц:

– Царциатæм чындзы фæцыдысты.

Фурды цæрджытæ дæр сæ куывдонты фæрсынц:

– Нæ чызджыты нын цы фæкодтат?

Куывдонтæ зæгъынц:

– Царциаты лæппутæй смæйттæ кодтой.

Зæххон цæрджытæ дæр фæрсынц:

– Нæ чызджытæ цы фесты?

Куывдонтæ зæгъынц:

– Дæлæ Царциаты чындзытæ баисты.

Уæд се ‘ппæт дæр бамбæрстой, Царциатæ сыл хинæй рацыдысты, уый. Сæ бон исты зæгъын дæр нал уыди, сæ чызджытæ тырдзæфтæ уыдысты æмæ бафидыдтой Царциатимæ, схæлар та сты. Фæстагмæ уыцы хæлары уыдзæни сæ сæфт Царциатæн дæр.

# УИДÆГТÆ

## УЫРНÆНТÆ ÆМÆ МÆНГУЫРНÆНТÆ

♦ Адæймаджы русты дзыхъгонд куы уа, уæд, дам, йæ мады бирæ уарзы.

♦ Адæймагæн йæ роцъойы астæу ауæдз куы вæййы, уæд, дам, йæ фыды бирæ уарзы.

♦ Кæд адæймагæн йæ хъусыл сау стъæлф ис, уæд хиппæлой у, сайдзæн дæ.

♦ Йæ буарыл бирæ гуырдзон стъæлфытæ кæмæн ис, уый амондджыныл нымад у.

♦ Йæ риуыл стъæлф цы сылгоймагæн вæййы, уый хорз мад вæййы.

♦ Чызг судзаг куы хæра, уæд йæ риутæ стыр кæнынц.

♦ Дæ былтæ дæ куы хæрой, уæд кæимæдæр пъатæ кæндзынæ.

♦ Дæ ком куы ивазай, уæд æй дæ къухæй амбæрз, кæннод дын дзы уыцы рæстæг фыдгæнæг тых фæмидæг уыдзæн.

♦ Адæймаг куы фæмæлы, уæд фæстаг улæфтимæ йæ уд йæ дзыхæй рацæуы.

♦ Фæндагыл цæугæйæ адæймагæн йæ рахиз къах куы суазал уа, уæд æм цыдæр хорз æнхъæлмæ кæсы.

♦ Чызг искæмæ йе 'взаг куы ласа, уæд йæ фидæны сывæллон гуылæвзаг уыдзæн.

♦ Йæ риу хъуынджын цы лæппуйæн у, уый фырмонц у.

♦ Йæ къубал ставд æмæ цыбыр кæмæн у, уый нæрæмон вæййы.

♦ Лыстæг, даргъ къубалы хицау æнæныфс вæййы.

♦ Хæргæ-хæрын де 'взагыл куы фæхæцай, уæд хорз хабар хъусдзынæ.

♦ Хæргæ-хæрын куы ферхæцай, уæд цыдæр æвзæр хабар хъусдзынæ.

♦ Дæ сывæллоныл куы бадис кæнай, уæд цæмæй ма фæцæстдзыд уа, уый тыххæй де 'взагыл дæ дæндæгтæй афтæ ныххæц, куыд дын фæрисса.

♦ Фæндагыл куы цæуай æмæ истæй тыххæй фæстæмæ куы раздæхай, уæд айдæнмæ бакæс, де 'взаг æм фелвас æмæ дæ фæндагыл ацу.

♦ Дзидзидай сывæллонæн йæ фыццаг дæндаг уæлæрдыгæй куы æрзайы, уыимæ ссыр куы уа, уæд уыцы сывæллон бирæ нæ фæцæры.

♦ Сывæллонæн йæ фыццаг дæндаг куы рахауы, уæд æй хъæуы мысты хъуынчъы ныппарын æмæ зæгъын: «Гъа, мыст, мæнæ дын ме 'взæр дæндаг, ды та мын дæ хорз дæндаг ратт».

♦ Разæй дыууæ дæндаджы æхсæн гæлир кæмæн вæййы, уый рахæссы диссаджы рæдау æмæ амондджын.

♦ Фыны дæндаг куы рахауы, уæд уый амоны, дæ тугхæстæг кæй мæлдзæн.

♦ Дæ дæндаг къахыр саст куы акæна, уæд уый амоны, чидæр дын хинтæ кæй кæндзæн.

♦ Стæм дæндæгтæ, æмæ се 'хсæн гæлиртæ кæмæн вæййы, ахæм адæймаг сайæгой вæййы.

♦ Дæ хъустæ дæ куы ныхой, уæд уаргæ кæндзæн.

♦ Дæ хъустæ куы судзой, уæд чидæр дæ фыдгой кæны.

♦ Дæ рахиз хъус куы зыланг кæна, уæд дæ хорзы кой кæны чидæр, дæ галиу хъус куы зыланг кæна, уæд та – дæ фыдгой.

♦ Стыр хъустæ кæмæн вæййы, уый дæсныдзинадмæ æмхиц у.

♦ Йæ хъусыл гуырдзон стъæлф кæмæн ис, уый зындзинæдтæн быхсаг у.

♦ Дæ хъустæ куы къуырма кæной, уæд боныхъæд æвзæрырдæм зилдзæн.

♦ Дæндаг æнæ рисæй куы сласынц, уæд дæндаджы хицауы дард хæстæджытæй исчи фæмæлы.

♦ Дæндаг куы рахауы æмæ йæ бынатæй туг куы нæ ракæлы, уæд йæ тугхæстæг мæлдзæн уыцы адæймагæн.

♦ Фыны комы рæбинаг дæндæгтæ амонынц хæрз хæстæгдзинад, раззаг дæндæгтæ – дард хæстæджыты.

♦ Дæ къæбæр æнæхæрдæй куы уадзай – дæ дæндæгтæ рисдзысты.

♦ Цыбыркъух адæймаг хивæнд у.

♦ Адæймагæн цыбыр æмæ тыппыр æнгуылдзтæ куы уа, уæд, чъынды кæй у, уый бæрæггæнæн у.

♦ Уæлмæрдты 'рдæм, кæнæ мард уæлæуыл кæм ис, уырдæм дæ къухæй куы бацамонай, уæд дæ æнгуылдзыл дæндагæй фæхæц æмæ дын ницы фыдмæ ацæудзæн.

♦ Дæ армытъæпæн дæ куы хæра, уæд æй мадджын æмæ фыдджыны сæрыл ахаф æмæ дæ нал хæрдзæн.

♦ Къухтæ дæлæрмтты кæнын æмæ дарын нæ фæтчы: дæхиуæттæй баафтид уыдзынæ.

♦ Рог къух цы адæймагæн ис, уый цæмæфæнды куы бавнала, уæддæр æнтыстджын кæны.

♦ Галиуæгмæ цыдæр курдиат æмбæхст вæййы.

♦ Хидгæнаг къухтæ кæмæн ис, уый искæй арæх бауарзы.

♦ Цæмæй дæ къух æхцаджын уа, уый тыххæй æхца ис галиу къухæй, дæтгæ та кæн рахизæй.

♦ Чызгæн уазал къухтæ куы уа, уæд йæ мой рæсугъд уыдзæн.

♦ Фынг къухæй сæрфын нæ фæтчы – бæркад сæфы.

♦ Цæугæйæ йæ къухтæ тымбылæй чи хæссы – чъынды у.

♦ Дæ рахиз армытъæпæн дæ куы хæра – кæйдæр къух исдзынæ.

♦ Дæ галиу къухы армытъæпæн дæ куы хæра – æхца исдзынæ.

♦ Фембæлгæйæ галиу къухтæ исын фыдбылызмæ сайы.

♦ Йæ къухтыл уæлдай æнгуылдзтæ кæмæн ис, уый фыдзæрдæ, фыдадæймаг у.

♦ Чызгæн хуыйгæ-хуыйын судзин йæ æнгуылдзы куы фæныхса, уæд дзы чидæр æппæлдзæн.

♦ Уæлмæрдырдæм æнгуылдзæй амонæн нæй.

♦ Дуары тарвæзтыл къабæзтæ тындзын нæ фæтчы.

♦ Искуыдæм цæугæйæ къæсæры сæрты рахиз къах раздæр айс – дæ хъуыддæгтæ хорз ацæудзысты.

♦ Райсомæй хуыссæнæй куы хизай, уæд фыццаг дæ рахиз къахыл æрлæууу – дæ бон дзæбæх ацæудзæни.

♦ Æнхъæлцау сылгоймаг йæ галиу къах размæ куы хæсса – чызг ын гуырдзæн.

♦ Къæхты æндыснæг куы бада, уæд боныхъæд ивгæ кæндзæн.

♦ Райсомæй хуыссæнæй галиу къахыл куы рахизай, уæд æгас бон мæстджын уыдзынæ.

♦ Дзидзидай сабийы стъолыл куы æвæрай, уæд къахæй тынг æрæгмæ ауайдзæн.

♦ Сывæллон зæххыл куы бада æмæ йæ къæхты сæрты куы ахизай, уæд йæ рæзæнтæ исыс.

♦ Искæй къахыл æнæнхъæлæджы куы ныллæууай, уæд дын хъуамæ уый дæр ныллæууа дæ къахыл, кæннод йæ мад амæлдзæн.

♦ Бадгæйæ иу къах иннæуыл куы сæвæрай æмæ йæ хъеццау куы кæнай, уæд дын ыл хæйрæг абаддзæн, æмæ уый уздзынæ.

♦ Базармæ цæугæйæ дæ галиу дзабыр фыццаг куы скæнай, уæд дын де 'лхæнинæгтæ зынаргъ сыстдзысты.

♦ Дæ къахы бынтæ дæ куы хæрой – кæдæмдæр цæудзынæ.

♦ Йæ къæхтæй размæ, афтæмæй чи райгуыры, уый амонд-джын вæййы.

♦ Бырæттыл куы цæуай, уæд дæ къæхтæ рисдзысты.

♦ Цæмæй дæ дæндæгтæ ма риссой, уый тыххæй дæ хæлаф галиу къахæй скæн фыццаг.

♦ Дæ рахиз къах куы скъуырай цæугæ-цæуын, уæд хорз-æмбæлæгыл сæмбæлдзынæ.

♦ Дæ галиу къахæй куы фæкæлай, уæд уый хорзмæ нæ цæуы.

♦ Цæмæй мардæй ма тæрсай, уый тыххæй куы бацæуай йæ размæ, уæд ын йæ къæхтыл фæхæц дæ къухтæй.

♦ Къуылых адæймаг фыдæмбæлæг у.

♦ Цъылыныл кæнæ уисойыл къæхтæй куы лæууай, уæд дæ къæхты нуæрттæ æлхынцъытæ кæндзысты.

♦ Чындз йæ ног хæдзармæ куы бацæуа æмæ фыццаг хатт уым бадгæйæ йæ къухтæ йæ быны куы бакæна, уæд ын цот нæ уыдзæн.

♦ Дæ амонæн æнгуылдзæй стъалытæм куы амонай æмæ сæ куы нымайай, уæд, цал банымайай, уал бызычъийы дыл фæзындзæн.

♦ Искæй хæдзары ныхтæ æлвынын не 'мбæлы.

♦ Дæ ныхтæ майрæнбоны кæнæ хуыцаубоны куы 'лвынай, уæд дæм æхца нæ лæудзæн.

♦ Дæ ныхтыл урс тæппытæ куы уа, уæд ног дзаумамæ цæуы.

♦ Дзидзидай сывæллоны ныхтæм хæсгардæй куы 'вналай, уæд давæг уыдзæн.

♦ Дзидзидай сывæллоны ныхтæ хъуамæ мад йæ дæндæгтæй æхсына, цалынмæ йыл афæдз сæххæст уа, уæдмæ.

♦ Адæймаг йæ ныхтæ куы сæлвына, уæд сæ хъуамæ иу ран акала, кæннод ын сæ фыдгæнæг тыхтæ йæ ныхмæ спайда кæндзысты.

♦ Йæ ныхтæ чи æхсыны, уый мæстыгæр адæймаг у.

♦ Сырды кæнæ маргъы дзæмбытæй стъæлфынц фыдгæнæг тыхтæ, æмæ уыдон цы адæймагмæ уой, уымæ хæстæг нæ цæуынц.

♦ Хæдзармæ куы цæуай, уæд фыццаг дæ рахиз къах байс.

♦ Æнхъæлцау сылгоймагæн хъуамæ йæ уæрджытæ ма зы-ной йæ фæдджитæй – йæ фидæны саби рынчынæй райгуырдзæн.

♦ Дæ бацæвидтæ дæ куы хæрой – кæдæмдæр цæудзынæ.

♦ Дæ къах скъуырдтай – дæ уарзоны уындзынæ.

♦ Фыны дæхи бæгънæгæй куы фенай, уæд мæгуырдзинадмæ цæуы.

♦ Лæппуйæн даргъ æнгуылдзтæ куы уа, уæд йæ ус цыбыр вæййы.

♦ Цæмæй фыдгæнæджы фæнд фæмæнг уа, уый тыххæй дæ къухты æнгуылдзтæ кæрæдзийы æхсæнты айс æмæ сæ нылхъив.

♦ Искæй буарыл сырх хъулон куы вæййы, уæд фæзæгъынц: «Сывæллоны мад æнхъæлцауæй цыдæр адавта».

♦ Дæ ныхтæ искæй хæсгардæй ма ‘лвын – æвзæрмæ цæуы.

♦ Гуыбырфындз адæймаджы нæ бамбардзынæ – йæ хъуыдытæ æмбæхст сты.

♦ Æнæнхъæлæджы де ‘взагыл куы фæхæцай – кæимæдæр хыл кæндзынæ.

♦ Æнæном æнгуылдз хъæдгомы алфамбылай куы æрхæссай æмæ йæ хосæй уыцы æнгуылдзæй куы байсæрдай, уæд дын тагъд адзæбæх уыдзæн.

♦ Фыны дыл боцъо куы зайа, уæд уый мулкмæ цæуы.

♦ Ссад дæ рæбыны куы уа, уæд дыл ис дæр хæцдзæн.

♦ Куыройæ де ссæдтæ куы ‘рбаласай æмæ кулдуары мидæгæй куы фæуой, уæд дæ дуар уайтæккæ рахгæн: бирæ дын сахаддзысты уæд.

♦ Дæ ног ссады сæрæй искæмæн куы раттай, уæд дын йæ бæркад ахæсдзæн.

♦ Къусбары æмбырдгонд ссадæй чъириты тых фарнæй æфсæст у.

♦ Кувинаг чъиритæ хуссары мæнæуæй конд куы вæййынц, уæд, кæй номыл уой, уый сæ æхцондæрæй исы.

♦ Цæмæй дын де ссады бæркад нæзæгъинæгтæ ма ахæссой, уый тыххæй дзур æрмæст «дзаг мæм у», «нæй» нæ фæлæ.

♦ Цыкурайы фæрдыг ссады куы вæййы, уæд ын йæ бæркад бирæ кæны.

♦ Дзултæй раздæр чи сфыца, уый ма адих кæн, цалынмæ иннæтæ дæр сфыцой, уæдмæ, кæннод дын нæ фæрæстмæ уыдзысты.

♦ Раджы заманы ард хордтой ссадæй, къæбæрæй: «Ацы къæбæр мын хæрынмæ мауал уæд», «Ацы хойраджы азар мæ фæдыл æфтыд, кæд мæнг зæгъын, уæд».

♦ Бæгæны Хуыцауы фæндонæй фæзынди.

♦ Бæгæныйæ скуывд Хуыцауæн æхцон у.

♦ Чындзхасты бонмæ бæгæны куы фæрæстмæ уа, уæд чындз хæрзхъæд уыдзæн.

♦ Æнхъизгæ бæгæны хуылфæн хос у.

♦ Бæгæны зæдтæ дæр нуазынц.

♦ Арахъхъ хæйрæджы сфæлдыст у.

♦ Ирон адæммæ кæрдзын кæнæ дзуллаг уæй кæнын нæ фæтчыд: уыди сын æрмæст æфстау раттæн кæнæ та балæвар кæнæн.

♦ Хор чи давта, уый Хуыцау æлгъыста.

♦ Æхсæвыгон афтид мигæнæнтæ фынгыл уадзын не 'мбæлы.

♦ Нуазинагимæ мигæнæн æнæмбæрзтæй куы уадзай æхсæвыгон, уæд дзы нæзæгъинæгтæ сæхи æхсынц.

♦ Фынгыл куы бадай, уæд цæрæгойты (хæрæг, хуы, куыдз, кæлмытæ, хæфсытæ æмæ æндæрты) кой кæнын не 'мбæлы.

♦ Сусæгæй чи хæры, уымæн исты хыррыттмæ йæ буар кæрзгæ кæны.

♦ Цæмæй сæрыхъуынтæ хорз рæзой, уый тыххæй, кæмæн сæ æлвынынц, уый сбадын кæнын хъæуы фысдзармыл.

♦ Цæмæй дзыккутæ тагъд рæзой, уый тыххæй сæ æлвынын хъæуы ног мæйы скастыл.

♦ Цæмæй дын хорз сæрыхъуынтæ уа, уый тыххæй сæ æлвынын хъæуы Тутырты.

♦ Чызг стуры фарсылæвзаг куы фæхæры, уæд ын хорз дзыккутæ фæзайы.

♦ Фыны дæхиуыл бæзджын сæрыхъуынтæ куы фенай, уæд дын хорз исбонмæ цæудзæн.

♦ Дæ дзыккутæ куы ныффасай, уæд дзы цы иугай хъуынтæ æрызгъæлы, уыдон зæхмæ ма аппар: цъиуты къæхтыл стыхсдзысты æмæ дæ сæр рисдзæн.

♦ Дæ дзыккутæ куы ныффасай, уæд дзы сæрвасæныл цы аззайа, уыдон арты ма баппар, наужд дæ дзыккутæ тагъд æвзийдзысты.

♦ Дзыккутæ æмбырдгæнгæйæ дзы иу бындзыг хицæнæй куы баззайа, уæд уый амоны: дзыккуты хицау тагъд рæстæджы кæдæмдæр цæудзæн.

♦ Адæймаг хъуамæ йæхæдæг йæ дзыккутæ ма æлвына, наужд йæ цард цыбыр кæны.

♦ Сылгоймагæн йæ дзыккутæ фæсæхсад æрæгмæ куы хус кæной, уæд йæ лæг расыггæнаг уыдзæн.

♦ Бурхил адæймаг налат æмæ хин вæййы.

♦ Згæхуыз сæрыхъуын цы адæймагæн вæййы, уый стыр фæразон вæййы алцæмæн дæр.

♦ Къæбæлдзыг дзыккуты хицау тæппуд вæййы.

♦ Даргъ дзыккутæ фыны куы фенай, уæд, кæй уой, уымæн йæ хъуыддæгтæ рæстмæ цæудзысты.

♦ Сылгоймаг йæ дзыккутæй куы хъаза, уæд йæ зæрдæ нæлгоймаг агуры.

♦ Æнхъæлцау сылгоймагæн йæ сæрыхъуынтæ æлвынæн нæй: йæ гуыринаг зондхъуагæй фæзындзæни дунемæ.

♦ Сывæллонæн йæ æвгъæды дзыккутæ цалынмæ алвынай, уæдмæ рынчынтæгæнаг вæййы.

♦ Лыстæг сæрыхъуынты хицау хивæнд вæййы.

♦ Дæрзæг сæрыхъуынты хицау мæстыгæр вæййы.

♦ Сывæллон бæзджын æмæ даргъ сæрыхъуынтимæ куы райгуыры, уæд æй амондджыныл нымайынц.

♦ Хъуынджын цæнгтæ æмæ зæнгтæ кæмæн вæййы, уый амондджын у.

♦ Йæ сæрыхъуынтæ дæрзæг кæмæн сты, уый ныфсхаст вæййы.

♦ Цæмæй дын хорз дзыккутæ зайа, уый тыххæй сæ мæйноджы алвын, стыр цæугæдоны сæ бакал афтæ дзургæ: «Ацы дон куыд тагъд цæуы, куыд даргъ у, афтæ ацы доны стæвдæн мæ дзыккутæ уæнт».

♦ Чызгæн йæ дзыккутæ хорз цæмæй зайой, уый тыххæй, мæй йæ цалхыдзаг куы уа, уæд рудзынгыл сбадæд, йæ дзыкку æддæмæ айсæд æмæ йын æй исчи æддæрдыгæй алыг кæнæд.

♦ Зæрдæвæрæны мæйы фыццаг уарынæй дæ сæр куы ныхсай, уæд дын фæлмæн æрттиваг дзыккутæ уыдзæн.

♦ Сылгоймаг нæлгоймаджы худ йæ сæрыл куы кæна, уæд йæ дзыккутæ æвзийгæ кæнынц.

♦ Фыны дæхи дастсæрæй, æнæдзыккуйæ куы уынай, уæд уый æвзæр у.

♦ Фыны дæ сæры бирæ сыстытæ куы фенай, уæд дын бирæ æхцамæ цæуынц.

♦ Дзыккутæ хæлиу куы уой, уæд дзы фыдгæнæг тыхтæ æмбæхсынц.

♦ Чызг йæ фыды уæларт æгæр куы бада, уæд йæ сæр булкъдаст ныккæнæд æмæ смой кæндзæн.

♦ Чызг чындзы куы цæуа, уæд хъуамæ йæ дзыккутæ сбийа кæнæ бабæтта, фыдгæнæг тых дзы куыд нæ бамбæхса, афтæ.

♦ Изæрыгон дæ сæр куы ныхсай, уæд дын райсом рисдзæн.

♦ Дæ сæрыл цал зиллаччы уа, уал хъуыддаджы кæндзынæ.

♦ Дæ сæр искæйы сæрыл куы ныццæвай æнæнхъæлæджы, уæд атутæ кæн æмæ зæгъ: «Мæ сæр дурæй хъæбæрдæр».

♦ Сау цæстытæ цæстыгæнаг сты.

♦ Дæ рахиз цæст дæ куы хæра – цин кæндзынæ, галиу куы хæра – кæудзынæ.

♦ Дæ цæстыты бын дæ куы хæра – кæудзынæ.
♦ Цæхæрцæст адæймаг дзырдамонд у.
♦ Зылын цæстытæ цы адæймагæн уа – фыдæмбæлæг у.
♦ Йæ цæстытæ тъæбæртт кæмæн кæнынц – фæлитой у.
♦ Адæймагæн йе 'рфгуытæй иу масты у, иннæ цины æрфыг.
♦ Дæ фындзыхъæл дæ куы хæра, уæд зианмæ цæудзынæ.
♦ Зылынцæст адæймаг цæстыгæнаг у.
♦ Адæймагæн йæ цæстытæ алыхуызæттæ куы уой, уæд уый цæстыгæнаг у.
♦ Цæстыгæнаг чи уа, уымæн фæзæгъынц: «Дæ цæст мæ хуылфы».
♦ Адæймаг дæм лыстæг куы кæса, уæд дæ цæмæй йæ цæст ма ахиза, уый тыххæй дæхимидæг зæгъ: «Дæ цæст мæ хуылфы».
♦ Йæ цæст хизаг кæмæн у, уымæн фæзæгъынц: «Дæ цæстыты бынты цæхх фæхæсс».
♦ Къæбутыл дзыхъхъ куы вæййы, уæд адæймаг чъынды у, кæд æмæ къуыпп у йæ къæбуты стæг, уæд та рæдау.
♦ Сæрыхъуынтæй æрфгуыты æхсæн йæ ныхы нарæг кæмæн у, уый зондджынты нымæцмæ нæ хæссынц.
♦ Бæрзонд ныхы кæмæн ис, уый зондджын у.
♦ Ноггуырд чызгæн йæ бичъы лыг æвæрдтой рудзынгыл, цæмæй куы байрæза, уæд æй тагъд ракурой. Лæппуйæн та йæ æфснайдтой хæдзары арфы, цæмæй хæдзары хицау уа.
♦ Дæ фындзы рагъ дæ куы хæра – цыдæр нуаздзынæ.
♦ Исты дæ куы ферох уа, уæд дæ фындзы къоппа аууæрд æмæ дæ зæрдыл æрлæудзæн.
♦ Дæ фындзыл сынкъ куы фæзына – кæйдæр зæрдæмæ фæцыдтæ.
♦ Тæнæгæфсæр адæймаг хæлæггæнаг æмæ æдзæстуарзон у.
♦ Дзидзидайæн йæ былтæн куы пъатæ кæнай – æрæгмæ сдзурдзæни дзыхæй.
♦ Дæ уæллаг был дæ хæры – чидæр дын лæвар кæндзæн.
♦ Гобийыл худын нæ фæтчы.
♦ Стыр хъустæ цы адæймагæн вæййы, уый уæзбын у.
♦ Дæ рахиз русыл гуырдзон сау стъæлф куы уа, уæд уый амоны, амондджын кæй дæ.
♦ Сау стъæлф галиу русыл амоны, йæ хицау æнтыстджын кæй нæу.
♦ Дæ рустæ куы судзой, уæд чидæр дæ кой кæны.

*Æрæмбырд сæ кодта* ***Тменаты Дзерассæ***

*ХÆМЫЦАТЫ Фузæ*

# ÆВЗАГ БАЗОНЫНЫ АХСДЖИАГДÆР ФÆРÆЗТÆЙ ИУ

*Дæ мады æвзагыл кæд дзурыс, кæд зарыс, –*
*Дæ фыдгул, ызнагæн йæ сау зæрдæ марыс.*

***Æлборты Х.***

Ирон æвзаг у тынг рагон æмæ хъæздыг æвзаг. Дунейы йын цы аргъ кæнынц, уый бæрæг у Уæрæсейы наукæты академийы уæнг Михаил Боголюбовы ныхæстæй : «Ирон адæм тынг хорз бахъахъхъæдтой се ʻвзаджы рагон æууæлтæ, иннæ индоевропæйаг æвзæгты цы дзырдтæ æмæ грамматикон формæтæ нал ис, ахæмтæ, ома, ирон æвзагæн баззад йæ рагон бындур. Уымæ гæсгæ ирон æвзаг у хæзна, къæбиц иннæ индоевропæйаг æвзæгтæ иртасынæн, æмæ йæ уый тыххæй ахуыр кæнынц дунейы стырдæр университетты».

Ирон æвзаджы урок у сывæллоны зондахасты бындур æвæрæг, йæ удыхъæд, йæ цæстæнгас æрдзмæ, адæммæ аразæг.

Æвзаг æхсæнадон хотых кæй у, уымæ гæсгæ ахуыргæнæг алы урочы дæр хъуамæ дзура хъæздыг, аив, хæрзхъæд, зæрдæмæ арф хизæг хъуыдыйæдтæй. Нæ разагъды лæгтæ амыдтой, зæгъгæ, мадæлон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаджы грамматикæйæ ахсджиагдæр ницы ис. Уымæ гæсгæ мах, æвзаджы ахуыргæнджытæ, нæ размæ æвæрæм хæс: скъоладзаутæ хъуамæ бамбарой æвзаджы аивдзинад, сахуыр уой цыфæнды зын хъуыдытæ дæр мадæлон æвзагыл аив дзурын æмæ раст фыссын.

Скъоладзаутæ æнæ рæдыдæй фыссын куы базоной, сæ хъуыдытæ бæлвырд фæткыл æвæрынмæ куы арæхсой, уæд сын æнцондæр уыдзæн иннæ предметтæ ахуыр кæнынæн дæр.

Нырыккон ирон æвзаджы урочы сæйрагдæр домæнтæй иу у ныхасы рæзтыл куыст.

Нывæцæнтæ, изложенитæ, дзургæ радзырдтæ, дзырдуатон æмæ грамматикон фæлтæрæнтæ аразгæйæ, ахуыргæнæг хъуа-

мæ хъуыды кæна æрмæст абоны урочы нысаныл нæ, фæлæ йæ дарддæры сæйраг хæсыл дæр – сабиты ныхасы рæзтыл кусын. Ацы хъуыддаджы ахъаззаг бынат ахсы дзырд, уымæн йæ нысаниуæгтæ зонын æмæ сæ пайда кæнын дзургæйæ æмæ фысгæйæ.

Дзырдуатон куыст арæзт у ахæм хæйттæй:

1. Сабиты дзырдуаты хъæздыгдзинадмæ æргом здахын (ома, ног дзырдтимæ, сæ нысаниуæгтимæ, сæ растфыссынадимæ зонгæ кæнын).

2. Бирæнысаниуæг дзырдтæ, синонимтæ, антонимтæ, омонимтимæ кусын.

3. Дзырдæй арæх пайда кæнын дзырдбæстыты, хъуыдыйæдты.

4. Литературон æвзагыл ахуыр кæнын (ныхасы мидæг æнæхъуаджы дзырдтæй хи хъахъхъæнын, раст дзурын, цавд раст æвæрын).

Райдайæн кълæсты алы урок дæр райдайын хъæуы дзырдуатон куыстæй. Хъуамæ алы урочы дæр сабитæ базоной 4–6 ног дзырды. Ног дзырдтæ фыссæм фæйнæгыл, сабитæ та – сæ тетрæдты. Кæсæм сæ хъæрæй, æвæрæм цавд, сбæлвырд кæнæм дзырды нысаниуæг, йæ растфыссынад. Хъуыды кæнæм семæ дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдтæ. Иннæ урочы фæлхат кæнæм уыцы дзырдтæ. Хъуамæ саби дзырд раст ныффысса, зæгъа йын йæ нысаниуæг, равзара йæ дзырды хæйттæм гæсгæ, сараза хъуыдыйæдтæ, зæгъа дзырдæн йæ синонимтæ, антонимтæ.

Бакусын ма хъæуы, ног дзырдтæ кæм æмбæлынц, ахæм текстимæ. Зæгъæм, дæргъвæтин æмхъæлæсонтыл дзургæйæ, дзырдуатон куыст бакодтам дзырдтимæ: кæмттæ, къуыззитт. Ныффидар кодтам сæ растфыссынад. Семæ æрхъуыды кодтам хъуыдыйæдтæ. Стæй иу скъоладзау радзырдта Æмбалты Цоцкойы æмдзæвгæ «Скъоламæ».

*Худынц хæхтæ, згъорынц дæттæ,*
*Хъæд дæр райхъал, хъæр цæуы.*
*Хъæдхой тулдзы хойы, хойы,*
*Булæмæргъ къуыззитт кæны.*

Цæмæй скъоладзаутæ лексикæйæ раст пайда кæной, уый тыххæй арæх фæфыссæм дзырдуатон диктанттæ, æмæ алы дзырд, дзырдбаст, дзырдты къордимæ дæр фæкæнæм бирæ алыхуызон куыстытæ. Зæгъæм, ахæм дзырдуатон диктант: «Фæллой, куыстуарзаг, ветеран, кадджын, куыстхъом, пенсиисæг, фæллойгæнæг, раззагдæр, сменæ, мастер, зырнæйзилæг, æндадзæг».

Ныффыссыны фæстæ скъоладзаутæм раттын фæрстытæ:

1. Сбæрæг кæнын, цавæр профессион лексикæйæ сты?

2. Кæй нæ зонут, ахæм дзырдтæ дзы ис æви нæй?

3. Бацамонын дзырдты лексикон нысан.

4. Дзырдтимæ æрхъуыды кæнын дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдтæ.

5. Ныффыссын дзырдты æххуысæй цыбыр нывæцæн.

Ныхасы рæзтыл бакусынæн саразын фæхъæуы беседæтæ. Уый фæстæ раттын хæс: ныффыссын лæвæрд темæйыл чысыл радзырд.

Ахуыргæнæджы хæс у сывæллæтты зонгæ кæнын нæ дзырдуæттимæ дæр. Кæд бирæ не сты, уæддæр нæм цы ис, уыдонæй скъоладзаутæ хъуамæ зоной пайда кæнын. Дзырдуæттимæ кусын æххуыс у ныхасы культурæйы рæзтæн, растфыссынады æгъдæуттæ зæрдыл дарынæн.

Бирæнысанон дзырдтыл дзургæйæ стыр куыст бакæнæн ис ныхасы рæзтыл. Дзырд бирæнысанон кæй у, уый базонæм дзырдуатæй, дзырдбастæй, хъуыдыйадæй. Зæгъæм: къах, сæр (адæймаджы буары хæйттæ), фæлæ ма ис: аджы сæр, хæдзары сæр, бæласы сæр, бандоны къах, нурыйы къах.

Скъоладзауты ахуыр кæнын хъæуы фразеологон дзырдбæстытимæ дæр. Уыдонæн нæй комкоммæ æмбарæн, нæй сын хицæн дзырдтыл адих кæнæн дæр. Зæгъæм: зæрдæ худын, цæст нæ уарзын, зæрдæйæ уарзын, искæуыл саргъ æвæрын. Сабитæ хъуамæ зоной, фразеологон дзырдбæстытæй бирæтæ кæй сты æмбисæндтæ: «Искæуыл саргъ сæвæрын дæ сæрмæ макуы ‘рхæсс. Искуы дын æй дæхиуыл сæвæрдзысты»; «Æфсины фæлмæн дзырд бинонтæн хуры тынтæй хъармдæр у»; «Дæхицæн дæ цæст куыд уарзы, дæ фарсмæ уымæн дæр афтæ бауарзæд, æмæ дуг уыдзæн фæрнджындæр».

Фразеологион дзырдбæстыты руаджы нæ ныхас кæны аивдæр, дзурæг цы зæгъынмæ хъавы, уымæн хатгай бамбарынгæнæн вæййы фæсномыгæй.

Хъæздыг сты ахæм дзырдбæстытæй нæ фысджыты æмæ адæмон сфæлдыстады уацмыстæ. Мах кæддæриддæр архайæм, цæмæй сæ не скъоладзаутæ зоной æмæ пайда кæной сæ ныхасы. Зæгъæм: «Лæппуйæ рæдиаг нæ вæййы æвзæр»; «Куыстæн йæ сæр сындз у, йæ бын та – сой»; «Æнгом цуанонтæ саг марынц, æнгом бинонтæ цард арынц».

Ацы куыстæн стыр пайда сты газет «Рæстдзинад», журналтæ «Ногдзау», «Мах дуг» æмæ «Ирæф» дæр.

Бирæ алыхуызон куыстытæ бакæнæн ис ныхасы рæзтыл:

1. Æмхæст текст хицæн хъуыдыйæдтыл дих кæнын.

2. Æмхæццæ хъуыдыйæдтæй æмхæст текст саразын.

3. Радзырд йæ райдайæнмæ гæсгæ ныффыссын.

4. Радзырд йæ кæронмæ гæсгæ ныффыссын.

5. Сюжетон нывтæм гæсгæ хъуыдыйæдтæ æмæ цыбыр радзырдтæ аразын.

6. Цыбыр нывæцæнтæ æрдзы фæзындтыл, бæрæгбонтыл, мадæлтыл, алыхуызон дæсныйæдтыл фыссын.

7. Текст лæмбынæг бакæсын. Фæрстытæн дзуæппытæ ныффыссын.

Нывæцæнтæ цæттæ кæнын райдайæм цалдæр урочы раздæр.

Скъоладзаутæ куыд стырдæр кæнынц, афтæ ныхасы рæзтыл куыстытæ дæр кæнынц вазыгджындæр. Куыдфæстæмæ хорз фæарæхсынц литературон уацмыстæм гæсгæ нывæцæнтæ фыссынмæ дæр.

Стыр ахъаз сты ныхасы рæзтыл куысты цæстуынгæ æрмæг, алыхуызон хъæзтытæ, уымæн æмæ сабитæй домынц сæ хъуыдытæ дзурын. Цæстуынгæ æрмæджы фæрцы скъоладзаутæм фæзыны æвзагæй пайда кæныны зонындзинæдтæ практикон æгъдауæй царды мидæг, уыимæ ахуыры процесс дæр свæййы цымыдисагдæр. Цæмæй саби дзырд хуыздæр бахъуыды кæна, уый тыххæй йæ ныв хъуамæ æдзухдæр йæ цæстыты раз уа, кæнæ та ныффидар уа йæ зонды.

Архайын хъæуы, цæмæй сывæллæттæ арæхсой æмхæст текст хи ныхæстæй дзурын дæр æмæ ныффыссын дæр. Уый у махæн нæ сæйрагдæр хæс.

# АРВИСТОН

## ЦИТАТÆТÆ

* * *

Нырыккон æхсæнад у фæйнæхуызон системæтæй арæзт. Уыдонæй иу дæр æххæст нæу, фæлæ тырны дунейы фыццаг бынат бацахсынмæ. Антонио Мачадо зæгъид: иу дзы иннæйы аныхъуырынмæ хъавы. Системæтæ дунейы адæмты æвæрынц кæрæдзи ныхмæ, æмæ хицæн адæймæгтæй алкæй буары дæр ис дыгай хæйттæ, дыгай æрдæгадæймæгтæ. Уыдон хæцынц кæрæдзиимæ, уымæн æмæ сæ алчидæр йæхи нымайы æнæхъæн æмæ иу адæймагыл. Гъемæ уыцы хъуырдухæн-тохæй цы рауайы? Ницы. Афтид, тутт цыдæр – нæхæдæг нæхи ницæуылуал фæнымайæм... Æнахъинон тыллæг æрæвзæры уыцы уавæрæй: хъаугъа-тохтæй планетæ йæ сæрæн нал у, адæймаг ныххайгæйттæ, фрагмент дзы рауади. Системæ йæ уды быцъынæг скъуыны æрдæгрæстдзинад æппæтдунеон рæстдзинадыл банымайынмæ. Уый та къухы бафтдзæни, царды дæ зæрдæмæ чи æмæ цы нæ цæуы, уымæ дæ чъылдым куы раздахай, æрмæстдæр уæд. Æцæг универсалон дунейæн уæвæн ис, хицæн адæймæгты куы нымайай, дæхи хуызæн куы нæ уой, уæддæр сын аргъ куы кæнай, уæд... Сæрибар лæгдыхæй тъысс, амонд тыхмийы фæрцы араз, уый куыд у? Политикон кусджытæ ныры хуызæн виртуозон никуыма уыдисты, ныры хуызæн æгъатыр никуыма уыдисты.

***Октавио Пас**, мексикæйаг поэт,*
*Нобелы премийы лауреат*

* * *

Æрмæстдæр идиоты бон у афтæ хъуыды кæнын: Америк бады æмæ Уæрæсе байсыныл тæрхæттæ хæссы. Цы сæрнизæн æй хъæуы Уæрæсе?! Хæринагæй йæ æфсадой?! Йæ бирæ проблемæтæ æмæ йын йæ парадокстыл сæ сæртæ риссын кæной?! (...) Коррупци нæм йæ уидæгтæ афтæ арф ауагъта, афтæ дæрдтыл ныззылдис,

æмæ ма адæргæй «фæдис» хъæр кæнæм, æндæр нæ бон ницыуал у. Хицæуттæм-чиновниктæм æрмæст ис иу хъуыды: цалынмæ къæбицмæ æввахс дæн, уалынмæ цырд æвналон, мæ бон, мæ авналæнтæ цас сты, уыйас пъæнæзау мæхирдæм хафон, ссивон. Коррупцион системæ паддзахады цементау нықъкъæй кодта æмæ йын æппындæр рæзыны фадат нал дæтты. Уымæ гæсгæ къуылымпыгæнджытæн сæ фылдæры ивын хъæуы, ноджы хуыздæр та уаид, се 'ппæты дæр баив, уæд.

***Эдуард ТОПОЛЬ,***
*АиФ, 2011, №37*

* * *

Æвзæрстытæ куыд ацыдысты, уый сбæрæг кæнын хицауады бар куы ныууадзæм, уæд афтæ уайы, цыма сæгъæн къабускайы хуым хъахъхъæнын бафæдзæхстам.

***Новая газета****, 2011, № 123*

* * *

Рæстæмбис нымадæй мæйы мызд Эстонийы 1991 азы уыди 7,35 евройы, ныртæккæ та – 792 евройы. «Советон хицаудзинад Эстонийæн мисхалы бæрц дæр хорзæй ницы сарæзта! Уый уыди диктатурæ, æлхъывдæй нæ дардта, цъист нæ кодта, – зæгъы Тоомас Хендрик Ильвес, Эстонийы президент. – Æрмæст нын зиан хаста. Советон Цæдис куы нæ уыдаид, уæд афонмæ, тынг чи райрæзт, ахæм бæстæ уаиккам. Ныр дæр размæ хорз акъахдзæфтæ кодтам, фæлæ тæккæ райдайæны НАТО-йы æмæ Евроцæдисы фыццагдæр уæнгтæ суыдаиккам».

***АИФ****, 2011, № 37*

* * *

Национ автор абон æппæтуæрæсеон литературон процессы нæ архайы. Бæстæйы алы рæтты иугæндзонæй къаддæргæнгæ цæуынц мадæлон æвзæгты программæтæ, национ æвзæгтыл чингуыты нымæц дæр иудадзыг цæуы куынæггонд. Национ æвзæгты уавæр тагъд рæстæджы уымæ æрцæуæдзæн æмæ ма дзы пайда кæндзысты æрмæст цæлгæнæнты. Æргом дзургæйæ, æз иу национ республикæ дæр нæ зонын, билингвизм парахатæй кæм æрфидар. Махмæ ма нæхи 'взагыл æрмæст зарджытæ кæнынц...

Боныфæстагмæ национ чиныгкæсæг фæиппæрд вæййы йæ автортæй.

***Вячеслав Ар-Серги,** Удмуртийы адæмон фыссæг.*
***ЛГ,** 2011, 10–16 август*

* * *

Адæймаджы æгадмæ чи тæры, уыцы аиппытæн сæ тæккæ æнаккагдæр у хиуарзондзинад. Хи æгæр бирæ уарзыны миниуæг адæймаджы æркæны æппæты æвирхъаудæр фыдракæндтæм.

***Уильям Теккерей***

* * *

Паддзахад йæ ныхмæ арæзт литературæ куы цъист кæна, уæд уымæй зиан хæссы, йæ фарс чи хæцы, уыцы литературæйæн – сæтты йын йæ тых, кæны йæ æнæдæндаг, æнæмидис.

***Бертольт Брехт***

* * *

Рæстдзинад базонынмæ тырнæг ахуыргонд мæгуыр дарæсы цæуынæй æмæ цауд хæринæгтæ хæрынæй æфсæрмы куы кæна, уæд йемæ ницы ныхасаг и.

***Конфуций***

* * *

Æвзаг цардæгас кæм у, дзырдтæ кæмдæриддæр ис, уым цæры поэзи, æрмæст æй фыццаг æркастæй нæ раиртасдзынæ. Æвзагæн йæхи буаргъæд дæр, стæй хъуыдытæ нывæст сты метафорæтæй... Поэзи ис алы ран дæр, гъе, æрмæст æй æвзæр поэттæм не ссардзынæ.

***Поль Клодель***

* * *

Æркæсæм-ма абоны уавæрмæ. Диссертаци æмæ диплом дæр балхæнæн ис, зæгъæм, дохтыры диплом Гиппократы ардбахæрдимæ. **Уæрæсе ссис æлхæд дипломты бæстæ...** Æрыгон адæймаг хъуыды кæны: аудиториты мæхи цы удхарæй марон, экзаментæ

цæмæн дæттон, кæд æмæ мын хъæздыг мад æмæ фыд ис? Уыцы хъуыды йын йæ сæры ныййарджытæ сæхæдæг нытътъыстой, уымæн æмæ сæ зæрдиагæй фæнды сæ сывæллоны хорз фидæн. Уыдон йæ бæсты бауынаффæ кодтой, дарддæр ын цы кæнгæ у, ууыл.

***Даниил Гранин***

* * *

Æвзаг у историйæн бындур æвæрæг фæрæз. Æвзаг историйы рæзтимæ нæ фæзыны, фæлæ историйæн развæдгæнæджы хуызæн у.

***Владимир Микушевич***

## ГАЗЕТТÆЙ ИСТ ФАКТТÆ

♦ Зивæг у, ныййарджытæй цотмæ чи цæуы, ахæм низ (ома генетикон низ).

♦ Уæрæсейы цы дарæс уæй кæнынц, уымæн йæ 80 проценты у импорт.

♦ М. Каддафи йæ резиденцийæ алидзыны агъоммæ ауæй кодта 30 тоннæйы сызгъæрин.

♦ Европæйæгтæн сæ 40 проценты сты психикон низтæй рынчын.

♦ Украинæйы криминалон центрыл нымад у Севастополь.

♦ Англисы дохтыртæ сæ премьер-министрæй фылдæр мызд исынц.

♦ Хицауад адæмæй дард у. Афтæ нымайынц уæрæсейæгтæн сæ 70 проценты.

♦ Уæрæсейæгтæн сæ 48 проценты фæнды, цæмæй паспорты фыст æрцæуа графа: «Кæцы нацийæ у?»

♦ Йæ уæз иу тоннæ кæмæн у, ахæм сызгъæрин æхца сарæзтой Австралийы.

♦ Психологты амындæй мæскуыйаг лифтты æвæрын райдыдтой айдæнтæ. Уый руаджы фæкъаддæр сты æнæуаг митæ: æвæццæгæн, æгъдаухалæг айдæны йæхи куы фены, уæд йæ ныфс нал бахæссы цъаммар митæм.

♦ Мæскуыйы Кутузовы проспекты 26 хæдзары сæрмагонд

лифт арæзт æрцыди СЦКП-йы ЦК-ы генсек Леонид Брежневæн.

♦ 1995 азæй 2005 азмæ Уæрæсейы урологион низтæй чи амард, уыдоны нымæц фæци 9,6 проценты фылдæр. Урологион низтæй рынчынты нымæц та 20,3 проценты фылдæр фæци.

♦ Уæрæсейы дуканиты æмæ базарты цы фæткъуытæ уæй кæнынц, уыдонæн сæ 80 проценты сты фæсарæйнæгтæ.

♦ 2002 азы Уæрæсейы сылгоймæгтæ нæлгоймæгтæй уыдысты 9,5 милуаны фылдæр, 2010 азы та – 10,6 милуаны фылдæр фесты. Аст азмæ бæстæйы адæмы нымæц фæци 2,2 милуаны къаддæр.

# ЦÆРÆГОЙТЫ УАРЗОНДЗИНАД

## Альбатрос

Альбатростæ сты денджызон мæргътæ. Бирæ мæйты дæргъы океаны æгæрон тыгъдады фæратæх-батæх кæнынц, стæй нæл альбатрос былгæрон æрбады æмæ æнхъæлмæ фæкæсы йæ уарзонмæ. Цалдæр боны иумæ арвитынц. Уый фæстæ сыл альбатрос иу айк æрæфтауы, æмæ йыл радыгай фæбадынц 80 боны. Лæппын хъузгæй куы рахизы, уæд æй хъомыл кæнын райдайынц иумæ. Лæппын сыстыр вæййы æмæ мад æмæ фыды ныууадзы. Уыдон фæхицæн вæййынц афæдзы æмгъуыдмæ. Стæй та ногæй фембæлынц. Æрмæстдæр мæлæты бон у сæ фæхицæн кæнын. Сыл альбатросыл исты куы ʻрцæуа, уæд нæл ног къай нал бацагурдзæни – идæдзæй батоны йæ царды бонтæ.

## Ламæ

Нæл ламæйæн бирæ устытæ вæййы. Уыдон ыл афтæ æнувыд сты, æмæ, нæл фæцæф ис, уый куы ауынынц, уæд æм æххуысмæ батагъд кæнынц, цуанæтты æхстытæ дæр ницæмæ фæдарынц, афтæмæй. Фæлæ сылтæй исчи ахæм бæллæхы бахауди, зæгъгæ, уæд нæл ламæ йæ бирæ устытимæ лидзæг фæвæййы.

## Хæлуарæг

Сыл хæлуарæг нæлæй бирæ стырдæр у. Гъемæ хатгай афтæ дæр рауайы: сыл куыддæр нæл хæлуарæгимæ йæ хъуыддаг бакæны, афтæ йæ «уарзон лæджы» бахæры.

### Хъæдхой

Нæл æмæ сыл хъæдхойæн сæ уарзондзинады хъæзтытæ куы ахицæн вæййынц, уæд тагъд-тагъд ахстон ацаразынц, æмæ сын 10 бонмæ лæппынтæ рацæуы. Схъомыл сæ кæнынц, стæй бынтондæр ахицæн вæййынц. Фæлæ цалынмæ иу бинонты цардæй фæцæрынц, уæдмæ дæр кæрæдзиуыл æнувыд нæ вæййынц: ахстонмæ сæ иу куы 'рбатæхы, уæд иннæ уайсахат йæхи айсы.

### Бирæгъ

Сырдты 'хсæн бинонтыл æппæтæй иузæрдиондæр у бирæгъ. Уыимæ балæй алкæцыййыл дæр ауды зæрдиагæй. Йæ туг, йе стæджы тыххæй цæттæ у марынмæ дæр, стонгæй цæрынмæ дæр, йæ уд раттынмæ дæр. Уымæ гæсгæ балбирæгътæ тынг тæссаг сты: сæ балæй сын искæй куы амарай, уæд тох самайынц фæстаг туджы 'ртахы онг. Балы сæргъы лæууынц нæл æмæ сыл бирæгъ. Бинонты нымæц вæййы 6–7, хатгай та 15 дæр.

### Æцæг рыцæр – леопард

Нæл леопард исты куы амары, уæд цалынмæ йæ цардæмбал бафсæда, уæдмæ холымæ нæ бавналы. Зындгонд цуанон æмæ фыссæг Джон Хантеры чингуытæй иуы ахæм хабар ис: «Маргхъæстæ холы нывæрдтон сыл леопарды фæндагыл. Уый дзы бахордта æмæ амард. Йæ цуры хуыссыд йæ цардæмбал, йæ сæр ын рæвдауæгау йæ гуырыл сæвæрдта, афтæмæй. Мæн куы федта, уæд фæгæпп ласта, фæлæ дард нæ ацыди. Боныфæстагмæ æххормагæй амард йæ цардæмбалы фарсмæ: хъахъхъæдта йæ фæстаг сулæфты онг».

## БОНДЖЫНТÆ, ЧЪЫНДЫТÆ ÆМÆ ИННÆТÆ

*(Вьетнаймаг фольклорæй)*

### Хъæздыг лæджы хъæзтытæ

Иу хъæздыг зæронд лæг мæгуыры фæрсы:
– Æвзист æхцатæ дын мин куы раттон, уæд фыр надæй амæлыныл сразы уыдзынæ?

Мæгуыргур æнæбары бахудт æмæ афтæ:
– Фæлтау мын мины ‘рдæг ратт æмæ мæ афтæ фæнæмын кæн, æрдæгмард куыд фæуон.

## Зындоны бынæттæ кæмæн ис

Йæ сæдæ бызгъуыры иу халыл кæмæн хæцыдысты, йæ царм йе стджытыл кæмæн ныхъхъæбæр, иу ахæм лæг курæг бацыди хъæздыг хæдзармæ. Хъæздыг ын ницы радта, ноджы ма йын алывыд акалдта:
– Дæхи дзæбæхæй айс мæ хæдзарæй! Чи дæм бакæса, уый зæгъдзæнис, ацы лæг зындонæй раирвæзти! –
Мæгуыр лæг ын ахæм дзуапп радта:
– Æцæгæй дæр зындонæй рацыдтæн.
– Гъемæ кæд зындоны уыдтæ, уæд ма цæмæн раздæхтæ? Адæмы мæстæй марынмæ?
– Цæрæн дзы нæй, – загъта мæгуыр лæг, – æмæ рацыдтæн. Хъæздгуытæй йемыдзаг у, æмæ дзы бынат нал и.

## Чи хъуамæ кæна цæстмæмитæ

Иу бонджын лæг мæгуырæн афтæ:
– Хъæздыг кæй дæн, мингай сызгъæрины къæрттытæ мæм кæй ис, уый куы зоныс, уæд мын цæстмæмитæ, зæрдæлхæнæнтæ цæуылнæ кæныс?
– Хъæздыг дæ, сызгъæринтæ дæм ис, уый мæнмæ цы бар дары?
– Мæ мулкæн дын йе ‘мбис ратдзынæн, кæд мын цæстмæмитæ кæнай, уæд. Разы дæ?
– Афтæ куы бакæнай, уæд æз дæр дæу хуызæн хъæздыг суыдзынæн æмæ ма дын хъуамæ зæрдæлхæнæнтæ цæмæн кæнон?
– Мæ мулк дын æнæхъæнæй куы раттон, уæддæр не сразы уыдзынæ мæ фæндоныл?
Уæд мæгуыр лæг бахудт æмæ афтæ зæгъы:
– Уæд та æз нæ, фæлæ хъуамæ ды мæнæн кæнай зæрдæлхæнæнтæ æмæ цæстмæмитæ.

## Давæг

Иу лæджы давды тыххæй æрцахстой. Йæ хъуырыл ын къодах æрцауыгътой æмæ йæ тæрхондонмæ фæцæйкодтой. Фæндагыл æй иу цымыдис лæг афарста, цы фыд ракодтай, зæгъгæ.

– Фæндагыл бæндæн уыди, систон æй æмæ йæ рацæйхастон. Гъемæ мыл уый тыххæй къодах æрцауыгътой, – æнаххосæй кæй бафхæрдæуыд, ахæм адæймаджы хъæлæсæй загъта къæрных.

Уæд фæрсæг ноджы тынгдæр сцымыдис:

– Ау, лæг фæндагыл бæндæн куы ссара, уæд æй уый тыххæй æфхæрын хъæуы?

– О, фæлæ уыцы бæндæныл цыдæр баст уыд, – æнæбары загъта лæг.

– Уагæр ыл цавæр диссаг баст уыди?

Къæрных ын афтæ:

– Къамбец, къамбец...

## Бæхы бæсты

Иу бонджын лæг йæ уазджытимæ фынджы уæлхъус бадт. Уалынмæ йæм йæ лæггадгæнæг фыстæг æрбахаста:

– Лæг дзуапмæ æнхъæлмæ кæсы дуармæ.

Ныр бонджын лæг та бынтон æнахуыргонд уыд, иу иероглиф бакæсын дæр нæ фæрæзта. Фæлæ уазджыты раз куы фæхудинаг уон, зæгъгæ, фыстæг райхæлдта æмæ йæ «кæсын» байдыдта. Стæй уыцы хъуыддагхуызæй афтæ фæкодта:

– Лæгæн зæгъ, æвæстиатæй, зæгъ, ацу æмæ дæ хицауæн радзур, дæ курдиат дын сæххæст кæндзæн: куыддæр мын фадат фæуа, афтæ сæмбæлдзынæн йæ хæдзары.

Лæггадгæнæг уый куы фехъуыста, уæд фыццаг йæ къæбут аныхта, стæй та йæ фæсхъус æмæ загъта:

– Уазæг мын мæ хъусы бадзырдта, бæх курæг, дам, дæн. Ау, мæ дзæбæх æлдар, бæхы бæсты дæхæдæг ацæудзынæ?

## Æлдар æмæ йе ‘ххуырст

Иу лæг æлдармæ æхxуырсты бацыд. Æлдар ын зæрдæ бавæрдта, дæс азы фæстæ, дам дын дæ мызд бафиддзынæн æмæ дæ ауадздзынæн. Фæлæ æмгъуыд куы ахицæн, уæд æлдар сфæнд

кодта æххуырстыл хинæй рацæуын. Нарæг æмæ цыбыр хъæццул æм радта æмæ йын загъта:

– Ацы хъæццулæй мæ кæд мæ сæрæй мæ къæхтæм бамбæрзай, уæд дын де 'хца æнæхъæнæй ратдзынæн, кæд нæ, уæд та дыууæ хъуыддагæй иу равзар: кæнæ афтидармæй ацæудзынæ дæ хæдзармæ, кæнæ та ма дæс азы мæнмæ кусдзынæ, стæй дын ссæдз азы мызд иумæ бафиддзынæн.

Æлдар сынтæгыл æрхуыссыд, йæ къæхтæ адаргъ кодта. Даргъ лæг уыд, æмæ йыл цыбыр хъæццул куыд аххæссыдаид? Æххуырст бæргæ архайдта, фæлæ йын дзы ницы уад: къæхтæ бамбæрзы, æмæ гуыр гомæй аззайы, гуыр бамбæрзы, æмæ къæхтæ фегом вæййынц. Уæд ахæм мадзал æрхъуыды кодта: æлдары йæ бæрзæйæ уæрджыты онг бамбæрзта, стæй лæдзæг райста æмæ дзы лæджы къæхтæ ныддаудта. Уый йæ къæхтæ хъæццулы бын амбæхста, ныттымбылтæ, æмæ йæ буар нал зынд. Афтæ æрхъуыдыджын æххуырст фæуæлахиз чъынды æлдарыл.

## Бабызыл – бæхбадт

Иу чъынды лæгмæ уазæг æрбацыди. Фысым ын йæ мæгуыры хъæстытæ кæнынмæ фæци:

– Арæх мæм нæ цæуыс, æмæ дæ æфсæрмы кæнын, фæлæ дæ цæмæй хорз фенон, уый мæм нæй.

Фысым уыдæттæ куыд дзырдта, афтæ кæртæй кæрчыты хъуыдатт æмæ бабызты бапп-бапп райхъуысти.

Уазæг дæр дын куы фæцырд уаид:

– Æз бæхыл æрбацыдтæн. Дæ лæггадгæнджытæн зæгъ: аргæвдæнт æй, æмæ хорз фæминас кæнæм.

– О, фæлæ дард цæрыс æмæ ма фæстæмæ цæуыл ацæудзынæ?

– Уый тыххæй ма тыхс, – дзуапп ын радта уазæг. – Бирæ бабызтæ дæм куы ис. Се стырдæр мын авæрдзынæ, æз ыл бæхбадт акæндзынæн, æмæ мæ уайсахат мæ хæдзармæ бадавдзæни.

## Фæлитойты ныхас

Дыууæ фæлитойы уынджы сæмбæлдысты. Иу дзы иннæмæн æппæлы:

– Ахæм уынаг дæн, ахæм, æмæ дунейыл дыккаг мæ хуызæн

нал разындзæн. Уалæ хохы сæр цы бæлас ис, уый къалиуыл мæлдзыг куыд фæхилы, уый дæр уынын. Суанг ма йын йæ рихитæ æмæ йæ къæхты змæлд дæр иртасын.

Уæд ын иннæ фæлитой афтæ загъы:

– Худæгæй марыс, мæ лымæн. Ды йын йе змæлд уыныс, æз та уыцы мæлдзыгæн йæ рихиты сыр-сыр æмæ йæ къæхты сыбар-сыбур дæр хъусын.

### Цины кафт

Иу лæг, – зыд æмæ кæрæф чи уыд, ахæм, – йæ усæй тынг тарст. Гъемæ иуахæмы ус базармæ куы ацыд, уæд къæбицæй картæфтæ раскъæфта æмæ сæ уæларт авæрдта! Куыддæр сфыхтысты, афтæ дын усæн дæр йæ къæхты хъæр куы 'рбайхъуысид. Лæг фæтарст æмæ талф-тулфæй картæфтæ йæ хæлафы дзыппы авæрдта. Тæвд картæфтæ йын йæ буар судзынц, æмæ лæг фыр адæргæй ратас-батас кæны, йæ мидбынаты гæппытæ систа.

Усмæ уый худæг фæкаст æмæ йæ фæрсы:

– Мæлхъ мусы куы кафа, уыйау цы сцырын дæ?

– Де 'рбацыдыл цин кæнын æмæ иу ран лæууын мæ бон нæу...

* * *

| | |
|---|---|
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |
| *Компьютерная верстка* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |

* * *

*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.*

*Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00038 от 30 декабря 2010 г.*

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

*Учредитель: Министерство культуры и массовых коммуникаций РСО-Алания.*

*Подписано к печати 19.03.12. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1000 экз. Заказ № 82. Цена свободная.*

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru. Тел. 25-09-64; 25-09-74; 25-22-47.*

*Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»*
*РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.*

*БЕСТАУТЫ Гиуæрги*

* * *

Æз дыууæ цæсты зонын зæххыл,
Иунæг уыдоны райдзаст æрфæнты
Райгæ фембæлын боны цъæхыл
Æмæ хуры сызгъæрин гуылфæнтыл.

Æз дыууæ цæсты зонын зæххыл,
Зæгъгæ, иу уысм дæр не сты мæ цуры, –
Арв мæ сæрмæ мæйдарæй тæхы, –
Æмæ стъалытæй раивы хуры.

Æз дыууæ цæсты зонын зæххыл,
Амонд уыдоны даргъ хаутæй барын,
У мæ удæн сæ рæвдыд, сæ хыл,
Цин, æнкъард сагъæс, рухс æмæ талынг.

*БЕСТАУТЫ Гиуæрги*

## ГЪÆЙ-ДЖИДИ!

Гъæй-джиди, мæн уыцы чызг куы уарзид,
Снывгæнæн кæй уæнгты кондæн нæй,
Уый мæнæн йæ рухс зæрдæ куы раттид, –
Амондджындæр чи уаид мæнæй!

Раскъуынин ын къабайаг цъæх арвæй,
Скæнин ын Æрфæныфæдæй рон,
Буц æй дарин булæмæргъы зардæй,
Цинæн ма кæм уаид, кæм, кæрон!

Уымæн æз йæ даргъ мыдхуыз дзыккутæ
Ме 'нгуылдзтæй фæлæгъз кæнин фæлмæн.
Чи зоны, йæ хъамбулджын цæстытæ
Уарзонадæй басудзиккой мæн.

Ахæм кады зарæг ыл ыскæнин, –
Мигъæмбæрзт æнусты дæр нæрид.
Царды йæ мæ уæлныхты фæхæссин,
Уый фæстæ мæ зарæджы цæрид.

Индекс 73247